*Рик Джойнер*

# Соңғы Сауаш

*Соңғы күнлерде Қудай хызметине шақырылғанларға*
*Оның жиберген хабары ҳәм жол-жобасы*

**Астана**
**Теофил**
**1998**



Бул аўдарма қарақалпақ халқында соңғы күнлерде Қудай хызметине шақырылған Оның таңлаған хызметкерлерине арналады.

**«Шақырылғанлар көп, бирақ таңланғанлар аз»**

(Мухаддес Китап, Жаңа Келисим, Матта жазған Хош Хабардың 20-бабы, 16-аяты).

Астана 1998

# С О Ң Ғ Ы   С А Ў А Ш



## М А З М У Н Ы:


**Биринши бөлим ............................................ 5**

**Екинши бөлим ............................................ 24**

**Үшинши бөлим ............................................ 46**

**Төртинши бөлим ............................................ 69**

**Бесинши бөлим ............................................ 96**

# 1 - БӨЛИМ

## Соңғы Саўаш

Көз алдымда шайтанның армиясы пайда болды. Ол соншелли дәрежеде үлкен еди, мен оның я артқы тәреплериниң, я қапталларының қай жерлерде тамамланғанын көре алмадым. Ол түрли-түрли дивизионлардан қуралған болып, хәр-бир дивизионның өз аты хәм өз байрағы бар еди. Мен армияның алдыңғы тәрепиндеги ең қүдиретли дивизионларын хәм олардың атларын көре алдым. Олардың атлары «Менменлик», «Өзин-өзи ақлаў», «Өзимшиллик», «Даңқпаразлық» хәм «Наҳақ ҳүким» еди. Бирақ саны жағынан ең үлкени «Көре алмаўшылық» деп аталатуғын дивизион еди. Бул оғада үлкен армияның патшасы «Туўысқанларды Айыплаўшы» деп аталатуғын шайтанның өзи еди. Мен еле көре алмай турған басқа да жаўызлық дивизионларының бар екенлигин билдим. Мениң көргенлерим болса, қорқынышлы дозақ армиясының тек алдыңғы бөлеги ғана болып, бул үлкен армия Қудайдың жәмәәтлерине қарсы шыққан еди.

Бул армияның қуралларының хәр қайсысының өз мақсетлери бар еди. Қылышлары – қорқытыўды, Найзалары – қыянет етиўди, Оқлары – айыплаўды, өсекти, жаланы хәм алаўызлық туўғызыўды пайда етиў ушын жинлердиң қолларында еди. Киши топарда бириккен жинлер «жансызлар» болып, олардың атлары «Қабыл етпеўшилик», «Қапашылық», «Шыдамсызлық», «Кеширмеўшилик», «Нәпси» хәм «Бузықшылық» еди хәм олар душпан армиясының баслы ҳүжиминен алдын таярлық ислерин алып барыў ушын, армияның алдына жиберилген еди. Жәмәәт бундай күш пенен

бурын ҳеш қашан дусласып көрмегенин ишимнен билип турдым.

Бул армияның ең баслы жумысы «Бөлиниуди » пайда етиў еди. Ол барлық қарым-қатнасықларға: жәмәәтлер ортасындағы, шопанлар ҳәм қойлар арасындағы, ерли-зайыплар арасындағы, ата-аналар менен балалар арасындағы, ҳәтте, балалардың өзлери арасындағы қарым-қатнасқа ҳүжим етиўге жиберилген еди. Жансызлар жәмәәтлердеги, үйлердеги ҳәм адамлар арасындағы ҳәлсиз жерлерди: «Қабыл етпеўшилик», «Қапашылық», «Кеширмеўшилик», «Нәпси» ҳтб сондай нәрселер бар жерлерди анықлаўы тийис еди.

Бул көринисте мени ең таң қалдырған нәрсе – бул көп санлы душпан әскерлери атлардың үстинде емес, ал исениўшилердиң үстинде еди. Бул исениўшилердиң көпшилиги жақсы кийинген ҳүрметли адамлар болып, сыртынан қарағанда сымбатлы ҳәм саўатлы адамлардай еди. Олар өз өмиринде қараңғылық күшлерине жол ашып бергенлер болып, оларды душпан пүткиллей ийелеп алған еди. Душпан оларды жүдә аңсат басқарар ҳәм олар «бизлерди Қудай пайдаланып атыр» деп ойлар еди. «Өз-ара бөлинген үй тура алмаслығын» билген Айыплаўшы шайтан ҳәм оның армиясы жәмәәтлерди сондай дәрежеде бөлиўге урынып атырған еди, нәтийжеде, жәмәәт Қудайдың мийриминен толық айырылыўы мүмкин еди.

## ТУТҚЫНЛАР

Биринши дивизионлардың артында жүдә көп сандағы исениўшилер киятырған болып, олар бул армияның тутқынлары еди. Олардың ҳәммеси жараланған болып, оларды «Қорқыныш» дивизионының кишкене жинлери басқарып турған еди. Тутқынлардың саны бул армиядағы жинлердиң санынан көптей еди. Мени ҳайран қалдырған нәрсе - бул тутқынлар қолларына

қылыш ҳәм қалқан услаған болып, бирақ олардан пайдаланбас еди. Және де мени таң қалдырған нәрсе, бул сондай көп сандағы тутқынлар қорқыныштың кишкене бир топары тәрепинен ғана қорғалып, егер олар өз қуралларынан пайдаланғанда, жинлерди аңсат ғана жеңген ямаса қуўған болар еди.

Тутқынлардың үстиндеги аспан - «Түскинлик» деп аталатуғын қара қуслардың көплилигинен қара түске боялып турған еди. Бул қара қуслар тутқын болған масиҳыйлардың ийинлерине қонып алып, олардың үстине қусықларын қайт етер еди. Бул қусықтың аты «Ҳүким етиў» еди. Тутқын қусықты жеген гезде, ол орнынан турып, бираз исенимли түрде алға жүрип, соңынан бирден жерге қулар ҳәм бурынғыдан да бетер әззиленер еди. Мен болсам, тутқынлар не ушын қолларындағы қылышлары менен қусларды өлтирмей атырғанына аң-таң болдым.

Арасында ҳәлсиреген тутқын сүрнигип жерге қулар еди. Сонда қасындағы басқа тутқынлар оны жаман сөзлер менен мысқыллап, қылышларының ушын оған тығар еди. Кейин қара қусларды шақырып, олар жығылған тутқынды өлемен дегенше шоқып жер еди.

Бул тутқын болған масиҳыйлар «Ҳүким етиў» деп аталатуғын қусықты «Қудайдың ашып бергени» деп ойлар еди. Кейин мен бир затты түсиндим: бул тутқынлар өзлерин ‘анық Қудайдың армиясында кетип баратырмыз’ деп ойлар еди. Әне, соның ушын да, олар «Қорқыныш»тың кишкене жинлерин де, қара қусларды да өлтирмес еди. Себеби оларды ‘Қудайдың жиберген елшилери’ деп ойлар еди. Қара қуслар бултынан пайда болған «қараңғылық» тутқынларға ҳеш нәрсени анық көрсетпес еди. Олар басларына түсип атырған затлардың бәрин ‘Қудайдан келген затлар’ деп гөдеклерше қабыл етер еди.

Тутқындағы масиҳыйлардың бирден бир аўқаты – қара қуслардың қайт еткен қусықлары еди. Оны жеўден бас

тартқанлары болса, сондай дәрежеде ҳәлсиреп, ақыр-соңында жерге қулар еди. Оны жегенлер болса, күш алар еди. Бирақ бул жаўызлық күши еди.

Кейин олар да басқалардың үстине қусықларын қайт қылып баслады. Егер тутқын усындай қылып басласа, жинге оны ертлеўге рухсат етилди ҳәм сол тутқынды шайтан армиясында жоқарыға көтерип, алдыңғы дивизионларға өзгертти.

Қара қуслардың қайт еткен қусықларынан да жеркенишлирек нәрсе – бул жинлердиң дәретлери болып, олар оны өзлери мойнына минип жүрген адамлардың үстине шығар еди. Бул жабысқақ батпақтай болған дәреттиң аты «Менменлик» ямаса «Мақтаншақлық» болып, ол - сол дивизионның негизги күши еди. Бирақ соған қарамастан, бул батпақты жегенлер «Ҳүким етиў» қусығын жегенлерге қарағанда, өзлерин анағурлым жақсырақ сезер еди. Соның ушын олар жинлерди «Қудайдың жиберген елшилери» деп, ал бул жабысқақ батпақты «Мухаддес Руўхтың майланыўы» деп, аңсат исенетуғын еди.

Усы ўақытта мен Ийемниң даўысын еситтим: **«Бул соңғы күнлердеги душпан армиясының алдыңғы бөлими. Шайтанның барлық жалғанының негизи - сол. Оның ең баслы қырғын қылыўшы күши – масиҳыйлар бир-бирине ҳүжим етип баслаған ўағытта ғана жүзеге шығады. Ол барлық дәўирлерде бул армиясынан пайдаланып келди, бирақ ҳеш қашан бундай көп сандағы масиҳыйларды тутқын қылып, өз мақсетине пайдалана алған жоқ еди. Қорқпа, Мениң де Армиям бар. Ҳәзир сен орныңнан турып, гүресиўиң тийис. Себеби бул урыстан қашып қутылып, бас panaлайтуғындай жер жоқ. Сен Мениң Патшалығым ушын, Ҳақыйқатлық ушын ҳәм жалғанның тутқыны болғанлар ушын гүресиўиң керек».**

Бул жаўызлық армиясының менде сондай жеркениш пенен түсинбеўшиликти ояткқанлығы соншелли, мен бундай дүньяда жасағаннан гөре, өлгенди абзал көрип кеттим. Бирақ Ийемниң сөзи мени сондай дәрежеде жигерлендирип жиберди. Мен, дәрҳал, тутқын болған исениўшилер маған қулақ асар деп ойлап, оларға бақыра басладым. Мен бақырған ўақытта пүткил армия бурылып, маған тигилип қарағандай болып көринди. Мен сонда да бақырыўды даўам еттим. Мен исениўшилердиң көзи ашылып, өзлери менен не болып атырғанлығын түсинеди деп ойладым. Бирақ, буның орнына олардың көпшилиги мени атыў ушын оқларына жантаса баслады. Басқалары маған не қыларын билмей ойланып турды. Сонда мен буны ўақтынан бурын ислегенимди түсиндим ҳәм бул жүдә аянышлы қәте болған еди.

## УРЫС БАСЛАНБАҚТА

Кейин мен бурылып, артымда турған Ийемиздиң армиясын көрдим. Ол мыңлаған әскерлерден қуралған еди. Деген менен, бизлер айтарлықтай аз едик. Тек гей бир масиҳыйлар ғана саўыт-қуралларына толық кийинген, ал қалғанлары болса саўыттың тек гей бир бөлеклерин ғана тағынған еди. Көпшилиги әлле қашан жарадар болыпты. Саўыт-қуралларын толық тағынғанлардың көпшилигиниң қалқанлары жүдә кишкене болып, бул қалқанлар оларды алдында күтип турған душпанның қәҳәрли ҳүжиминен қорғай алмас еди. Қудайдың армиясының басым көпшилиги ҳаяллар менен балалардан қуралған еди.

Бул армияның артында да, жаўызлық армиясының артында киятырған тутқынлар сыяқлы, көп адамлар киятырған еди. Бирақ олар кӧриниси жағынан басқаша еди. Олар бахытлы ҳәм кеўли тоқ көриниске ийе болып, ойынлар ойнар, қосықлар айтып байрамлар ҳәм бир топардан екиншисине асықпастан қыдырып жүрер еди. Бул маған бийпәрўалық атмосферасын

елеслетти. Мен ҳәзир тойлайтуғын ўақыт емес екенлигин, урыстың көзди ашып жумғанша басланайын деп турғанын айтып, оларды ескертпекши болдым. Олардың бақырысқан улы шаўқымы үстинен даўысымды қатты шығарып бақыра басладым. Деген менен, олардың тек бирең-сараңы ғана мениң даўсымды еситти. Олар маған бармақлары менен «барлығы жақсы» деген «ОКей» белгисин көрсетип, урысқа исенбейтуғынын ҳәм оларға бир жаман нәрсе болыўына Қудай жол қоймайтуғынын айтты. Мен оларға Ийемиздиң бизлерге қурал-жарақларды бийкарға бермегенин, ал бир мақсет пенен бергенин түсиндирмекши болдым. Бирақ олар өзлериниң «Пал ҳәм сүт ағып турған жерге», яғный қашшан «өз тынышлығына ҳәм қуўанышына» кирип болғанын ҳәм енди оларға ҳеш қандай жаман нәрсе болмайтуғынын айтып, мени қайтарып таслады. Мен Ийемнен қураллары бар адамлардың исеним қалқанын үлкейтиўди ҳәм еле саўашқа таяр емеслерди қорғаў ушын бизлерге жәрдемлесиўин шын жүректен сорап басладым.

Сонда маған аспаннан бир елши келип, кәрнай усынды ҳәм оны дәрҳал шертиўимди буйырды. Мен қулақ салдым ҳәм аз болса да қуралланғанлар дәрҳал өзлерине келип, бир қатарға бойсынып дизилип турды. Оларға кемис болған қуралларды әкелип берди ҳәм олар тезден тағынып алды. Мениң нәзерим жарасы бар әскерлердиң өз жараларын саўыт пенен жаппағанына түсти, бирақ мен оларға бир зат деп еле айтып үлгермесимнен-ақ, үстимизге душпанның оқлары жаўындай болып жаўа басланды. Саўытларын толық киймегенлердиң барлығы жарадар болды. Өз жараларының үстин жаппағанлар қайтадан сол жерлеринен жарадар болды.

«Ҳүким етиў» оқлары тийген адамлар, сол заматта-ақ, жараланбағанлар үстинен ҳүким ете басланды. Кимге «Өсек айтыў» оқлары тийген болса, өсек айта басланды ҳәм тез арада бизлердиң армиямызда үлкен бөлиниў пайда бола басланды. Сол ўақытта шайтанның армиясы тәрептен қара қуслар ушып келип,

жарадар болғанларды жыйнап алып, өз тутқынларының лагерине алып кете баслады. Жарадарлардың қолларында елеге шекем қылышлары бар болып, олар бул жыртқыш қара қусларды аңсат урып түсириўи мүмкин еди. Бирақ, олар буны ислемеди, ал өзлерин қара қуслардың алып кетиўине өз ерки менен келисим берди. Себеби олар қасындағы басқа масиҳыйларға қатты ғәзепленген еди. Бизлердиң армиямыздың артындағы бийпәрўалық лагеринде болса, аўҳал буннан да жаманырақ еди. Ол жерде толық тәртипсизлик жүзеге келген болып, мыңлаған жарадарлар жерде қыйналып бақырысып жатар, ал жарақатланбаған адамлар өз көзлерине исенбей, лал болып отырар еди. Қара қуслар тезден оларға да ушып келип, барлық жарадарлар менен исенбеўшилик ҳалатында отырғанларды тутқынлыққа алып кете баслады. Биреўлер жарадарларға жәрдем бермекши болып, жыртқыш қусларды қуўды. Бирақ жарақатланғанлар соншелли ғәзепленген еди ҳәм жәрдем бермекши болғанларға доҳ урып, қасларына жолатпады.

Жарақат алмағанлардың көпшилиги бар күши менен саўаш майданын таслап қаша баслады. Дәслепки соқлығысыў соншелли дәрежеде ҳаўлықтырарлық болған еди, ҳәтте, менде де қашып баратырғанларға қосылыў ойы пайда болды. Кейин жүдә тез арада олардың гей биреўлери қайтадан саўаш майданына қайта баслады. Олар енди саўытларға толық кийинип, қолларына үлкен қалқанларды услап алған еди. «Той тойлаў» бийпәрўалық кейпи енди толық бел байлаўшылық ҳәм батырлық сезимлерине өзгерди. Олар дәрҳал қулағанлардың орынларын ийелей баслады. Ҳәтте қорғаныўдың жаңа дизбеклерин қурып, сапларға дизилисе баслады. Бул қалғанларға сондай үлкен жигер берип, барлығы өлгенше орынларында беккем турыўға ҳәм мәртлик пенен урысыўға бел байлады. Сол заматтың өзинде-ақ, бизлердиң артымызда жүдә үлкен үш периште пайда болды. Олардың атлары ИСЕНИМ, ҮМИТ ҳәм

СҮЙИСПЕНШИЛИК еди. Сонда бизлердиң хәр биримиздиң қалқанларымыз үлкейе баслады.

## ЖОЛ

Бизлерде мынадай қураллар бар еди: «Қудай Сөзи» деп аталатуғын қылышлар ҳәм «Библия ҳақыйқатлықлары» деп аталатуғын оқлар. Бизлер де оқларымызды атыўды басламақшы болдық, бирақ үстилерине жинлер отырып алған масиҳыйларға тийип кетпеўи ушын, қалай атарымызды билмей турдық. Сонда бизлер, егер бул масиҳыйларға ҳақыйқатлық оқлары тийсе, олар ояныпүстилеринен жәбирлеўшилерди ылақтырып таслайды деген ойға келдик. Солай етип, мен бир неше оқты оларға қарай аттым. Дерлик барлығы масиҳыйларға барып тийди. Деген менен, ҳақыйқатлық оқлары оларға қадалғанда, олар оянбады да, қуламады да, ал керисинше, қатты ғәзепке минип баслады. Ал олардың үстинде отырған жинлер болса, үлкейе баслады. Бул бәримизди лал қалдырды ҳәм бизлер бул саўашта улыўма жеңиске ерисиў мүмкин емес шығар деп қорқа басладық. Бирақ ИСЕНИМ, ҮМИТ ҳәм СҮЙИСПЕНШИЛИК пенен бизлер ҳеш болмағанда өз ҳалатымызды сақлап қалатуғынымызға әбден исенимли едик. Сонда қасларымызда ДАНАЛЫҚ деп аталатуғын және бир периште пайда болып, ол бизлерге жол көрсетти. Бул жол бизлерди оғада үлкен бир таўға қарай алып баратуғын еди. Бизлер усы таўда турып, саўаш жүргизиўимиз тийис екен.

Бул таў ҳәр қыйлы басқышларға бөлинген болып, бир басқыштан екиншисине текшелер арқалы көтерилер едик. Бул текше таўдың бизлерге еле көринбей турған ең бийик шыңына апарар еди. Ҳәр бир басқышқа көтерилген сайын, текшелер жиңишкерип, оларда турыў да қыйынласар еди. Ҳәр бир басқыш Библия ҳақыйқатлықлары менен белгиленген атамаларға ийе еди. Таўдың ең төменги басқышлары ең тийкарғы

ҳақыйқатлықлар менен, мысалы «Қутқарылыў», «Мухаддеслениў», «Ибадат», «Исеним» сыяқлы атамалар менен аталар еди. Жоқарылаў беттеги басқышлары Библияның қыйынырақ ҳақыйқатлықлары менен аталар еди. Бизлер қанша жоқарыға көтерилген сайын, қылышларымыз бенен қалқанларымыз да сонша үлкейе баслады. Душпан оқларының да бизлерге жетиўи қыйынласа баслады.

## ТРАГЕДИЯЛЫҚ ҚӘТЕ

Таўдың төменирек басқышларына жаңа минген исениўшилердиң гей биреўлери душпанның оқларын алып, өзлерине қайтып ата баслады. Бул трагедиялық қәте болған еди. Себеби «ҳүким етиў ҳәм айыплаў» деп аталатуғын бул оқлардан жинлер ҳеш зыян көрмей, олар туўры масиҳыйларға барып тийе баслады. Масиҳыйға ҳүким етиў ямаса жала оғы келип тийген гезде, оның қасына дәрҳал «Тәшиўиш руўхы» ямаса «Ашыў-ғәзеп руўхы» деп аталатуғын жин ушып келип, оның үстине қонып алар еди ҳәм сол масиҳыйдың үстине дәрҳал зәҳәрли дәретин төгип баслар еди. Ал егер «Менменлик» ҳәм «Өзин-өзи ақлаў ҳәм Соқта ҳақлық» деп аталатуғын жинлер топарына тутқын болған масиҳыйларға, жәнe, еки-үш басқа жинлер келип қосылса, онда сол жинлерге тутқын болған адам өз келбетин жоғалтып, жинлердиң келбетине өзгерер еди.

Бизлер буның қалайынша жүз берип атырғанлығын анық көре басладық. Себеби, таўдың айтарлықтай жоқарғы басқышына минип үлгерген едик. Төмендеги басқышларда турып, душпанның оқларынан пайдаланып атырғанлар болса, буны көре алмады. Бизлердиң ярымымыз жоқарыға көтерилиўди уйғардық. Ал қалған ярымымыз төмендеги басқышларда турғанларға душпан бетте негизинде не болып атырғанлығын жеткизиў ушын, қайтадан төменге түсиўди уйғардық. Барлығымыз тоқтамастан жоқарыға көтерилиўди келисип

алдық, тек гей биреўлеримиз ғана хәр басқышта тоқтап, қалған әскерлерге жоқарыға көтерилиўге жәрдем бериўди шештик.

## ҚӘЎИПСИЗЛИК

Бизлер «Туўысқанлар Арасында Бирлик» деп аталатуғын басқышқа жеткенимизде, душпанның бирде-бир оғы бизлерге жетпей қалды. Бизлердиң лагеримиздеги көп әскерлер енди жоқарыға көтерилиўдиң әҳмийети жоқ деп шешти. Мен оларды түсиндим, себеби таўдың жоқарысына өрмелеген сайын, хәр бир жаңа басқышта орын да аз болып, сонлықтан оларда турыў ҳәм қыйын, ҳәм қәўипли еди. Соған қарамастан, таўдың хәр бир жоқарырақ жаңа басқышына көтерилген сайын, мен өзимди еле де күшлирек сезер едим ҳәм қуралларды еле де жақсырақ пайдалана алар едим. Соның ушын мен таўға миниўди даўам етиўди дурыс деп таптым.

Тез арада, мен қураллардан сондай жақсы дәрежеде пайдаланыўды үйрендим, енди мен масиҳыйларға хеш зыян тийгизбестен жинлерди атып өлтире алатуғын болдым. Егер мен жоқарыға көтерилиўди даўам етсем, онда қатты узаққа ата алатуғынымды ҳәм сонда душпан армиясының артында турған дозақ күшлериниң басшыларын да атып түсире алатуғынымды түсиндим. Таўдың төменги басқышларда қалып қойған әскерлерге мениң қатты ишим ашыды, олар қәўипсизликти сезип, сол басқышларда қалып қойған еди. Бирақ олар душпанларды жоқ қыла алмас еди. Ҳәр бир басқышта усы басқыштағы өз ҳалатынан қулаған масиҳыйлардан қалған ҳақыйқатлық оқлары жайрап жатар еди. Оқлар сол басқыштағы ҳақыйқатлықтың аты менен аталар еди. Айырымларымыз бул оқларды териўди онша хош көрмеди, бирақ бул оқлардың төмендеги жүдә үлкен душпан армиясына қарсы қолланыўға керек болып қалатуғынын түсиндим. Сонда мен бир оқты алып аттым ҳәм жүдә аңсатлық пенен бир жинди қулатып түсирдим.

Буны көрген басқалар да оқларды алып, ата баслады. Бизлер душпан дивизионларын биринен соң бирин қыйрата басладық. Сол ушын душпанның пүткил армиясы бизлерге қарсы урысып баслады. Бизлер қанша көп жеңисти қолға киргизсек, сонша көп қарсылыққа дуўшар болып атырғандай едик. Бизлердиң гүресимиз тамамланбайтуғындай болып көрингени менен, бизлер қатты қуўанышлы ҳәм қуўнақ едик.

## СӨЗ – БИЗЛЕРДИҢ ЯКОРЫМЫЗ

Бизлердиң қылышларымыз ҳәр бир басқышқа көтерилген сайын өсе баслады. Мен қылышымды таслайын деп қалдым, себеби жоқарыдағы басқышларда оның кереги жоқтай болып көринди. Ақыр-соңында, ол маған белгили бир мақсет пенен берилген, соның ушын мен оны өзим менен бирге алып жүриўим керек, деген шешимге келдим. Душпанды атыў маған аңсатырақ болыўы ушын, қылышты узын жип пенен белиме байлап, жерге таслап қойдым. Сонда мен Ийемниң даўысын еситтим:

**- Сен даналықтан пайдаландың, бул саған жоқарыға көтерилиўге жәрдем береди. Көп әскерлер қылышын якор сыпатында қолланбағаны ушын қулаған еди**.

Бул даўысты меннен басқа ҳеш ким еситпегендей болып көринди, бирақ көп әскерлер мениң не ислегенимди көрип, олар да сондай қыла баслады.

Мениң ақылым лал болып, не ушын Ийемниң буны ертерек, мен еле бул шешимди қабыл етпесимнен бурын айтпағанын ойладым. Сонда ишимде Ийем буны бурын маған әлле қашан айтқандай болып түйилди. Мен пүткил өмиримниң бул саўашқа таярлық болғанлығын түсиндим. Ийеме қулақ салып, пүткил өмир бойы Оған бойсынғаным - бул урысқа таярлық болған екен. Маған әлле қашан берилген

даналыққа ҳәм түсиникке саўаш ўақтында бир нәрсе қосыў ямаса оннан бир нәрсени алып таслаў мүмкин емеслигин де түсиндим. Өмиримде болып өткен ҳәр бир сынақ ушын, жүрегимде жүдә үлкен миннетдаршылық ояна баслады ҳәм өз ўақтында оларды ылайықлы түрде баҳаламағанына қатты өкиндим.

Тез арада бизлер жин-жыпырларды дерлик дәлме-дәл қулата басладық. Душпан тәрепте ашыў-ғәзеп тап отлы күкирт сыяқлы алысар еди. Шайтан армиясы тәрепинен тутқын қылынған масиҳыйлардың бул ашыў-ғәзептиң пүткил күшин сезип атырғанын түсиндим. Оқларын бизлерге жеткизе алмаған жинлер бир-биреўин ата баслады.

Оқлары бизлерге қарсы нәтийжесиз қурал болып қалғанлықтан, душпан ҳүжимге қара қусларын жибере баслады. Қылышын якор сыпатында қолланып жүрмегенлер көплеген қара қусларды урып түсире алды, бирақ, өзлери де турған текшелеринен қулатылды. Биреўлери сәл төменлеў басқышқа қулап түсти, ал биреўлери таўдың тап ең төменине дейин қулады. Сонда дәрҳал жыртқыш қуслар оларды услап алып, душпан тәрепке алып кетти.

## ЖАҢА ҚУРАЛ

Ҳақыйқатлық оқлары қара қусларды барқулла тесип өтер еди, сонлықтан жыртқышлар ҳақыйқатлық оқлары себебинен кейин шегиниўге мәжбүр болды. Қара қуслардың ҳүжимин кейин қайтарып болғанымыздан соң, гей биреўлеримиз таўдың еле де жоқарырақ басқышына көтериле алдық. Бизлер «Галаталыларға 2:20» деген басқышқа көтерилген гезимизде, бизлер оғада үлкен бәлентлиликте пайда болдық. Енди бул жерге қара қуслар жете алмай қалды. Бул басқышқа келгенимизде, аспан тап бизлердиң басымыздың үстине тийип

турғандай болып, оның жақтылығынан ҳәм гөззаллығынан көзлеримиз қамасып қалды. Сонда мен ишимде бурын ҳеш қашан сезбеген бир әжайып тынышлықты сезе баcладым.

Мысалы, ҳәзирге шекем мениң жаўынгерлик руўхым душпанға деген жек көриўшилик ҳәм жеркениш сезимлери менен басқарылып турған еди, ал енди жаўынгерлик руўхымды басқа сезимлер бийлеп алды: тутқын масиҳыйларға деген сүйиспеншилик ҳәм жан ашыўшылық сезимлери! Және де бул басқышта мен Исеним, Үмит ҳәм Сүйиспеншилик Периштелерине жүдә жақынласып алдым. Бурынлары болса араларымызда бир талай ашықлық бар еди. Бул жерде мен олардың саўлатына толық баттым. Мен оларға жақынласқан гезимде, олар маған бурылып, мениң қуралымды дүзиўлеп ҳәм жылтырағанша тазалап баслады. Тез арада қуралым пүткиллей өзгерип кетти ҳәм тап усы периштелертикиндей саўлат таратып баслады. Олар мениң қылышымды услаған ўақытта, оннан тап жарқыраған шақмақтай бир жақты нур шыға баслады. Сонда Сүйиспеншилик деп аталатуғын Периште былай деди: «Бул басқышқа жеткенлер – келешек дәўирдиң күшин алады, бирақ оннан қалай пайдаланыўды мен саған үйретиўим керек».

«Галаталыларға 2:20» басқышы жүдә кең болғанлықтан, енди оннан қулаў қәўпи де жоқ еди. Және оның үстинде «ИСЕНИМ» деген жазыўы бар есап-саны жоқ оқлар көп екен. Бизлер бир нешше оқлар менен қара қусларды атып едик, олар ап-аңсат ғана қара қусларды қулатып түсирди. Бул басқышқа шыққанлардың ярымы атыўды даўам етти, ал қалған ярымы оқларды төмендеги басқышта турғанларға тасып баслады.

Қара қуслар бизлердиң төменимиздеги басқышларға тап думандай болып ҳүжим жасап баслады, бирақ ҳәр ҳүжим жасағанда олар кем-кемнен азая берди. «Галаталыларға 2:20» басқышынан баслап бизлер шайтан армиясындағы қәлеген душпанды қулата алатуғын болдық. Бирақ олардың ең

басшылары еле оқ жетпес жерлерде жайласқан еди. Бизлер қашан қара қуслардың бәрин жоқ қылып болмағанымызша, ҳақыйқатлық оқларын пайдаланбай турыўды шештик. Себеби олардың пайда еткен «Түскинлик булты» бул оқларды онша нәтийжесиз қылып таслады. Бизлер қара қуслар менен гүреске жүдә көп ўақтымызды жибердик, деген менен, ҳеш шаршағанымыз жоқ.

Таўдың ҳәр жаңа басқышына көтерилгенимизде, бизлердиң қуралларымыз бенен биргеликте Исеним, Үмит ҳәм Сүйиспеншилик те өсе баслады. Олар соншелли дәрежеде үлкейип кетти, оларды ҳәтте алыста, төмендеги саўаш майданынан сыртта турған адамлар да көре баслады. Олардың саўлаты соншелли дәрежеде жарқырай баслады, ҳәтте, қалың топ болып турған қара қуслардың астында жайласқан тутқынлардың лагерине дейин олардың нуры жетип барды. Бизлердиң ҳәммемиздиң ишимизде бир қуўанышлы йош пайда бола баслады. Мен бул армияға ҳәм бул саўашқа қатнасыў - барлық дәўирлердеги ең әжайып сезим ҳәм ең қызықлы мәўрит болса керек деген ойға келдим.

## ОЯНЫЎ

Бизлердиң таўымызға ҳүжим етип турған жыртқыш қуслардың басым көпшилигин қырғанымыздан кейин, тутқынлардың үстин жаўып турған қара қусларды ата басладық. Сонда олардың пайда етип турған  қара булты тарқасып, қуяш нурлары тутқынлардың үстине түсе баслады. Сонда олар тап бурыннан бери қатты уйқыға кеткен адамлардай болып ояна баслады. Оларда бирден өзлериниң ҳалатына деген жеркениш пайда болды. Әсиресе, оларды елеге дейин қаплап турған қусықлардан жеркенип баслады ҳәм олардан тазаланыўға киристи. Олар Исеним, Үмит, ҳәм Сүйиспеншиликти көрген гезде, бизлер турған таўды да көрди ҳәм оған қарай жуўырысты.

Дозақ күшлери «Айыплаў» ҳәм «Жала» оқларын олардың үстине жаўындай қылып жаўдыра баслады, бирақ бурын тутқын болғанлар тоқтамады. Олар таўға жетемен дегенше, гей биреўлериниң денелерине онлаған оқ қадалған еди, бирақ олар тап оларды байқамағандай еди. Олар таўға миниўди баслағаннан, олардың үстиндеги жаралары шыпаланып баслады. Түскинлик булты тарқағаннан соң, гүресиў бир талай аңсат болды.

## ҚАҚПАН

Азат болған тутқынлар қутқарылғанларынан қуўанышқа толып тасты. Олар таўдың ҳәр бир жаңа басқышына үлкен қызығыўшылық ҳәм қумарлық пенен көтериле баслады. Сонда бизлер бул Библия ҳақыйқатлықларын еле де көбирек баҳалай басладық. Тез арада-ақ, азат болған тутқынлар душпан менен гүресиўге беккем бел байлады. Олар Қудайдың барлық саўыт-қуралларына кийинип алды ҳәм кейин қарай қайтып душпанға ҳүжим етиўге жалынып рухсат сорай баслады. Бизлер олардың усынысы жөнинде ойлап көрдик, бирақ кейин барлығымыз таўда қалып, усы жерден гүрес жүргизиў дурыс деген қарарға келдик. Сол ўақытта қайтадан Ийемниң даўысы еситилди: **«Сен екинши рет даналықты таңладың. Егер сен душпанның шегарасында турып, оның менен саўаш жүргизсең, сен оны жеңе алмайсаң. Сен Мениң мухаддес таўымда болыўың керек».**

Бизлер бундай әҳимийетли шешимди тек аз-маз ойласып ғана қабыл еткенимизге таң қалдым. Сол гезде мен енди қайтып дуўа етпей турып, басқа шешим қабыл етпеўге беккем бел байладым. Сол заматта-ақ, ДАНАЛЫҚ бирден мениң қасыма келип, ийнимнен услады да: **«Сондай қыл!»** - деди. Сол ўақытта мен, ҳәтте, «Галаталыларға 2:20» деп аталатуғын жүдә кең басқышта турып та, өзим сезбеген ҳалда оның шетине келип

қалғанымды ҳәм қулаўыма сәл қалып турғанын байқадым. Мен қайтадан ДАНАЛЫҚТЫҢ көзлерине қарадым, Ол маған әҳимийетли даўыс пенен**: «Егер турыппан деп ойласаң, онда қулап қалыўдан сақ бол. Бул өмирде сен қәлеген басқыштан қулаўың мүмкин»,** - деди.

## ЖЫЛАНЛАР

Бизлер көп ўақыт даўамында масиҳыйлардың үстине минип жүрген жинлерди қуўып, қара қусларды өлтириў менен бәнт болдық. Ҳәр түрли ҳақыйқатлықлардың оқлары ҳәр қыйлы жинлерге ҳәр қыйлы тәсир етеди екен. Бизлер алдымызда узақ гүрестиң турғанын билдик, бирақ бизлерде енди жоғалтыўлар болмады. Бизлер «Сабырлылық» деп аталатуғын басқыштан да өтип алдық.

Масиҳыйлар жинлерден азат болған гезде де, тек олардың гей биреўлери ғана таўға қарай умтылды. Көпшилиги жинлердиң әдетлерине үйренип, жинлерсиз-ақ, бурынғы жолы менен жүриўди даўам етти. Жин-жыпырлардан болған қараңғылық кеткен ўақытта, бизлер бул масиҳыйлардың аяқларының қасында жылан ҳәрекетине мегзес бир затты байқадық. Сол ўақытта мен олардың аяқлары «УЯТ» деп аталыўшы жыланлар менен оратылғанын көрдим. Бизлер ҳақыйқатлық оқларын бул жыланларға қарай атып басладық, бирақ буның онша пайдасы болмады. Кейин бизлер «Үмит» оқларын да сынап көрдик, бирақ бул да нәтийжесиз болды.

«Галаталыларға 2:20» басқышынан баслап, жоқарыға көтерилиў аңсат болды, сонлықтан бизлер ең бәленттеги басқышларға қарай умтылыўды тоқтатпадық ҳәм тез арада бизлер бир БАҒдың ишинде пайда болдық. Бул БАҒ – мениң көрген нәрселеримниң ишиндеги ең гөззалы еди. Бағқа кирер дәрўазаның үстинде мынадай жазыў бар еди: «Әкениң Шәртсиз

Сүйиспеншилиги». Мен бундай дәрежедеги уллы ҳәм оғада сулыў жазыўды бурын ҳеш қашан көрген жоқ едим, сонлықтан бәримиз дәрҳал ишине кириўди қәледик. Ишке кирип, бул бағтың ортасында өсип турған ӨМИР терегине көзимиз түсти. Оны өзгеше күшке ийе периштелер қорғап турған еди. Олар бизлердиң келиўимизди тап жүдә узақ ўақыттан бери күтип турғандай, бизлерди оғада қуўанышлы жүз бенен қарсы алды. Сонлықтан бизлер олардың қасынан қорқпастан өтип, терекке жақынласыўға күш таптық. Сонда периштелердиң биреўи былай деди: «Бул басқышқа жетип, Әкениң Сүйиспеншилигин таныған адам – бул Өмир Терегиниң мийўелеринен жей алады».

Мен қаншелли дәрежеде аш болғанымды билмеппен. Мен бир мийўени алып жедим, оның дәми бурын жеп көрген нәрселеримниң ишинде барлығынан да татлырақ еди, бирақ соған қарамастан, оның дәми маған таныстай түйиилди. Ол қуяш нурларын, жаўынды, әжайып атызларды, океанның арғы тәрепинде батып баратырған қуяшты мениң есиме түсирди, ҳәтте, оннан да бетер нәрселерди, сүйген адамларымды да еслетип жиберди. Мен қаншелли көп жеген сайын, соншелли дәрежеде ҳәмме адамға ҳәм ҳәмме нәрсеге деген сүйиспеншилигим өсип барар еди. Кейин мениң көз алдымда душпанларым пайда болды, сонда мениң ишимде оларға деген меҳир-муҳаббат пайда бола баслады. Тез арада бул сезим бурын сезген барлық нәрселеримнен, ҳәтте, «Галаталыларға 2:20» басқышында сезген тынышлықтан да әжайыбырақ болып, ол өсе берди. Сонда мен Ийемиздиң даўысын еситтим: **«Енди бул сениң күнделикли наның болады. Ол ҳеш қашан сеннен тартып алынбайды. Сен қанша қәлесең, сонша жесең болады ҳәм қәлеген гезиңде жесең болады. Мениң сүйиспеншилигимниң шеги жоқ».**

Мен даўыс қаяқтан шыққанын көриў ушын, терекке қарадым ҳәм оның үстинде жүдә көп аппақ бүркитлердиң қонып турғанлығын көрдим. Олардың көзлери сондай өткир еди, мен

ондай өткир көзлерди бурын ҳеш қашан көрмеген едим. Бүркитлер тап тапсырма күтип турғандай етип, маған қарады. Периштелердиң биреўи: «Олар сениң буйрығыңды орынлайды. Бул бүркитлер жыланларды жейди», - деди. Сонда мен қуўаныштан маған қарап турған бүркитлерге бәлент даўыста буйрық бердим: «Ушыңлар! Туўысқанларымызды байлап турған уятты жемтик қылыңлар!» Олар салтанатлы түрде қанатларын жайды ҳәм күшли ескен самал оларды ҳаўаға көтерди. Ақ бүркитлер аспанды көзди қамастыратуғын саўлатқа толтырып жиберди. Ҳәтте, сондай бәлентте турып та, мен төмендеги душпан армиясы тәрептен қорқысып қышқырысқан даўысларды еситтим. Оларға қарай ушқан ақ бүркитлер оларды қорқынышқа салған еди.

## ҚҮДИРЕТЛИ ПАТШАНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ

Сол ўақытта Ийемиз Ийсаның Өзи бизлердиң арамызда пайда болды ҳәм бизлердиң ҳәммемизге қолын тийгизди ҳәм кейин бизлерге былай деди: **«Ҳәзир Мен сизлерге Өз Патшалығымның хабарын айтыўым керек. Мен аспанға алынғанымнан кейин бул хабарды сизлердиң туўысқанларыңызға айтқан едим. Душпанның ең күдиретли армиясы ҳәзир кейин қарай қашпақта, бирақ ол еле жоқ қылынып болған жоқ. Ҳәзир Мениң Патшалығымның Хош Хабары менен алға жүретуғын ўақыт келди. Бүркитлер ушырылды ҳәм олар бизлер менен бирге барады. Бизлер ҳәр бир басқыштағы оқларды аламыз, бирақ еслериңизде тутың: Мен – сизлердиң Қылышыңызбан ҳәм Мен – сизлердиң Әскербасыңызбан. Қудай Қылышы қынабынан шығатуғын ўақыт жетип келди».**

Мен артыма бурылып, Қудайдың пүткил армиясы бул бағдың ишинде турғанлығын көрдим. Олар ҳәр бир расадан ҳәм миллеттен алынған ерлер, ҳаяллар ҳәм балалар еди. Ҳәр бир

халық өзиниң байрағын көтерип, бул байрақлар минсиз бирликте самал менен желбиреп турар еди. Мен жер жүзинде бундай нәрсениң еле ҳеш қашан болмағанлығын билер едим. Мен, және де, душпанның да пүткил жер жүзи бойлап көп армиялары менен қорғанлары бар екенин билетуғын едим. Бирақ душпан армиясының бир де биреўи Жаратқан Ийениң бул уллы армиясына қарсы тура алмас еди. Мениң аўзымнан: «Бул Ийемиздиң Күни болса керек», - деген сыбырлы сөз шыққаны сол, пүткил армия бирден гүлдирмамадай гүрилдеп: «Күш Ийесиниң Күни жетип келди!» - деп жуўап берди.

# 2 - БӨЛИМ

## Мухаддес Таў

Бизлер Қудай бағының ишинде Өмир Терегиниң астында турар едик. Бул жерге тап барлық армия жыйылып, Ийемиз Ийсаның алдында диз шөгип турғандай еди. Ол жаңа ғана бизлерге, еле байлаўдағы туўысқанларымыз ушын ҳәм Ол еле жақсы көретуғын дүнья ушын, саўаш майданына қайтыўымызды буйырды. Бул буйрық Оның аўзынан шыққаны ушын жүдә әжайып еди. Бирақ бул жүдә жаман да еди, себеби енди бизлер Оның уллы ҳүзиринен ҳәм дүньядағы ең әжайып орын болған бул БАҒтан шығып кетиўимиз керек еди. Булардың бәрин таслап, урысқа кетиўге көниў мүмкин еместей еди.

Жаратқан Ийе бизлерди жигерлендириўди даўам етип: **«Мен сизлерге руўхый сыйлар менен күш бердим, және де, Мениң Сөзимди ҳәм Мениң Патшалығымды кем-кемнен тереңирек түсинип баратуғын зийреклилик бердим. Бирақ сизлерге берилген <u>Ең Уллы Қурал</u> – бул Әкениң Сүйиспеншилиги! <u>Егер сизлер сол Сүйиспеншиликте жүрсеңлер, онда сизлерди ҳеш ким жеңе алмайды</u>. Өмир Терегиниң жемиси де – бул Әкениң Сүйиспеншилиги. Ол бул Сүйиспеншиликти Мен арқалы дүньяға ашты. Мендеги сол Сүйиспеншилик сизлердиң күнделикли наныңыз болыўы керек»**, - деди.

Таң қаларлығы, Ийемиз көзге бирден тасланатуғындай сулыўлыққа ийе емес еди. Оның жүзи жүдә әпиўайы еди. Бирақ Оның ҳәрекетлеринде ҳәм сөзлеринде сондай күшли мийрим көринип турар еди ҳәм бул мийрим Оны әлемдеги ең сулыў Тулға қылып, бундай көз тартарлық Тулғаны бурын мен ҳеш қашан көрмеген едим. Ол адамзаттың Оны сүўретлегенинен

гөре уллырақ ҳәм көрнеклирек еди. Оның түр-түсин көрсетиўге урынған бир де бир портрет Оны көрсете алмас еди. Бирақ, қызығы сонда, олардың көпшилиги расында да Оған уқсас. Ол - Әкениң сүйетуғын ҳәм қәдирлейтуғын пүткил барлығы екенин көре басладым. Ол шынында да мийрим менен ҳақыйқатқа соншелли дәрежеде толы еди, Оның қасында мийрим менен ҳақыйқаттан басқа ҳәмме нәрсе өз мағанасын жойтатуғын еди.

Мен Өмир Терегиниң мийўесин жеген ўақтымда, бар билген барлық әжайып затларым ҳаққындағы ойлар мениң жанымды толтырып жиберди. Ийса сөйлеген ўақытта, бул тәкирарланар еди. Бирақ, кем-кемнен уллырақ болып тәкирарланар еди. Мениң бул жерден улыўма кетким келмеди. Мениң ядыма бир мәрте «Қудай тахтының алдында тек Оған табыныўдан басқа ҳеш нәрсе ислемейтуғын периштелердиң иси қатты жалығарлы болса керек» деп ойлағаным түсти. Ал енди болса, Оған табыныўдан әжайыбырақ ҳәм қызығырақ ҳеш нәрсе жоқ екенин билдим. Бул аспанның ең әжайып орны болса керек деп шамаладым. Жәмәәтте Қудайға табыныў хызмети ўақтында жалығып кеткен ўақытларым көп болғанына исениў қыйын еди. Буның себеби – сол ўақытлары мен Қудайдың ҳүзиринде болмай, ал басқа нәрселерди ойлап турғанлығым екенин түсиндим.

## РУЎХТА ҲӘМ ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚТА ТАБЫНЫЎ

Мен жәмәәттеги Қудайға табыныў хызмети ўақтында, ҳәр түрли нәрселерди ойлап, не болса соны ядыма түсирип турған ўақытларымның орнын толтырыў ушын, қатты кейин қайтқым келди. Мен Қудайға қатты таң қалатуғынымды ҳәм қатты қуўанатуғынымды Оған айтқым келгенлиги соншелли, өзимди услап тура алмадым. Мениң Оны алғыслаўым шәрт болған еди! Ҳәм аўзымды ашқаным да сол, Қудай армиясындағы барлық әскерлердиң аўзынан бир ўақытта бирден атлығып шыққан

алғыс-мақтаўдың гүркиреген сестин еситтим. Мен ол жерде меннен басқа және биреўлердиң бар екенлигин дерлик умытып жибердим, бирақ бизлердиң ҳәммемиз минсиз бирликте едик. Бул салтанатлы алғыс-мақтаўды адамның тили менен сүўретлеў мүмкин емес.

Бизлер табынып атырғанымызда Жаратқан Ийеден нур шыға баслады, кейин алтын нурдың үстинен гүмис реңли нур шыға баслады. Ал кейин болса, мен бурын өзимниң физикалық көзлерим менен ҳеш қашан көрмеген әлўан түрли реңлер мың-сан түслерге енип, әтирапқа тарқала баслады. Жаратқан Ийениң даңқ-саўлаты бизлердиң барлығымызды қаплап алды ҳәм бурын мен билмейтуғын бир сезимлер мени өзине орап алды. Қандай да бир жол менен ол жерде барқулла Қудайдың даңқ-саўлаты болғанын түсинип жеттим. Бирақ табыныў ўақтында, егер Ол бизлердиң бар дыққатымыздың орайына айланса, бизлердиң көзлеримиз ашылып, Оның саўлатын көбирек көрип баслайды екенбиз. Қанша ықласланып ҳәм берилип табынғанымыз сайын, сонша көп саўлатты көрдик. Егер бул аспан болатуғын болса, ол мениң әрманымдағыдан мың-мың есе жақсырақ еди.

## ҚУДАЙДЫҢ ҲҮЗИРИНДЕ БОЛЫЎ

Мен бул табыныўдың қаншелли көп даўам еткенин улыўма билмеймен. Мүмкин, бир нешше айлар шығар. Себеби ҳеш қандай жол менен Қудайдың бул саўлатында қанша ўақыт болғанымызды өлшей алмас едик. Мен бираз ўақыт көзлеримди жумып турдым, себеби жүрегим менен көрип турған даңқ-саўлат физикалық көзлерим менен көрген даңқ-саўлат киби уллы еди. Көзлеримди ашқан ўақтымда, Жаратқан Ийемниң ол жерде жоқ екенин көрип таң қалдым, оның орнында бир нешше периштелер турған еди. Олардың биреўи мениң қасыма жүрип келип, маған былай деди: «Көзлериңди және бир рет жум».

Көзлеримди жумғанымда, мен қайтадан Жаратқан Ийениң даңқ-саўлатын көрдим ҳәм катты қуўанышқа толдым.

Сонда периште түсиндирип: «Жүрегиңниң көрип турған нәрселери физикалық көзлериң менен көрип турған нәрселериңе қарағанда ырасырақ», - деди. Мениң өзим көп мәртебе бул сөзлерди айтқан едим, бирақ олардың қаншелли дәрежеде ырас екенин дерлик түсинбеппен! Периште даўам етип былай деди: «Әне, сол ушын Ийемиз Өзиниң биринши шәкиртлерине: **‘‘Сизлер ушын Мениң кеткеним жақсырақ. Егер Мен кетпесем, Мухаддес Руўх келмейди’’**, - деп айтқан еди. Жаратқан Ийе сениң ишиңде жасайды. Сен буны көп мәртебе үйреттиң, бирақ енди сен сол бойынша жасаўың керек, өйткени сен өмир терегинен жедиң».

Соннан соң периште мени кейинге, қайтадан дәрўазаға баслап барды. Бирақ мен қарсылық көрсеттим, себеби бул жерден кетким келмеди. Периште ҳайран болып маған қарады, кейин ийнимнен услап мениң туўры көзлериме қарады. Мен сол ўақытта ғана, оның ДАНАЛЫҚ деп аталатуғын периште екенин билдим. Ол маған: **«Сениң бул бағтан кетиўиңе ҳәжет те жоқ! Себеби ол – сениң жүрегиңде! Өйткени Жаратыўшының Өзи сениң ишиңде жасайды. Сен ең жақсы нәрсени: Оған табыныўды ҳәм мәңгиге Оның ҳүзиринде болыўды таңладың, сонлықтан бул сеннен ҳеш қашан тартып алынбайды»,** - деди.

Мен Даналықтың айтқан сөзлерин мақулладым, кейин өмир терегиниң мийўелерине қарадым. Мен жүдә көп етип оларды терип өзим менен алып кетким келип кетти. Мениң ойларымды билген Даналық мени әсте түртти де: **«Яқ, ҳәтте бул мийўелер де, егер қорқыныш пенен жыйналса, ширип кетеди. Бул жемислер де, терек те сениң ишиңде, себеби Оның Өзи сениң ишиңде жасайды. Сен исениўиң керек»**, - деди.

Мен көзлеримди жумып Жаратқан Ийени қайтадан көриўге урындым, бирақ көре алмадым. Көзлеримди ашқан ўақтымда, Даналық еле мениң қасымда маған қарап турған еди. Минсиз сабырлылық пенен ол қайтадан түсиндирип баслады: **«Сен аспанның не екенин татып көрдиң. Бул дәмди татып көрген адам қайтадан саўаш майданына қайтқысы келмейди. Исен, ҳеш ким Жаратқан Ийениң анық ҳүзирин таслап кеткиси келмейди. Елши Павел бул жерде болған соң, өмириниң ақырына шекем ишинен гүресип жүрди. Я жерде қалып Жаратқан Ийе ушын хызмет етерин, я бул жаққа қайтып келип өз мийрасына кириўин билмеди. Бирақ оның мийрасы ол қанша жерде қалып, хызмет еткен сайын, сонша өсип барды. Енди ҳақыйқый сыйыныўшының жүрегине ийе болғаннан соң, сен барқулла бул жаққа келиўге урынасаң ҳәм ҳақыйқый табыныўға кирген ўақтында, буны ислей аласаң. Сен қанша көп Қудайға дыққат-итибарыңды бөлген сайын, қай жерде екениңе қарамастан сонша көп Оның даңқ-саўлатын көре аласаң»**.

Даналықтың сөзлери маған тынышдық әкелди. Мен Жаратқан Ийеге бул әжайып мәўритлер ушын ҳәм Оның маған берген өмири ушын, миннетдаршылық билдириў мақсетинде көзлеремди және жумдым. Сонда мен қайтадан Оның даңқ-саўлатын көрдим. Мениң жанымды өткен табыныўдағыдай ҳәр түрли әжайып сезимлер толтырып жиберди. Сонда Жаратқан Ийе маған: **«Мен сени ҳеш қашан таслап ҳәм қалдырып кетпеймен!» -** деди. Жаратқан Ийениң маған қарата айтқан сөзи сондай анық ҳәм қатты естилген еди, мен оны өз қулақларым менен еситип турғаныма гүманланбадым.

Мен: «Ийем исенбегеним ушын мени кешир. Сени ҳеш қашан таслап ҳәм қалдырып кетпеўиме маған жәрдем бер», - дедим.

## ДАНАЛЫҚ ПЕНЕН БИРГЕ ЖҮРИЎ

Мен көзлеримди аштым. Даналық елеге шекем мениң ийинлеримди услап турған екен. Ол маған: «**Мен сениң жумысың ушын берилген ең үлкен Сыйман. Мен саған жол көрсетемен ҳәм сени сол жолдан жетелеймен. Бирақ тек сүйиспеншилик ғана саған садық болып қалыўға жәрдем бере алады. Ең жоқарғы даналық – бул Жаратқан Ийени сүйиў**», - деди.

Кейин Даналық мени жиберди де, бағтан шығыўға жол алды. Мен зорға оның изинен ердим. Мен урыстан алған илҳамларымды ҳәм таўға өрмелегенимизди есиме түсирдим. Бул әжайып еди, бирақ оны Жаратқан Ийениң ҳүзири ҳәм жаңа ғана басымнан кеширген табыныў менен улыўма салыстырып болмайтуғын еди. Бул әжайып бағтан шығып кетиў, мениң ушын усы ўақытқа шекем әкелген қурбанлықларымның ишиндеги ең үлкени болған еди. Кейин мен ишимде қандай өзгерислердиң жүз бергенин есиме түсирдим ҳәм қалайынша буны тез умытып жибергениме ҳайран қалдым. Мен физикалық ҳәм жүрегимниң көзлери менен көрген нәрселеримниң ортасында болып өткен уллы гүрес ҳаққында ойлай басладым.

Мен сәл тезирек жүрип, Даналықтың қасында пайда болдым.

- Мен Павелдей болып Үшинши Аспанға алыныўым ушын 26 жыл дуўа еткен едим. Бул сол Үшинши Аспан ба? - деп сорадым мен.

- **Сен оның тек кишкене бир бөлегин ғана көрдиң,** - деп жуўап берди ол. - **Бирақ оннан жүдә үлкен нәрселер бар**.

- Көбирек көриўиме маған рухсат етиле ме? - деп сорадым.

**- Сен оннан да үлкен нәрселерди көресең. Мен сени сол жаққа апаратырман, ол жерде сен оннан бир нешше үлкенирек нәрселерди көресең**, - деп жуўап берди ол.

Мен Аян китабы ҳаққында ойлай басладым.

- Юханның көрген аяны Үшинши Аспанның бир бөлеги еди ме? - деп сорадым.

**- Юханның көрген аянларының бир бөлеги шынында да Үшинши Аспанды сүўретлейди, бирақ басым көпшилиги Екинши Аспанға тийисли. Биринши Аспан адамның қуламасына дейин болды. Екинши Аспан жерде жаўызлық ҳүким сүрип турған ўақтындағы руўхый дүнья. Үшинши Аспан сениң Патшаң арқалы Әкениң Сүйиспеншилиги жерди қайтадан ийелеген ўақтында басланады**.

Сонда мен денемде бир суўықлық жүрип өткенин сезип:

- Биринши Аспан қандай болған еди? - деп сорадым.

**- Ҳәзир бул ҳаққында ойламаған - даналық болады**, - деп жуўап берди мениң жолдасым, кем-кемнен өсип баратырған салдамылық пенен. Себеби мениң сораўым оны тынышсызландырғандай болып көринди. Ол сөзин даўам етип:

**- Даналық - Үшинши Аспанды билиўге урынғаннан ибарат ҳәм сен солай иследиң. Үшинши Аспан туўралы сен билейин деп турған жүдә көп нәрселер бар. Әне, усы Үшинши Аспанды, Патшалықты сен бул өмирде жәриялаўың керек. Келешек дәўирлерде сен биринши аспан туўралы да билип аласаң, бирақ ҳәзир ол туўралы көп ойлаўдың пайдасы жоқ**,- деди.

Мен ҳәзир ғана денемнен жуўырып өткен сол суўықлықты ядымда сақлап қалыўым керек шығар деп шештим ҳәм Даналық та мениң ойымды мақуллаған белгисинде басын ийзеди. «Мениң қандай әжайып жолдасым бар!» - деп бақырып жибердим.

Себеби мениң жүрегим, бул периште ушын Ийеме қатты миннетдаршылыққа толып кеткен еди ҳәм мен былай дедим:

- Сен растан да мени туўры жолда сақлай аласаң!

- **Әлбетте!** - деп жуўап берди ол.

Мен бул периштеден шығып турған сүйиспеншиликти сездим. Бул маған қызық болып түйилди, себеби мен усы ўақытқа шекем буны басқа периштелерде сезбеген едим. Себеби басқа периштелердиң ғамқорлығы сүйиспеншиликтен емес, ал бир ўазыйпадан шыққандай еди. Мен ойларымды тап еситтирип айтқандай, Даналық мениң бул ойларыма жуўап қайтарды.

**- Даналық - сүйиўден ибарат. Мен сени сүймегенимде, Даналық болмас едим. Даналық - және де Қудайдың мийримин ҳәм қаталлығын көрип билиўден ибарат. Оны сүйиў ҳәм Оннан қорқыў – даналық болады. Егер булай етпесең, демек, сен жалған жолдасаң. Бул сениң өтиўиң керек болған келеси сабақ, - деди ол ҳайран қаларлық салдамлылық пенен.**

- Бирақ мен буны билемен-ғо ҳәм бул туўралы көп рет үйреттим де, - деп жуўап бердим. Мен биринши мәрте «бәлким, Даналық мени толық танымайтуғын шығар» деп ойладым.

**- Мен жүдә көп ўақыт даўамында сениң жолдасың болдым ҳәм сениң тәлимлериңди билемен. Енди ўақыт болды: сен өз тәлимлериңниң бир азларының негизинде нени аңлататуғынын өзиң билип аласаң. Мысалы, сен көп мәрте: «Ҳақлыққа - бастағы исеним емес, ал жүректеги исеним еристиреди», - деп оқытқан тәлимиңди,** - деп жуўап берди Даналық.

Мен Даналыққа гүманланғаным ушын, уялып қалдым ҳәм оннан кеширим сорадым. Ол мийримлилик пенен мениң кеширимимди қабыл етти. Сонда мен өмиримниң көп бөлегинде

оннан гүманланғанымды, нәтийжеде, көп мәрте жарақат алғанымды аңлап жеттим.

## СҮЙИСПЕНШИЛИКТИҢ ЕКИНШИ ЯРЫМЫ

**- Қудайды тәрийплеп алғыслайтуғын ўақыт болады, -** деп сөзин даўамлады Даналық. – **Және Оны уллы қорқыныш ҳәм иззет пенен ҳүрмет ететуғын да ўақыт болады. Даналық оның да, бунық да ўақытын билиўден ибарат. Ҳақыйқый даналық Қудайдың ўақытлары менен мүддетлерин биледи. Мениң сени бул жерге әкелгенимниң себеби, Жаратқан Ийеге Оның сүйиспеншилигиниң даңқ-саўлатында сыйыныў ўақты келген еди. Ал ҳәзир мен сени басқа жерге алып бараман, себеби енди Оның ҳүкиминиң қорқынышы астында сыйынатуғын ўақыт келди. Сен оны да, буны да қашан түсинип жетпегениңше, бизлер айрылып қалыўымыз мүмкин**.

- Егер мен бағтағы сол табыныўда ҳәм даңқ-саўлатта қалып қойғанымда, сени жоғалтыўым мүмкин еди, демекшимисең? – деп сорадым мен исениңкиремей.

**- Аўа. Мен иләжы болғанша барқулла саған келер едим, бирақ бизлердиң жолларымыз тек айырым гезлери ғана тутасар еди. Бул даңқ-саўлатты ҳәм бул тынышлықты таслап шығып кетиў - қатты қыйын, бирақ бул Патшаның толық ашылысы емес. Ол Яҳуда урыўынан шыққан Арыслан ҳәм Қозы. Руўхый гөдеклер ушын Ол - Қозы. Руўхый ер жетип киятырғанлар ушын Ол – Арыслан. Ал руўхый толық ер жеткенлер ушын Ол – ҳәм Арыслан, ҳәм Қозы. Сен буны тек ақылың менен билер едиң ҳәм мен сениң бул ҳаққында тәлимиңди де еситтим. Бирақ енди сен буны жүрегиң менен билетин боласаң, себеби тез арада Масиҳтың ҳүкимин көресең.**

## САЎАШҚА ҚАЙТЫЎ

Бағтың дәрўазасы қасынан өтип баратырып, мен Даналықтан:

- Бул жерде және аз-маз отырып, жақында ғана көрген сол нәрселеримниң ҳәммесин және бир мәрте көрсем бола ма? - деп сорадым.

- **Аўа, сондай қыл. Бирақ бул ушын менде буннан да жақсы жер бар**, - деп жуўап берди ол.

Мен Даналықтың изине ердим. Бизлер дәрўазадан шығып, таўдан түсе басладық. Саўаштың еле даўам етип атырғанына ҳайран қалдым. Бирақ ол бизлер таўға көтерилип баратырған ўақтымыздағыдай, күтә күшли емес еди. Ең төменги басқышларда «Ҳүким етиў» ҳәм «Өсек айтыў» оқлары атылып атырған еди. Бирақ, қалған душпан армиясының басым көпшилиги үлкен ақ бүркитлерге ҳүжим жасап атырған еди. Бүркитлер жүдә аңсатлық пенен олардың ҳүжимин жеңип атыр еди.

Бизлер таўдың тап ең төменги басқышына шекем төмен түстик. «Қутқарылыў» ҳәм «Мухаддеслениў» басқышларынан кейин, дәрҳал, «Миннетдаршылық ҳәм алғыс-мақтаў» басқышы басланар еди. Бул басқыш жүдә жақсы мениң ядымда қалған еди. Себеби душпанның ең үлкен ҳүжимлериниң бири, мен усы басқышқа биринши рет минбекши болып атырғанымда жүз берген еди. Бизлер бул басқышқа көтерилгенимизден кейин, таўдың қалған басқышларына шығыў аңсатырақ болды. Душпанның оқлары бизлердиң әскерий саўытларымызды тесип өткен гезлери, жараларымыз тезден жазылып кетер еди.

Душпан мениң бул басқышта екенимди көрген заматы (қызығы, душпан Даналықты көрмес еди), мениң басыма жаўындай қылып отлы оқларын жаўдыра баслады. Мен қалқанымның жәрдеминде оларды аңсат қайтара алдым. Душпан

буны көрип атқанын тоқтатты. Душпан оқлары таўсылар алдында еди, сонлықтан олар оқларын бостан-босқа ата алмады.

Бул басқышта турып душпан менен гүресип атырған әскерлер ҳайран болып, маған көзлерин тигип қалды. Олардың көзлериндеги соншелли үлкен ҳүрметти көрип, мен өзимди жүдә қолайсыз сезип басладым. Сол гезде ғана мен биринши рет, қуралларымда Ийемиздиң даңқ-саўлаты сәўлеленип турғанлығын байқадым. Мен оларға тоқтамастан таўға миниўди ҳәм олар да Жаратқан Ийени көретуғынлығын айттым. Олардың барлығы келисип, жоқары көтерилмекши болғаны да сол, оларға Даналық көрине баслады. Олар диз шөгип, оған тәжим ете баслады, бирақ Даналық оларды тоқтатып, оларға жүрер жолын көрсетти.

## САДЫҚЛЫҚ

Мен бул әскерлерди қатты жақсы көрип кеттим. Олардың көпшилиги ҳаяллар ҳәм балалар еди. Олардың қураллары пүткиллей тәртиптен шыққан, ал өзлери қанға боялған еди. Бирақ, соған қарамастан, олар жеңилмеген еди. Оның үстине, олар қуўанышлы ҳәм сергек еди. Мен оларға: «Сизлер меннен де көбирек ҳүрметке ылайықлысыз», - дедим. Себеби олар саўаштың ең аўыр бөлегин өз мойынларына алып, өз шегарасын жаўға бермей қорғаған еди. Олар маған исенбегендей болып көринди, бирақ бул айтқан сөзим оларға унады. Соған қарамастан, мен буның шын екенин ҳақыйқаттан да сезген едим.

Таўдың ҳәр бир басқышы Масиҳтың әскерлери менен толыўы керек еди. Басқаша жағдайда, ол жерлерге қара қуслар ушып келип, қашан ол жерде турыў мүмкин емес болмағанынша, қусықларын ҳәм дәретлерин төгер еди. Текшелердиң көпшилик бөлегинде мен таныйтуғын әскерлер жайласқан еди. Олар ҳәр қыйлы деноминациядан ямаса

қозғалыстан ибарат болып, өзлери қорғап турған басқыштың ҳақыйқат екенине баслы итибарларын қаратар еди. Мен бул топарлардың гей биреўлерине бурын қылған қатнасларымнан уялып кеттим. Себеби мен оларды я исенимнен қайтқанлар, я Қудайдың панасынан айрылғанлар деп ойлайтуғын едим. Бирақ мен бул жерде олардың душпанның қәҳәрли ҳүжимлерин қаншелли садық түрде қайтарып атырғанлығын көрдим. Олардың бул басқышларды қорғап турғанлығы себепли, бәлким, мен таўға жоқары көтерилиўге мүмкиншилик алған шығарман.

Бул басқышлардың гей биреўлери сондай болып жайласқан еди, ол жерлерде турып, таўдың қалған көпшилик бөлегин ҳәм саўаш майданын көриў мүмкин еди. Бирақ гей бир басқышлар соншелли дәрежеде бир шетте, басқаларынан ажыралып қалған еди. Ол жерлерде турған әскерлер тек өз басқышларын ғана көре алар еди. Ҳәтте, олар әтирапында қаншелли қәҳәрли урыстың болып атырғанлығын да ҳеш билмейтуғындай еди. Көбинесе олар «Өсек» ҳәм «Ҳүким етиў» оқларынан қатты жарақатланғанлықтан, оларға жоқарырақ басқыштан түсип келип, оларды жоқары көтерилиўге шақырған әскерлердиң қәлеген усынысына қарсылық көрсетер еди. Бирақ оларға ең жоғарғы басқыштан Жаратқан Ийениң саўлатын сәўлелендирип турған адам түсип келгенде, олар уллы қуўаныш пенен оған қулақ асты ҳәм тез арада батырлық ҳәм мәртлик пенен жоқарыға көтерилип баслады. Мен буны көрген ўақтымда, Даналық кем сөзли болып, мениң не қылып атырғанлығымды қызығыўшылық пенен гүзетип турған еди.

## АШЫЛҒАН ҲАҚЫЙҚАТ

Мен таўдың ең жоқарсында болған көп ғана әскерлердиң төмендеги ҳәр бир басқышқа түсип атырғанын көрдим. Олар өз басқышларының ҳақыйқатлығын қорғап турған әскерлерди азат етпекши еди. Сол ўақытта жоқарыдан келген әскерлер алып

келген саўлатқа хәр бир басқыш тола баслады. Тез арада пүткил таў Жаратқан Ийениң даңқ-саўлатына толып кетип, жақын этирапта жайласқан қара қуслар менен жинлердиң көзлерин қамастырып таслады. Ақыры таў сондай даңқ-саўлатқа толды, ол тап Қудайдың бағы сыяқлы болып қалды.

Мен Жаратқан Ийениң хүзирин сезиўден-ақ, Оған миннетдаршылық билдирип, Оны алғыслап басладым. Ишки дүньямды толтырып жиберген даңқ-саўлатты хәм ишки сезимлеримди услап турыў мүмкин емес еди. Басымнан кеширип атырған нәрселерим соншелли күшли болған еди, хәтте, мен орнымда қатып қалдым. Даналық жанымда турды. Мениң ийниме қолын қойып, ол былай деди:

**- Жаратқан Ийениң дәрўазасына алғыслар менен, ал Оның хәўлисине мақтаўлар менен кир!**

- Бирақ ол бағ – ҳақыйқат еди-ғо! Мен өзимди қайтадан сол жерде шығарман деп ойлап қалдым, - деп бақырып жибердим мен.

**- Сен сол жерде болдың**, - деп жуўап берди Даналық, - **Ол жер *енди* ҳақыйқат болған жоқ, ал сениң өзиң өзгердиң. Жаратқан Ийениң атанақ ағашта турып, карақшыға: ''Бүгин-ақ Мениң менен бейиште бирге боласаң'', - деп айтқаны есиңде ме? Сен бейишке қәлеген гезиңде кире аласаң. Жаратқан Ийе, Оның бағы хәм бул таў – булардың хәммеси сениң ишиңде жасайды, өйткени Ол сенде. Бурын сен тек болжап жүрген нәрселер, енди саған ҳақыйқатқа айланды, өйткени сен таўдың ең шыңында болдың. Мени басқалар көре алмай, ал сен көре алатуғыныңның себеби – сениң мен жасайтуғын шегараға киргенлигиңнен емес. Бул ҳақыйқатты пайғамбарлар билген, соның ушын олар, хәтте, пүткил бир армияға жалғыз қарсы турғанда да, хеш нәрседен қорқпаған.**

## ӨЛИМ ДУЗАҒЫ

Кейин мен таўдың етегиндеги саўаш майданына қайтадан қарадым. Жин-жыпырлардың армиясы әсте кейин шегинип атырған еди. Мениң артымда кем-кемнен көбирек даңқ-саўлатлы әскерлер таўдағы өз орнын ийелей баслады. Мен енди душпан армиясының қалған бөлегине ҳүжим жасап, жоқ қылыўға санымыз жетерли екенлигин билер едим.

**- Еле ўақыт келмеди! Ана жерге қара!** - деди Даналық

Мен оның көрсеткен жағына қарадым, бирақ ол жерде бир затты көриўдиң орнына, өз қуралларымнан шығып турған даңқ-саўлаттың сәўлесинен көзлерим қамасып, көзлеримди қолым менен басыўыма туўра келди. Кейин ол жерде бир ҳәрекеттиң болып атырғанлығын байқап қалдым.

Мен оның не екенлигин анықлап көре алмадым, себеби қуралларымнан шығып турған саўлаттың сәўлеси қараңғылықта не болып атырғанлығын маған көрсетпеди. Сонда мен көзлеримди қамастырмаўы ушын, қуралларымды жаўғандай бир зат бериўин Даналықтан сорадым. Ол маған сур реңдеги жүдә әпиўайы бир кийим берди. Маған берилген бул кийимниң дым көриксизлигинен аз ғана ренжиген мен:

-Бул не? - деп сорадым.

- **Бул Әпиўайылық. Олсыз сен жақсы көре алмайсаң**, - деп жуўап берди Даналық.

Мен дым қәлемей, оны кийдим ҳәм бурын көре алмаған жүдә көп нәрселеримди сол ўақытта-ақ көрип басладым. Мени жүдә ҳайран қалдырған нәрсе, ол жерде душпан армиясының толық бир дивизионы жасырнып турған екен. Ол таўдан түскен әскерлерди дузаққа түсириўге имканият күтип турған еди.

- Бул не армия? Ол қалай саўаштан аман қалған? - дедим мен.

**- Бул – Менменлик. Ол даңқ-саўлатта болғаннан кейин көриў ең қыйын болатуғын душпан. Әпиўайы сур кийимди кийиўден бас тартқанлар, бул ең шебер душпаннан көп азап шегеди,** - деп түсиндирди Даналық.

Басымды бурып, мен таўға қарадым ҳәм жүдә көп саўлатлы жаўынгерлердиң душпан күшлериниң қалған бөлеклерине ҳүжим жасаў ушын, тегисликке қарай жуўырып баратырғанлығын көрдим. Олардың бир де биреўиниң үстинде әпиўайылық кийими жоқ еди. Сонлықтан оларға ҳүжим жасаўға таяр турған душпанды олар көре алмады. Мен оларды тоқтатыў мақсетинде оларға жуўырмақшы болдым, бирақ Даналық мени тоқтатты.

**- Сен оларды тоқтата алмайсаң. Тек сениң үстиңдегидей кийимди кийип жүрген әскерлер ғана, сениң атақ-абырайыңды тән алады. Изиме ер! Киятырған бул уллы саўашта басшылық етиўге жәрдем бере алыўың ушын, алдын сениң көриўиң тийис болған және бир зат бар,** - деди Даналық.

## ДАҢҚ-САЎЛАТТЫҢ ТИЙКАРЫ

Даналық мени таўдың ең төменине - «Қутқарылыў» деп аталатуғын басқышқа алып барды.

**- Сен буны ең төменги басқыш деп ойлайсаң ба? Бирақ бул – пүткил таўдың ең тийкары. Қәлеген исте биринши адым – ең әҳмийетлиси. Әлбетте, ол ең қыйыны болады. «Қутқарылыў» болмағанда, таў да болмаған болар еди**, – деди Даналық.

Мен бул басқышта болып атырған қанлы урысты көрип, аң-таңым шықты. Ҳәр бир әскер аўыр жарақатланған еди, бирақ ҳеш қайсысы набыт болмады. Олардың көпшилиги ең төменге

дейин түсип кетер еди. Олар тап ҳәзир қулап кететуғындай еди, бирақ ҳеш қайсысы қуламады. Барлық жерлерде бул әскерлерге ***жүдә үлкен қуўаныш*** пенен жәрдемлесип жүрген периштелер бар еди. Мен:

- Олар неге буншелли қуўанады? - деп сорадым.

**- Периштелер бул әскерлердиң ғайратын ҳәм батырлығын көрди. Бул жақында тәўбе еткен масиҳыйлардың көпшилиги еле бир адым да алға жылжыған жоқ, бирақ сонда да олар тәслим болмады. Тез арада олардың жарақатлары шыпаланады, сонда олар пүткил таўдың даңқ-саўлатын көреди ҳәм жоқарыға көтерилиўди баслайды. Бул адамлар алдымызда киятырған саўашта уллы жаўынгерлерге айланады.**

- Бирақ олар ҳәзирден баслап, бизлер менен бирге таўға көтерилип баслағаны жақсы емес пе? - деп қарсылық билдирдим мен, олардың қандай ҳалатта екенин көргенимнен соң.

**- Бул сениң ушын жақсы болған еди, бирақ олар ушын емес. Бул жерде қалған олар душпан армиясының дыққатын өзлерине қаратып, сениң жоқарыға баратуғын жолыңды жеңиллестирген еди. Ең жоқарыдағы басқышлардан тек жүдә азғантайлары ғана төмен түсип, басқа адамларды қутқарылыўға әкеледи. Бирақ бул жарақатланған әскерлер буны ҳәммеден көп ислейди. Олардың өзлери бул таўдың ең биринши басқышында зорға-зорға турғанына қарамастан, басқаларға бул текшеге миниўге жәрдемлеседи. Құдиретли жаўынгерлердиң көпшилиги, әне, усы садық әскерлер тәрепинен таўға әкелингени ҳақыйқат. Олар таўдың ең бийик шыңына шыққанлардан қалыспайтуғын қаҳарманлар. Олар барқулла адамларды «Қутқарылыў»ға әкелип, Аспанға уллы қуўаныш бағышлайды. Әне, соның ушын, Аспандағы барлық периштелер оларға келип, оларға хызмет етиўди**

**қәлейди, бирақ тек биринши дәрежели периштелерге ғана бул ушын рухсат етиледи.**

Мен бул уллы мухаддеслерге қылған қарым-қатнасыма қайтадан қатты уялып кеттим. Көпшилигимиз жоқарылаў басқышларға минип баратырғанымызда, олардың үстинен күлген едик. Дурыс, бул саўашта олар көп қәтелер жиберген. Бирақ соған қарамастан, бизлердиң көпшилигимиздикине қарағанда, олардың жүреги Шопанның жүрегине жақынлаў еди. Жаратқан Ийемиздиң Өзи 99 қойын таслап, жоғалған 1 қойын излеп кеткен болар еди. Бул адамлар жоғалған жанларды қутқарылыўға әкеле алатуғын жерлерде қалған еди. Олар бул ушын үлкен төлем төлеп атырған еди. Мен де оларға жәрдем бергим келди, бирақ неден басларымды билмедим. Сонда Даналық:

**- Сениң жәрдем бериң келгени жақсы. Бирақ, егер сен өзиң шақырылған иске қарай жүриўди даўам етсең, оларға көп жәрдем бере алған болар едиң. Бул адамлардың бәри тез арада жарақатларынан саўалады ҳәм тезден таўға көтерилиўди баслайды. Кейинирек олар бул саўашта сениң менен биригеди. Олар ҳеш қашан душпан алдында тәслим болмайтуғын ер жүрек адамлар!** - деди.

## МЕНМЕНЛИК КҮШИ

Мен таўдан түсип баратырып, таўға минип баратырып алғанымнан қалыспайтын сабақларды алғаным ҳаққында ойладым. Сол ўақытта саўаш майданынан еситилген шаўқымды еситтим. Бул ўақытқа келип, мыңлаған қүдиретли жаўынгерлер душпан әскерлериниң қалған бөлеклерине ҳүжим етип, тегисликти кесип өткен еди. «Менменлик» деп аталыўшы бир дивизионнан басқа, душпанның барлық күши жан-жаққа тым-тырақай қашып баратырған еди. Көзге көринбей қалған бул

дивизион ҳүжимдеги жаўынгерлердиң биринши қатарына жүдә жақын келип, оларға жүдә көп сандағы оқларды жаўдырыўға таярлана баслады. Сол гезде мен бул қүдиретли жаўынгерлердиң арқасында саўытлары жоқ екенлигин көрдим. Душпан оқларын гөзлеген жерде оларды қорғайтуғын ҳеш нәрсе жоқ еди.

Сонда Даналық былай деди: «**Сен арқа ушын саўыт жоқ екени ҳаққында тәлим берген едиң. Бул, егер масиҳый душпаннан қашса, оның арқасы душпанға ашық қалады, дегенди аңлатады. Бирақ, егер сен менменликтен атлап өтсең, душпанға қаншелли дәрежеде ашық қалатуғыныңды ҳеш қашан көрмеген едиң**».

Мен мақуллаған түрде басымды ийзеўден басқа ҳеш нәрсе қылалмадым. Бир нәрсе қылыўға дым кеш болған еди. Буған қарап шыдап тура алмадым, бирақ Даналық мениң қалыўым кереклигин айтты. Мени таң қалдырған нәрсе, менменлик оқлары жаўынгерлердиң арқасына қадалған гезде, олар буны, ҳәтте, сезбеди де. Бирақ душпан оқ атыўын даўам ете берди. Жаўынгерлер қанға боялып, тез ҳәлсиреп баслады. Бирақ олар буны тән алған жоқ. Тез арада олар соншелли дәрежеде ҳәлсиреп, қылышлары менен қалқанларын қолларында услап тура алмай қалды. Сонда олар: «Булардың енди бизлерге керегиси жоқ», - деп оларды ылақтыра баслады. Кейин олар үстилеринен барлық жаўынгерлик саўыт-сайманларын шешип, олардың да енди керегиси жоқ екенин айтып, ылақтыра баслады.

Сонда жаңадан душпанның бир дивизионы пайда болып, тез жақынласа баслады. Ол дивизионның аты «Үлкен Жалған» еди. Олар оқларын жаўындай етип жаўдыра баслады ҳәм барлығы гөзлеген жерлерине тийди. Кейин «Үлкен Жалған» дивизионы жинлериниң кишкене бир топары, бираз алдын даңқ-саўлатлы жаўынгерлерден қуралған уллы армияны ары қарай жетелеп баратырғанын көрдим. Жаўынгерлер ҳәр қыйлы түрме

қамақханаларына түсти, бул түрмелердиң хәр қайсысында, сол жинлердиң жалған тәлимлерине сай, өз атамалары бар еди. Мен ҳақ адамлардың үлкен армиясының, ҳәтте, өзлери сезбеген ҳалда, толық жеңилиске ушырағанына аң-таң болып қалған едим.

- Қалай, сондай күшли болып турып, таўдың ең бийик шыңына дейин жолдың бәрин басып өтип, Жаратқан Ийени көрип болып, соншелли дәрежеде ҳәлсиз болыў мүмкин? - деп бирден бақырып жибердим.

**- Менменлик – бул көриў ең ишинде қыйын болған душпан. Ол барқулла сениң артыңнан ҳүжим жасайды. Арасында таўдың ең бийик шыңында болғанлар, ҳәммеден де бетер қулаў қәўпине ушырайды. Сен барқулла мына нәрсени ядыңда тут: сен қәлеген ўақытта, қәлеген басқыштан қулаўың мүмкин. '<u>Егер турыппан деп ойласаң, онда қулап қалыўдан сақ бол</u>'. Сен: ''Ҳәлсиз жерим жоқ'' ҳәм ''Қулаўым мүмкин емес'', - деп ойлаған ўақтында, тап сол ўақытта, сен көбирек ҳәлсиз боласаң. Көп адамлар үлкен жеңиске ерисиўден кейин дәрҳал қулайды,** - деди Даналық қайғы менен.

## САЎАШ УШЫН ДАНАЛЫҚ

- Бизлер бундай ҳүжимнен қалай қорғансақ болады? - дедим.

**- Мениң менен бирге бол. Ҳәр бир әҳмийетли шешимнен алдын Жаратқан Ийеден кеңес сора. Барқулла әпиўайылық кийиминде жүр. Сонда хеш қашан душпан сениң көзиңди қамастырып, басқалардай етип, сени алдай алмайды.**

Мен үстимдеги көриксиз кийимге қарадым. Ол дым әпиўайы ҳәм дым көриксиз еди. Оның ишинде мен жаўынгерге қарағанда, үйи жоқ адамға уқсайтуғын едим. Мен буны тап даўыслап айтқандай, Даналық маған дәрҳал жуўап қайтарды:

**- Жаратқан Ийе патшаларға қарағанда, үйсизлерге жақынырақ. Сен Қудай Мийриминде қаншелли дәрежеде терең жүрсең, соншелли дәрежедеги бәлент күшке ийе боласаң. Ал Қудай Өз Мийримин кишпейиллерге береди. Душпанда бул кишипейиллик кийимин тесип өте алатуғын бир де бир қурал жоқ, себеби Оның Мийриминен күшлирек ҳеш нәрсе жоқ. Сен бул кийимде жүрген ўақтыңда, сондай ҳүжимлерден қәўипсиз боласаң**.

Кейин мен бурылып, таўда қанша жаўынгерлер қалғанын көриў ушын қарадым. Олардың жүдә аз екенлигин көрип, мен қатты таң қалдым. Сонда мен олардың барлығының әпиўайылық шапанына кийинип алғанлығын көрдим. Мен қызықсынып:

- Бул қалай жүз берди? - деп сорадым.

**- Сен жаңа ғана гүўа болған сол саўашты олар көрген ўақытта, олардың ҳәммеси меннен жәрдем сорап баслады ҳәм мен оларға олардың шапанларын бердим**, - деп жуўап берди Даналық.

- Ал мен болсам, бул ўақытлары сен мениң қасымда болдың деп ойлаппан.

**- Ким Әкениң еркин орынлаўға баратырса, мен олардың барлығының қасында боламан**, - деп жуўап берди Даналық.

- Сен Жаратқан Ийе екенсең-ғо! - деп бақырып жибердим мен.

**- Аўа,** - деп жуўап берди Ол, **- Мен саған: ‘‘Сени ҳеш қашан таслап ҳәм қалдырып кетпеймен’’, - деп айтып едим-**

**ғо. Мен сениң қасында болғаным сыяқлы, Өзимниң барлық жаўынгерлеримниң қасындаман. Сен Мениң еркимди орынлайтуғын ҳәмме жерде ҳәм саған керек болған қәлеген жерде, Мен сениң қасында боламан**.

Кейин Ол ғайып болды.

## ҚУДАЙ ПАТШАЛЫҒЫНДАҒЫ ИЕРАРХИЯ РАНГЛАРЫ

Мен жүдә көп сандағы периштелердиң ортасында қалдым. Бул периштелер «Қутқарылыў» басқышындағы жарақатланған әскерлерге хызмет атып атыр еди. Мен бул периштелердиң қасынан өтип баратырғанымда, олардың мениң қарсымда бир аяғын бүгип, маған жүдә уллы ҳүрмет көрсетип атырғанларын байқадым. Ақыр-соңында мен олардың биреўинен:

- Не ушын сизлер бундай қылып атырсызлар, себеби сизлердиң ең кишкенеңиздиң өзи меннен анағурлым көбирек күшке ийе-ғо? - деп сорадым. Ол жуўап берип:

- Себеби сениң үстиңде шапан бар. Бул – Патшалықтағы ең жоқары ранг (дәреже)! - деп жуўап берди.

- Бирақ бул тек бир көриксиз кийим-ғо! - дедим мен таң қалып.

- Яқ! - деп қарсылық билдирди периште, - сен Қудай Мийримине кийингенсең. Оннан үлкен күш жоқ!

- Бирақ бизлердиң мыңлағанымыз бул шапанларға кийинип алғанбыз-ғо. Бул қалай рангты (дәрежени) билдире алады? - деп сорадым.

- Сизлер – айбатлы жаўынгерлерсиз, Патшаның уллары ҳәм қызларысыз. Оның Өзи де жерде жүргенинде бул шапанды кийип жүрген еди. Сениң үстиңде қашан бул шапан бар екен,

Аспандағы ҳәм жердеги ҳеш қандай күш саған қарсы тура алмайды. Бул шапанды Аспанда да, жерде де, ҳәмме тән алады. Бизлер Оның хызметкерлеримиз, бирақ Ол сениң ишиңде ҳәм сен Оның Мийримине кийинип алғансаң.

Ишимнен соны түсиндим, егер менде бул шапан болмағанда, мениң даңқ-саўлатлы қуралларым ҳәммениң көз алдында жарқырап, бул периштениң маған айтқан сөзлери менен маған көрсеткен ҳүрмети растан да мени менмен қылып жиберген болар еди. Бирақ бул әпиўайы сур шапанда турып, менменсиреў ямаса мақтаныў мүмкин емес еди. Деген менен, үстимде бул шапанды кийгеннен берли, мен кем-кемнен исенимге толып бардым.

# 3 - БӨЛИМ

## Бүркитлердиң қайтыш келиўи

Сол ўақытта мен көз ушымда үлкен бир ақ бултты көрдим. Ол күшли пәт пенен жақынласа баслады. Мен оны көрген ўақтымда, ишимде Үмит ушқынлары күшейе баслады. Қуяш шығып, оның нурлары түнги қараңғылықты қуўып шығарғандай, пүткил атмосфера Үмитке тола баслады. Бул булт жақынлағанда, мен оның Өмир Терегинен ушып киятырған үлкен ақ бүркитлер екенлигин көрдим. Олар таў үстине қонып, ҳәр бир басқыштағы жаўынгерлердиң жанынан өз орынларын ийелей баслады.

Сонда үлкен бир бүркит әжайып саўлат пенен мениң жаныма қонды ҳәм мен дәрҳал оның қасына жақынласа басладым. Себеби оның ҳүзириниң өзи-ақ мениң жүрегимди елжиретип жиберген еди. Ол маған өзиниң өткир көзлери менен қараған ўақытта, оннан ҳеш нәрсени жасыра алмайтуғынымды түсиндим. Оның көзлеринде сондай күшли дәрежеде от ҳәм батырлық бар еди. Мен өзимди бир түрли сезип, етим түршигип кетти. Оннан еле сорап үлгермесимнен бурын-ақ, ол маған жуўап берди:

- Бизлердиң ким екенлигимизди билмекшимисең? Бизлер бул саат ушын жасырын таярланған пайғамбарлармыз. Бизлер Қудайдан шектен тыс күшли қурал алған Оның әскерлериниң көзлеримиз. Бизлерге Жаратқан Ийениң не ислеп атырғаны ҳәм душпанның сизлерге қарсы дүзген жобалары ашып көрсетилди. Бизлер пуқталық пенен пүткил жер бетин көрип шықтық. Сонлықтан саўашты нәтийжели алып барыў ушын керек болған барлық нәрселерди билемиз.

- Сизлер жаңа ғана бул жерде болып өткен саўашты көрмедиңизлер ме? Сизлер жаңа ғана тутқын болған жаўынгерлерге жәрдем бере алмадыңызлар ма? – дедим мен өзимниң қарсылығымды билдириў ушын бар даўысымды көтерип.

- Аўа, бизлер барлығын көрдик ҳәм оларға жәрдем бере алар едик, бирақ, егер олар буны қәлегенде. Деген менен, бизлер оларды тек ғана тоқтатып тура алған болар едик. Бизлер тек Әкемиздиң бизлерге буйырған саўашларын ғана жүргизе аламыз ҳәм тек бизлерге исенетуғынларға ғана жәрдем бере аламыз. Бизлерди қандай болсақ, сондай ҳалда, яғный пайғамбарлар сыпатында қабыл ететуғынлар ғана, пайғамбардың сыйлығын ала алады, яғный бизлердиң хызметимизден пайдалана алады. Дузаққа түскен сол әскерлер әпиўайылық шапанын киймеген еди, ал ол кийимсиз бизлердиң ким екенимизди түсиниў мүмкин емес. Бизлердиң барлығымыз: жарадарлар да, сен танымайтуғын көплер де бир-биримизге мүтәжбиз.

## БҮРКИТТИҢ ЖҮРЕГИ

Бүркит пенен сөйлесер екенмен, тез арада мен де тап ол сыяқлы ой-пикир жүрите басладым. Бул қысқа сәўбеттен кейин мен бүркиттиң жүрегине нәзер сала алдым ҳәм ол мени қалай таныса, мен де оны солай таный басладым. Бүркит буны түсинди.

- Сен де бизлерге берилген бир қанша сыйларға ийесең, - деди бүркит, - бирақ олар сенде қатты раўажланбаған. Сен оларды сийрек қолландың. Мен бул жерге келгенимниң себеби, сизлердиң көпшилигиңиздиң ишиндеги бул сыйларды оятыў ҳәм олардан пайдаланыўды үйретиў. Бул исте бизлердиң қарым-қатнасымыз беккем болады. Ол беккем болыўы да тийис, болмаса, бизлердиң барлығымыз көп нәрселерди қолдан

жиберип қоямыз ҳәм жеңиске ерисиўимиз мүмкин болған көп имканятлардан айырыламыз.

- Сизлер жаңа қаяқтан ушып келдиңлер? - деп сорадым.

- Бизлер жыланларды жеймиз. Душпан – бул бизлердиң нанымыз. Бизлердиң аўқатымыз – Қудайдың еркин орынлаўдан, яғный шайтанның исин бузыўдан ибарат. Ҳәр сапары бизлер жыланларды жеген ўақтымызда, бул бизлердиң көзлеримизди еле де өткирлеў қылады. Ҳәр сапары бизлер душпанның қорғанларын қулатқан ўақтымызда, бул бизлерди еле де беккемирек қылып, бизлерге күш-қуўат бағышлайды. Нәтийжеде, бизлер үлкен бәлентликлерде пәрўаз етип, ҳаўада узақ ўақыт қала алатуғын боламыз. Бизлер ҳәзир тойдан киятырмыз, ол жерде бизлер көп туўысқанларымызды байлап турған жүдә көп «уят» жыланларын жемтик қылдық. Ол туўысқанлар да тез арада усы жерде болады. Бизлер оларға жол көрсетиў ушын, бир қанша бүркитлерди таслап кеттик. Бүркитлер оларды душпанның қарсы ҳүжимлеринен қорғайды, - деп жуўап берди бүркит.

Бул бүркитлер өзлерине жүдә исеними кәмил еди, бирақ ҳеш менменсиремес еди. Олар өзлериниң ким екенин ҳәм нени ислеўи керек екенин билер еди. Олар, жәнe, бизлерди де ҳәм келешекти де билер еди. Олардың исеними маған тынышлық инам етти. Әсиресе, әтирапимызда еле жарадар болып жатырғанларға үлкен тынышлық берди. Ҳәтте, сөйлей алмайтуғын жүдә ҳәлсизлери мениң қасымда отырып, мениң бүркит пенен сөйлескен сөзлеримди тыңлап отырды. Олар бүркитке, тап жойтылып кеткен бала жаңа ғана өзин таўып алған әкесине қалай қараса, сондай етип қарап турар еди.

## МУХАДДЕС РУЎХТЫҢ САМАЛЫ

Бүркит жарақатланғанларға қараған гезде, оның түр-түси өзгерип кетти. Мен көрген жалынлы батырлықтың орнына,

оның нәзери жарақатланғанларға деген мийрим-шәпәәтке ҳәм жаны ашыўлыққа толды. Оның көзлери тап меҳрибан атаның көзлериндей болған еди. Бүркит қанатларын кең жайып, қаға баслады. Сонда жарақатланғанларға таза салқын самал есе баслады. Бул самал бурын мен сезген ҳеш бир самалға уқсамас еди. Ҳәр дем алғанымда, күшке толып атырғанымды ҳәм маған үлкен ақыл-даналық кирип атырғанлығын сезе басладым. Тез арада жарадарлар орынларынан турып, Қудайға шын жүректен табына баслады. Сонда мениң көзлеримнен ериксиз жас аға баслады. Сонда мен бул басқыштағылардың үстинен күлгеним ушын, қайтадан қатты уялдым. Олар таўдан түскен бизлерге қарағанда жүдә ҳәлсиздей ҳәм гөдектей болып көринер еди. Бирақ олар бизлерге қарағанда анағурлым көбирек қыйыншылықларға дус келген, бирақ сонда да садық қалғанлар еди. Қудай оларды шайтаннан сақлады ҳәм олар Қудайды уллы сүйиспеншилик пенен жақсы көрип қалды.

Мен таўға нәзер салдым. Пүткил таў бойлап тап ең жоқарғы шыңына дейин, бүркитлер қанатларын қағып тур еди. Сонда таўдағы ҳәр бир адам олардың пайда етип турған самалынан жаңарар ҳәм тазарар еди. Тез арада ҳәмме Жаратқан Ийеге табыныўды баслады. Басында ҳәр түрли басқышлардағы қосық бир демге түсе алмай турды. Бирақ арадан бираз ўақыт өткеннен кейин, ҳәр бир басқыштағы ҳәр бир адам бир-бири менен минсиз үнлесликте қосық айта баслады. Бундай әжайып қосықты бурын ҳеш қашан жер бетинде еситпеген едим. Бул қосықтың ҳеш таўсылмағанын қәледим. Себеби бул бизлердиң бағда табынғанымыздай табыныў еди, бирақ енди ол бурынғыдан да бетер толығырақ ҳәм рәң-бәреңирек еди. Буның себеби бизлердиң туўрыдан-туўры душпанның ҳүзиринде, таўды қоршаған қараңғылық пенен зулымлықтың арасында Қудайға табынып турғанымызда еди. Соның себебинен табыныў – бурынғыдан да әжайыбырақ еди. Бизлер қанша ўақыт табынғанымызды: күнлер болды ма, саатлар болды ма ямаса

минутлар даўам етти ме билмеймен. Күтилмегенде, бүркитлер қанатларын қағыуды тоқтатты ҳәм барлығы да тоқтады.

- Не ушын сизлер тоқтадыңлар? - деп алдын сөйлескен бүркитимнен сорадым.

- Себеби олар жарақатларды шыпалап болды. Ҳақыйқый табыныў – қәлеген жараны шыпалай алады! - деп жуўап берди ол бурын жарадар болғанлардың енди толық саў-саламат болып, орынларында турғанлығын көрсетип.

- Илтимас, және сондай қылыңлар, - деп жалына басладым.

- Бизлер буны еле көп мәрте қыламыз, бирақ қашан қылатуғынымызды бизлер шешпеймиз. Сен сезген Самал – Мухаддес Руўх еди. Бизлерди Ол басқарады, ал бизлер Оны емес. Ол жарадарларды шыпалап, ҳәммесин бирликке әкелди. Бирлик – алдымызда болатуғын саўашты жүргизиўдиң **зәрүрли шәрти! Ҳақыйқый табыныў – және де, Ийсаның басына қымбат баҳалы зәйтүн майын қуяды. Сонда бул май пүткил дене бойлап ағып, бизлерди Оның менен ҳәм бир-биримиз бенен бириктиреди.** Оның менен бириккен ҳеш бир адам бурынғысындай болып ямаса напәк болып қалалмайды. Оның Қаны – бул таза өмир. Бизлер Оның менен бириккен ўақтымызда, Оның Қаны бизлерде де ағып баслайды ҳәм бизлер таза өмирге ийе боламыз. Бизлер Оның менен бириккен ўақтымызда, бизлер, және де, пүткил Дене менен де биригемиз ҳәм Оның Қаны бизлердиң ҳәммемиз арқалы ағады. Сен өз денеңдеги жараңды қалай емлейсең, қан денеңниң жараланған жерине барып, оның питиўин тәмийинлеўи ушын, оны жаппайсаң ба? Егер Оның Денесинде қандай да бир жери жараланған болса, бизлер Оның менен биригип, қашан ол толық саўалып кетпегенинше, Оннан сораўымыз керек. Ийсада бизлердиң бәримиз бирмиз.

Табыныўдан пайда болған уллы туйғы-сезимлерим мени бийлеп алғанлығы соншелли, бул кишкене тәлим бурын еситкен тәлимлеримниң ишиндеги ең баслысындай болып көринди, ҳәтте, ол бурын мениң үйретип жүрген тәлимим болса да. Мухаддес Руўх ҳәрекет еткен ўақытлары, ҳәр бир сөз қаншелли әпиўайы болыўына қарамастан, саўлатқа толы еди. Оннан қалса, бул мени сондай муҳаббатқа толтырды: мен ҳәммени, ҳәтте, отлы көзли бүркитлерди де қосып қушақлағым келди. Кейин тап үстиме жасыл түскендей, бирден тутқын болған сол құдиретли жаўынгерлер мениң есиме түсти. Бүркит буны сезди, бирақ ҳеш нәрсе айтпады. Ол дыққат пенен мени бақлап турды. Ақыр-соңында мен былай дедим:

- Бизлер жаңа ғана жоғалтқан әскерлеримизди қайтарып ала аламыз ба?

## ПАТШАНЫҢ ҚАЙҒЫРҒАН ЖҮРЕГИ

- Бул сезимниң сенде пайда болғаны жақсы, - деди бүркит, - Қашан пүткил дене қайта тикленип болмағанынша, бизлер толықлыққа ийе бола алмаймыз ҳәм бизлердиң табыныўымыз да минсиз бола алмайды. Қашан ҳәмме бир денеде толық бирикпегенше, ҳәтте, Патшаның Өзиниң ҳүзириндеги ең жоқарғы табыныўда да бизлер бул бослықты сезип турамыз. Себеби Патшамыз да буны сезип турады. Тутқынлықтағы туўысқанларымыз ушын бәримиз қайғыдамыз, бирақ оннан да бетер, бизлер Патшамыздың жүреги ушын қайғырамыз. Сен өзиңниң барлық балаларыңды сүйесең, аўырып яки жараланып қалғанғы болса, қапа боласаң. Ол да Өзиниң барлық балаларын сүйеди ҳәм бар дыққат-итибарын жараланғанларына, жәбир шеккенлерине қаратады. Бизлер Патшамыз ушын қашан барлығы орнына қайтпағанынша, тоқтамаўымыз тийис. Кимдур еле жарадар екен, Оның жүреги де жарадар.

## ТАЎЛАРДЫ КӨШИРЕТУҒЫН ИСЕНИМ

Бүркиттиң қасында отырып, оның айтқанлары бойынша терең ойға батып кеттим. Ақыр-соңында мен былай дедим:

- Мен ҳәзир сен арқалы Даналықтың сойлеп турғанлығын билемен. Себеби сен сойлеген ўақытта, мен Оның даўысын еситемен. Мен бул соңғы саўаштан алдын өзиме қатты исенетуғын едим. Бирақ сол әскерлер сыяқлы мен де өзиме исенгеним ушын ҳәм менменлигим себепли, олар менен бирликте аңсат ғана тутқын болайын деп қалдым. Бирақ Даналық мени тоқтатып қалды. Душпанды жек көргеним соншелли, өзиме күшим жетпей қалған еди. Туўысқанларымды азат етким келгени рас, бирақ бул сезимге қарағанда, душпанға деген жек көриўшилик сезими менде күшлирек еди. Таўға биринши рет келип, уллы гүреске кирискенимнен берли, мениң ислеген көп ғана жақсы нәрселерим, натуўры нийетлер менен исленипти. Ал көп ғана жаман ислерим, жақсы нийетлерден кейин исленипти. Қанша көп билгеним сайын, сонша өзиме деген исенимим азайып баратыр.

- Сен Даналық пенен көп ўақыт өткерген болыўың керек? - деп жуўап қайтарды бүркит.

- Мен Онда Ийемди таныйман дегенше, Ол көп ўақыт мениң менен бирге болды. Бирақ көбинесе мен Оған қарсыластым деген қәўетердемен. Ҳәзир маған еле бир нәрсе жетпей турғанын сезип турман. Мен енди саўашқа атланбасымнан бурын бир затқа қалай болмасын ийе болыўым керек, бирақ не нәрсе екенин билмеймен.

Бүркит маған: «Даналық сениң жүрегиңде саған сөйлеген ўақытта, сен Оның даўысын таныйсаң. Сен жақсы үйренип атырсаң, өйткени сенде шапан бар. Ҳәзир сениң сезип турған нәрсең – бул ҳақыйқый исеним», - деген ўақтында, бүркиттиң көзлери мени тесип жиберди.

- Исеним?! Мен үлкен гүманларым ҳаққында айтып атырман, – дедим мен таң қалып.

- Сениң өзиңе гүманланғаның – бул жетерли дәрежеде даналыққа ийе болғаның. Себеби ҳақыйқый исенимге ийе болған адам өзине емес, ал Қудайға сүйенеди. Сен мына тауды көшире алатуғындай исенимге жақынлап қалдың. Ол бурын ҳеш қашан болмаған жерлерге оны көширетуғын ўақыт келди. Бирақ сен ҳақсаң, саған елеге шекем жүдә бир әҳмийетли нәрсе жетпей тур. Сен еле Патшаның уллы ашылысын алыўың зәрүр. Сен таўдың ең бийик шыңына шығып, жолыңдағы ҳәр бир ҳақыйқатлыққа ерискен, Қудайдың бағында болып, Оның Улын көрген болсаң да, бәри-бир сен Қудай жобасының тек бир бөлегин ғана билесең. Оннан қалса, тек үстиртин.

Мен буның рас екенин түсиндим, сонлықтан бул сөзлерди еситиў мен ушын жубаныш болды.

- Мен көп мәртебе көп адамлар менен көп жағдайларды натуўры ҳүким еткенмен. Бүгинге шекем көп мәртебе Даналық мениң өмиримди қутқарып қалды, бирақ, сонда да, Даналықтың даўысы мениң ишимде елеге шекем жүдә әсте естиледи. Ал өзимниң ойларым менен сезимлерим болса, елеге шекем жүдә қатты ҳәм қатаң болып еситиледи. Даналық сен арқалы сөйлеген ўақытта, Ол өз жүрегимде сөйлегенге қарағанда, Оның даўысын қаттырақ еситемен. Соның ушын барқулла сениң қасыңда болыўым керек екенлигин билдим.

- Бизлер саған керек болғанымыз ушын бул жердемиз, - деди бүркит, - Сондай-ақ, сен де бизлерге керек болғаның ушын бул жердемиз. Менде жоқ сыйлар саған берилген, ал сенде жоқ сыйлар маған берилген. Өз тәжрийбеңде сен менде жоқ нәрселерди басыңнан кеширдиң, ал мен сениң ҳеш қашан билмеген нәрселериңди басымнан кеширдим. Қашан заманның ақыры болмағанша, бүркитлер саған, ал сен бизлерге берилгенсең. Мен бираз ўақыт саған жүдә жақын боламан, бирақ

кейин мениң орныма саған басқа бүркитлер бериледи. Барлық бүркитлер ҳәр қыйлы болады. Жаратқан Ийениң сырларын билиў бизлердиң бәримизге бир берилген, ал ҳәр қайсысымызға өз алдына емес.

## ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ ЕСИКЛЕРИ

Бүркит бул сөзлерди айтып болған соң, өзи отырған жар тастың текшесинен ҳаўаға көтерилди ҳәм бизлер турған басқыштың eң төменине ушып барды. «Берман кел», - деди ол. Оның қасына барғанымда, төменге қарай таўдың *eң тийкарына* алып баратуғын текшелерге көзим түсти. Ол жерде кишкене бир есик бар еди.

- Не ушын мен оны бурын көрмедим? - деп сорадым.

- Сен таўға биринши рет келгениңде, бул басқышта көп болмадың. Сонлықтан сен оны байқамадың, - деп жуўап берди ол.

- Сен буны қаяқтан билесең. Мен биринши рет бул таўға келген ўақтымда, сен де бул жерде болған ба едиң?

- Мен, ҳәтте, бул жерде болмағанымда да, бәри-бир буны билген болар едим. Себеби бул қапыны абайламағанлардың бәри бир себептен бундай қылады. Бирақ, расында да, мен бул жерде болған едим, - деди ол. – Сен таў жоқарысына көтерилиў ушын, гей бир әскерлердиң қасынан тез өтип кеткен едиң, мен сол әскерлердиң ишиндеги биреўимен.

Сол гезде ғана мен бул бүркиттеги адамды таныдым. Мен оны Қудайға келген гезлеримде ушыратқан едим ҳәм оның менен расында да бир нешше рет сөйлескеним ядыма түсти. Ол сөзин даўам етип:

- Сол гезлери мен сениң изиңнен қатты ергим келди. Мен бул басқышта жүдә көп тоқтап қалғанлықтан, бир өзгерис жүз бериўине мүтәж едим. Бирақ мен бул қутқарылмаған жанларды таслап кете алмадым ҳәм елеге шекем мен оларды бул жерге әкелиўге урынып атырыппан. Кейин мен, бул жерде қаламан ба ямаса алға жүремен бе, не болса да, өзимди Ийемниң еркин орынлаўға толық бағышлаўға бел байладым. Сол гезде маған Даналық келип, усы қапыны көрсеткен еди. Ол маған бул есиктиң таўдың ең бийик шыңына алып шығатуғын ең қысқа жол екенлигин айтты. Мен сондай қылып, сеннен алдын таўдың шыңына шығып алған едим ҳәм сол жерде мен бүркитке өзгердим, - деди.

Сонда усыған уқсас есиклерди гей бир басқышларда көргенлигим ядыма түсти. Мен ҳәтте олардың гей биреўлерин ашып қарап та көрдим. Бирақ мен ишке кирмедим, себеби барлық дыққат-итибарым саўашқа ҳәм таў шыңына шығыўға қаратылған еди.

- Мен де бул қапылардың биреўине кирип, таў шыңына бирден шыға алар ма едим? - деп сорадым.

- Бәри сен ойлағандай ап-аңсат емес. Ҳәр бир есиктиң артында бир нешше жоллар бар ҳәм олардың тек биреўи ғана таў шыңына алып шығады, - деди бүркит ҳәм оның даўысында ашыўдың белгилери еситилди.

Бүркит мениң енди бережақ сораўымды да билген болса керек:

- Басқа жоллар болса, таўдың басқа басқышларына алып шығады. Әке буны сондай қылып орналастырған, ҳәр бир адам қай қурақым руўхый ер жеткенине қарап, өз жолын таңлай алады, - деди.

Сонда мен: «Таң қаларлық! Буны Ол қалай ислеген екен-ай?» - деп ойладым.

- Бул жүдә әпиўайы, - деди бүркит, тап мен өз ойларымды даўысымды шығарып айтқандай. – **Руўхый ер жеткенлик – адамның Қудай Патшалығын ҳәм басқаларды ойлап, өз қәлеўлерин қурбан етиўди қәлейтуғынынан ҳәм бас тартыўға таяр екенинен көринеди!**

Маған айтылған сөзлерди мен барынша есимде сақлап қалыўға ҳәрекет еттим ҳәм алдымда турған есикке кириўим тийис екенлигин сездим. Ол жерде бурын болған адамнан, оннан қалса, таў шыңына туўры жолды таңлаған адамнан, қолдан келгенше, ҳәмме нәрсени билип қалыўды ‘даналық’ деп таптым.

- Мен туппа-туўры таў шыңына шықпадым ҳәм еле туўры шыққан бир де бир адамды ушыратпадым, - деди бүркит. – Бирақ мен басқалардан тезирек жеттим, себеби бул «Қутқарылыў» басқышында саўаш жүргизген ўақтымда, «өзиңди қурбан етиў» ҳаққында көп нәрсени үйренген едим. Мен сениң үстиңде әпиўайылық кийим болғаны ушын, саған бул қапыны көрсеттим. Себеби сен оны бәри-бир таўар едиң. Бирақ ўақыт қысқа, ал мен саған тезирек ер жетиўге көмеклесиў ушын, бул жерге келдим. Есиклер ҳәр бир басқышта бар. Ҳәр бир есиктиң артында бизлер көз алдымызға келтире алмайтуғын ғәзийнелер жасырылған. Оларды табыйғый жол менен қолланыў мүмкин емес, бирақ қолларыңда услаған ҳәр бир ғәзийнени, ол жерден жүрегиңде әкетиўиң мүмкин. Сениң жүрегиң Қудайдың ғәзийнеханасы болыўы ушын жаратылған. Сен таўдың шыңына қайтадан шыққан гезиңде, сениң жүрегиңде жердеги барлық ғәзийнелерден артық ғәзийнелер бар болады. Олар ҳеш қашан сеннен тартып алынбайды, олар мәңгиге сеники болады. Себеби сен - Қудайдыкисең! Бол, тез бар! Ҳәзир гүлдирмамалы бултлар бир жерге топланып атыр, себеби жақын жерде уллы саўаш болып атыр.

- Сен мениң менен бирге барасаң ба? - деп жалынғандай болып сорадым.

- Яқ, - деди ол. – Енди мен бул басқышқа тийислимен. Мен жарадарларға жәрдемлесиў ушын еле жүдә көп нәрселерди ислеўим керек. Бирақ мен сени қайтадан бул жерде көремен. Сен бул жерге қайтып келемен дегенше, көп ғана ҳаял ҳәм еркек туўысқан бүркитлерди көресең. Олар сен оларды ушыратқан жериңде, маған қарағанда саған көбирек жәрдем бере алады.

## АСПАН ҒӘЗИЙНЕЛЕРИ

Мениң бул бүркитти сүйип қалғанлығым соншелли, оның менен ажырасыў маған қатты қыйын болды. Оны және көретуғынымды еситкенимде, мен қатты қуўанып кеттим. Бул ўақытқа келип, есик мени тап магнит сыяқлы өзине тартып баслаған еди ҳәм мен есикти ашып ишине кирдим...

Мен ишке киргенимде, оғада уллы даңқ-саўлатты көрдим. Оның уллылығынан мен дәрҳал жерге дизерлеп қуладым. Ол жердеги алтын, гүмис ҳәм қымбат баҳалы таслар, мениң жер бетинде көрген ҳәмме затымнан мың-мың есе әжайыбырақ еди. Бул бөлме оғада үлкен еди, ҳәтте, оның арғы шети көринбес еди. Пол – гүмистен, сүтинлер – алтыннан, ал патолок – бриллианттан жасалған болып, олар мың-сан түсли реңлерге дөнип жылтырап турған еди. Ол жерде дүньяда мен көрген ҳәмме реңлер, ҳәтте, мен көрмеген басқа да жүдә көп реңлер бар еди. Ҳәмме жерде есап-саны жоқ periштелер жүрген еди. Олардың үстиндеги кийимлер улыўма жерге тийисли емес кийимлер екенлигин билдим.

Мен бөлме ортасынан жүргенимде, барлық периштелер сәлемлесип атырған белгисинде маған тәжим етти. Олардың биреўи алдыға шығып, мениң атымды айтып, маған сәлем берди. Ол маған түсиндирип, бул бөлмениң қәлеген жерине барып,

қәлеген нәрсемди көриуиме болатуғынлығын айтты. Бул есиктен кирген адамлардан бөлмедеги ҳеш нәрсе жасырылмайтуғын екен.

Мени бул жердеги сулыўлық соншелли дәрежеде бийҳуш етти, мен сақаў сыяқлы сөйлей алмай қалдым. Ақыр-соңында мен:

- Бул жер алдын болған бағтан да сулыўырақ екен, - дедим.

Периште буған таң қалып:

- Ақыр, бул – бағ-ғо! Бул сениң Әкеңниң бир бөлмеси, ал бизлер – сениң хызметкерлериңбиз, - деп жуўап берди.

Мен жүрген ўақтымда, мениң изимнен периштелердиң үлкен бир топары ерди. Мен бурылып, олардың ең үлкенинен:

- Не ушын сизлер мениң изимнен жүрсизлер? - деп сорадым.

- Себеби сениң үстиңде әпиўайылық шапаны бар. Бизлер саған бул жерде ҳәм алдымыздағы саўашта хызмет етиўимиз ушын берилгенбиз, - деди ол.

Мен бул периштелер менен не ислеримди билмедим, сонлықтан тек олардың алдында жүре бердим. Мениң итибарымды үлкен бир аспанкөк тас өзине тартты. Оның ишинде қуяш ҳәм бултлар бар екен. Мен оған қолымды тийгизген ўақтымда, тап өмир терегиниң мийўесин жеген ўақтымдағыдай, бир әжайып сезимлер ишимде ояна баслады. Мениң ишиме күш-қуўат қуйылып, ақыл-ойым тереңлесип, ҳәмме адамларды ҳәм ҳәмме нәрсени кем-кемнен көбирек жақсы көре басладым. Мен қайтадан Қудайдың даңқ-саўлатын көре баслдым. Бул тасты қанша көп услап турған сайын, даңқ-саўлат та сонша үлкейе берди. Мен улыўма тастан қолымды алмақшы емес едим, бирақ даңқ-саўлат соншелли дәрежеде уллы

болғанлықтан, мен нәзеримди басқа жаққа бурыўға мәжбүр болдым.

Буннан кейин мен бир әжайып жасыл тасқа қарадым. Мен қасымда турған периштеден:

- Ал мына тастың ишинде не бар? - деп сорадым.

- Бул таслардың бәри – қутқарылыў ғәзийнелери. Ҳәзир сен Аспан сферасына қолларыңды тийгизип атырсаң. Бул тас – өмирдиң қайта тиклениўин билдиреди, - деди ол.

Жасыл тасқа қолымды тийгизгенимде, мен Жерди мың-сан түрдеги реңлерде көрдим. Бул тасты қолымда қанша көп услап турған сайын, реңлер гаммасы да сонша көп түслерге дөнип, көзлерим менен көрип турған ҳәмме нәрсеге сүйиспеншилигим артып барды. Кейин мен жерде жасаўшылардың барлығының арасында таң қалдырарлық келисимлиликти, үнлесликти көрдим. Ол да мен қашан оған қарай алмай, нәзеримди басқа жаққа бурмағанымша үлкейе берди.

Тек соннан соң ғана, мен бул жерде қанша ўақыт болғаным ҳаққында улыўма ҳеш нәрсени билмейтуғынымды аңлап жеттим. Мен тек соны билер едим, мениң Қудай ҳәм Оның жаратқан әлеми ҳаққында түсинигим, бул еки тасты услағанымның өзинде-ақ, айтарлықтай көп өскен еди. Ал бундай таслардың ол жерде есап-саны жоқ еди. Тек усы бир бөлмениң өзинде олардың саны соншелли дәрежеде көп еди, олардың ҳәр биреўине қол тийгизип шығыў ушын, бир адамның өмири жетпес еди.

- Бул жерде басқа қанша бөлме бар? Бундай бөлмелерди қоспай-ақ турайық, тек бул бөлмедеги нәрселердиң бәрин көрип шығыў мүмкин емес-ғо, - деп сорадым мен периштеден.

- Буның ушын Мәңгиликке кириўиңе туўры келеди. Ийемиз Ийсаның тек ең баслы ҳақыйқатлықларының ишиндеги ғәзийнелердиң өзи-ақ, сизлердиң жердеги көп өмириңизге жетеди. Жерде жасап өтетуғын өмиринде, ҳеш бир адам бул ҳақыйқатлықлардың ишиндеги ғәзийнелердиң ҳәммесин билип үлгере алмайды. Сен өзиңе керегин алып, сол алған ғәзийнең менен өз орныңа қарай умтылыўың керек.

Мен және алдымызда турған саўаш ҳаққында ҳәм тутқынға түскен әскерлер ҳаққында ойлай басладым. Бул ой жағымлы болмады, себеби ол мен турған бул әжайып жердиң тиккелей қарама-қарсысы еди. Бирақ мен соны түсиндим, мен мәңгиликте бул жерге қанша қәлесем, сонша қайтып келе аламан. Ал ҳәзир таўдың шыңына алып шығатуғын жолды табыўға ўақтым аз, кейин қайтадан саўаш майданына қайтыўым керек. Сонда мен periштеге бурылып:

- Сен маған таўдың шыңына алып шығатуғын есикти табыўға көмеклесиўиң керек, - дедим.

Бул өтинишим периштени сасқалақлатып таслады.

- Бизлер сениң хызметкерлериңбиз. Сен бизлерди баслаўың керек. Бул таўдың барлығы бизлер ушын сыр, оған кириўди бизлердиң барлығымыз да қатты қәлер едик. Бизлердиң бул бөлмеде билген нәрселеримиз бул сырдың тек кишкене бир бөлеги. Бул бөлмеден шыққан ўақтымызда, бизлерге саған қарағанда да көбирек нәрселерди үйрениўимизге туўра келеди, - деди ол.

- Ал сизлер бул есиклердиң бәриниң қаяқта екенлигин билесизлер ме? - дедим мен.

- Аўа, бирақ бизлер олардың қаяққа алып шығатуғынын билеймиз. Өзине тартатуғын есиклер бар, көриксиз есиклер де

бар. Биреўлери дым жеркенишли, ал биреўиниң түри қатты қорқынышлы.

- Бул жерде түри жеркенишли қапылар да бар ма? Ал биреўиниң түри қатты қорқынышлы? Бундай болыўы мүмкин емес-ғо! - дедим мен өз қулақларыма исенбей.

- Бизлер билмеймиз, бирақ саған оны көрсете аламыз, - деп жуўап берди периште.

- Хызмет болмасын, - дедим мен.

Бизлер бираз алға жүрип, сөз бенен сүўретлеп болмайтуғын гөззал ғәзийнелердиң қасынан өттик. Мен тоқтап оларға қолымды тийгизиўден өзимди зорға-зорға ириктим. Мен және де Библияның ҳәр қыйлы ҳақыйқатлықлары жазылған көп ғана есиклерди көрдим. Периште оларды «Өзине тартатуғын есиклер» деп айтқан ўақтында, олардың қаншелли дәрежеде өзине магниттей етип тартатуғынын улыўма айтпаған екен. Мен олардың ҳәр биреўиниң ишине қатты кирип көргим келди, бирақ «Қорқынышлы есик»ти көриў қәлеўи мени услап турды ҳәм алға жүриўиме мәжбүрледи. Сонда мениң оған көзим түсти. Тек «Қорқынышлы есик» деп айтып қойыў – оның негизинде қандай қорқынышлы екенлигин улыўма айтпаў екен. Мени сондай күшли қорқыныш бийлеп алып, демим қысыла баслады.

## МИЙРИМ ҲӘМ ҲАҚЫЙҚАТ

Мен кейниме бурылып, қапыдан узақласа басладым. Сол ўақытта мениң көзим бир сулыў қызыл тасқа түсти ҳәм оған қолымды тийгизиў ушын, алға қарай жүрдим. Сонда мен дәрҳал Гетсимани бағында пайда болдым ҳәм дуўа етип отырған Жаратқан Ийемди көрдим. Көз алдымда пайда болған азаплы сүўрет жаңағы көрген қапыдан да қорқынышлырақ еди. Аң-таңым шыққан мен, қызыл тастан қолымды жулып алдым да,

ҳалдан кетип, полға қуладым. Мен аспанкөк ҳәм жасыл тасларға айланып барыўды қатты қәледим, бирақ мен өзимди қолға алып, өзиме келиўим тийис еди. Маған хызмет етиў ушын, сол заматта-ақ, әтирапыма периштелер жыйналып қалды. Олар маған ишиўге бир нәрсе берди ҳәм бул маған күш-қуўат берди. Тез арада мен өзимди жақсы сезе басладым ҳәм басқа тасларға барыў ушын, орнымнан турдым. Бирақ дуўа етип турған Ийемниң сүўрети мени тоқтаўға мәжбүр етти.

- Бул не еди? - деп сорадым мен.

- Сен қолларыңды тасқа тийгизгениңде, бизлер сениң көрген нәрселериңниң тек аз ғана бөлегин көре аламыз ҳәм сениң сезген нәрселериңниң тек аз ғана бөлегин сезе аламыз, - деди перbrowsing. – Бизлер бул таслардың ҳәр қайсысының уллы ғәзийне екенлигин билемиз. Және де, олардың ишиндеги ашылыслардың барлығының бийбаҳа екенлигин билемиз. Бизлерге көзди ашып жумғандай ўақытқа Ийемиздиң атанаққа қағылмасынан алдыңғы тартқан азабын көриўге ҳәм Оның сол қорқынышлы түндеги сезген сезимин сезиўге несип етти. Бизлерге Қудайдың қалайынша сонша азапты тартқанын түсиниў қыйын. Сонлықтан бизлер өз хызметимизди жүдә баҳалаймыз, себеби Ол кимлер ушын соншелли азап шеккен болса, бизлер соларға хызмет етемиз.

Периштениң айтқан сөзи тап жүрегимниң ортасына жасыл түскендей болып тәсир етти. Мен уллы саўашта урыстым. Мен таўдың ең бийик шыңына өрмелеп шықтым. Мениң руўхый дүньяға көнлигип кеткеним соншелли, ҳәтте, мени қоршап жүрген периштелерди дерлик байқамаппан. Мен ең күшли бүркитлер менен дерлик теппе-тең сөйлесе алар едим. Бирақ өз Патшамның шеккен Азабына көзди ашып-жумғандай ўақытқа шекем шыдай алмадым, ал ол Азаптан адамға жағымлы тәсир ететуғын басқа жерлерге қашып кетким келди. Сонда мен:

- Мен бул жерде болыўға ылайықлы емеспен! Ҳәммеден де бетер мен жаўызлық армиясының тутқыны болыўға арзыйман!» - деп бақырдым.

- Бизлер түсинемиз, - деп әсте сөйледи периште. - Ҳеш ким де ылайықлы болғаны ушын бул жерге алынбайды. Сен белгили бир мақсет ушын, еле дүнья жаратылмастан бурын таңланғанлықтан бул жердесең. Бизлер сениң алдыңда қандай мақсет турғанлығын анық билмеймиз, бирақ бул таўдағы ҳәр бир жаўынгер ушын Қудайда уллы бир тәғдир бар екенлиги анық мәлим.

- Рахмет, сизлер маған жүдә үлкен көмек бердиңлер. Сол жерди көргенимде, мениң сезимлеримниң астан-кестен болып кеткенлиги соншелли, мен өзимди-өзим басқара алмай қалдым. Сен ҳақсаң, ҳеш бир адам ылайықлы болғаны ушын, бул жерге алынбайды. Расында да, бизлер қанша жоқарыға көтерилсек, сонша ол жерде турыўға ылайықсыз боламыз ҳәм бизлерге сонша мийрим керек болады. Мен қалайынша бурын таўдың ең бийик шыңына шыға алған екенмен?

- Мийрим! - деп жуўап берди мениң периштем.

- Егер сен маған жәрдем бергиң келсе, илтимас, мен албыраған ямаса үмитсизликке түскен ўақытларымда, бул сөзди маған қайта-қайта айта бер. Бул сөзди мен ҳәммеден бетер жақсы түсиниўим тийис. Бул сөз мениң жаныма барқулла уллы жақтылық әкеледи. Ал ҳәзир мен қызыл тасқа қайтып барыўым керек. Мен ол тастың бул бөлмедеги ең үлкен ғәзийне екенин ҳәм бул ғәзийнени қашан жүрегиме салып әкетпегенимше, бул жерден кетпеўим керек екенлигин ҳәзир түсинип жеттим, - дедим мен бир үлкен батырлық пенен. Бирақ ишимде ондай үлкен батырлық болмаса да, мен буның ҳақыйқат екенлигин билер едим.

## МИЙРИМНИҢ ҲАҚЫЙҚАТЛЫҒЫ

Қызыл тастың қасында өткизген ўақытларым – мениң басымнан кеширген азапларымның ишиндеги ең азаплысы болды. Көп мәрте мен артық шыдай алмай, қолларымды қызыл тастан тартып алыўыма туўра келди. Сонда мен аспанкөк ҳәм жасыл тасларға барып, жаныма ҳәл-дәрман алар едим ҳәм кейин қайтадан қызыл тасқа барар едим. Ҳәр сапары бул адам шыдап болмайтуғын дәрежеде қыйын болды, бирақ бул арқалы мениң Жаратқан Ийеме деген сүйиспеншилигим қатты-қатты өсип барды.

Ақыры, Әкениң ҳүзири атанаққа қағылып турған Ийсаны таслап кеткен ўақтында, мен буны көтере алмадым. Мен тәслим болдым. Периштелер де тап мендей болды. Өзимди бул тасқа мәжбүрлеп қайтып апарыўға күшим қалған жоқ еди. Ҳәтте, аспанкөк тасқа да қайтып барғым келмеди. Мен тек пол үстинде жатып, Ийемиздиң тартқан азабына қатты-қатты өкиниш пенен жылар едим. Мениң жылағанымның және бир себеби, мен тап Ийемиздиң шәкиртлери сыяқлы, Оны таслап кеткен едим. Ол маған қатты мүтәж болған ўақтында, мен де Оның шәкиртлериндей болып Оны таслап кеткен едим.

Мен көзлеримди аштым. Бир неше күн өтип кеткен сыяқлы. Мениң қасымда басқа бир бүркит турған еди. Оның алдында үш тас жатыр еди. Көк, жасыл ҳәм қызыл. «Оларды же!» - деди ол маған. Мен оларды жегенимде, пүткил барлығым жаңарып, уллы қуўанышқа толдым ҳәм зийрек ақылға ийе болдым.

Мен қәддимди көтердим ҳәм сол заматта-ақ, жаңағы үш тастың мениң қылышымның сабын безеп турғанлығын көрдим. Оның үстине, олар мениң ийнимде де пайда болды.

- Енди олар мәңгиге сеники. Ҳеш ким сеннен оларды тартып алалмайды ҳәм сен оларды жоғалтпайсаң, - деди бүркит.

- Бирақ мен ақырғы тастың ишиндеги ҳәмме нәрсени алалмадым-ғо? - дедим мен қарсылық билдирип.

- Тек Масих ғана оннан ақырына шекем өте алады. Сен тапсырманы жақсы орынлай алдың. Ал енди сен алға жүриўиң тийис, - деди ол.

- Қаяққа? - деп сорадым.

- Сениң өзиң шешиўиң керек. Бирақ ўақыт аз қалғанлықтан, таўдың шыңына тезирек шығып алыўды саған мәсләҳәт берген болар едим, - деп бүркит жуўап берди де тез көзден ғайып болды.

Сол ўақытта мениң ядыма есиклер түсти ҳәм мен дәрҳал баяғыда «Көз тартарлық» болып көринген есиклерге қарай жол алдым. Мен олардың бириншисине келген ўақтымда, ол қапы мениң көз алдымда өзиниң сулыўлығын жойта баслады. Сонда мен екиншисине бардым ҳәм оның менен де сондай болды.

- Шамасы, бир зат өзгерген, - дедим мен даўысымды шығарып.

- Сен өзгердиң, - деп барлық периштелер биргеликте жуўап берди. Мен оларға қарайын деп бурылғанымда, олардың барлығының оғада өзгерип кеткенлигин көрип, аң-таң болдым. Олар бурынғыдай гөдек болып көринбес еди, ал оғада ақыллы ҳәм айбатлы көриниске ийе еди. Мен олардың мениң ишимде жүз берген өзгерислердиң сыртқы пишини екенин билдим, бирақ енди мен өзим ҳаққымда ойлағанымда, өзимди жүдә қолайсыз сезе басладым.

- Маған сениң мәсләҳәтиң керек, - деп мен жасы үлкен периштеге қарадым.

- Өз жүрегиңе қулақ сал. Енди бул уллы ҳақыйқатлар сениң жүрегиңде жасайды, - деди ол.

- Мен ҳеш қашан өзимниң жүрегиме толық исенип көрмедим, - деп жууап бердим мен. – Себеби ол көп сыртқы тәсирлерге, өтириклерге ҳәм менмен қәлеўлерге дуўшар болған. Сонлықтан бул шаўқымлардың барлығының аржағынан, жүрегимде сөйлеп турған Жаратқан Ийемниң даўысын еситиў маған қатты қыйын.

- Бирақ енди сениң жүрегиңде қызыл тас бар, сонлықтан келешекте сенде бундай машқала болмайды деп ойлайман, - деп исенимли түрде жууап берди жасы үлкен перište.

Мен қасымда бүркиттиң, мен оған қатты мүтәж болған усы ўақытта болмағанына қайғырып, дийўалға сүйендим. Ол бурын бул жолдан жүрип өткен, сонлықтан қайсы қапыдан кириў кереклигин ол сирә дә билсе керек. Мен қапылар туўралы ойлана баслағанымда, мениң ядыма тек бир қапы: «Қорқынышлы қапы» келди. Қызыққаным соншелли, мен оған қайтып барып, және бир рет оны көриўди шештим. Алдыңғы сапар мен дәрриў оннан қашып кеткенликтен, онда қандай ҳақыйқатлық бар екенин де байқамаппан.

Мен оған жағынлағанымда, мениң ишимди қайтадан қорқыныш қаплай баслады, бирақ алдыңғы сапардағыдай емес. Басқа есиклерден айырмашылығы, бул есиктиң әтирапы күтә қараңғы еди. Сонлықтан онда қандай ҳақыйқатлық жазылғанлығын көриў ушын, оған жүдә жақын барыўыма туўра келди. Үлкен таң қалыўшылық пенен мен бул есикте мынадай жазыўды оқыдым: «**Масихтың Ҳүким гүрсиси»**.

- Не ушын бул ҳақыйқатлық оғада қорқынышлы? - деп сорадым, периштелер маған жууап бермейтуғынын билсем де.

Бул есикке жақыннан нәзер салғанымнан соң, оның мениң ишине кириўим тийис болған есик екенлигин түсиндим.

- Onың не ушын қорқынышлы екенине жүдә көп себеплер бар, - деген бүркиттиң таныс даўысы шықты. Мен бүркитти көргенимде қуўанып кетип:

- Мен сениң қайтып келгениңе оғада қуўанышлыман, - деп қатты бақырып жибердим. – Мениң таңлаўым қәте болды ма?

- Яқ! Сен дурыс таңладың. Бул қапы басқа қапыларға қарағанда, сени таўдың ең шыңына тезирек баслап барады. Оның қорқынышлы екениниң себеби, бул қапыдан шығып турған *булақта* жаратылыс арасындағы ең уллы қорқыныш бар! Бул - Қудайдың мухаддес қорқынышы. Адамзат бул өмирде ямаса келешектеги өмирде билиўи мүмкин болған ең уллы даналық – бул қапының артында жайласқан. Бирақ оған киретуғынлар аз.

- Бирақ не ушын бул жер жүдә қараңғы? - деп сорадым мен.

- Ҳәр бир қапыны жақты қылып туратуғын нурдың күши – жәмәәт сол қапының артында жайласқан ҳақыйқатлыққа қаншелли дыққат бөлип атырғанына байланыслы. Бул қапының артында жайласқан ҳақыйқатлық ҳәзирги ўақыттағы ең шетке сүрилген ҳақыйқатлықлардың бири болып есапланады. Бирақ ол ең әҳимийетлилериниң биреўи. Сен ишке кирген ўақтыңда, буны түсинесең. Адамға берилиўи мүмкин болған ең үлкен бийлик – бул қапыдан кириўге жүрек еткенлерге ғана тапсырылады. Сен тахтта отырған Ийса Масихты көргениңде, сен де Оның менен бирге отырыўға таярлансаң.

- Демек, егер бизлер бул ҳақыйқатқа көбирек итибар бергенимизде, бул қапы буншелли қараңғы ҳәм қадаған болмас па еди?

- Аўа, солай. **Егер адамлар бул қапының артында жасырынып турған даңқ-саўлатты танығанда еди, онда олар өз өмирлеринде ең уллы кәраматты көрген болар еди, -**

деди бүркит қатты қыйналып. – Солай болса да, бул қапы ең қыйын қапылардың бири. Маған бул жерге қайтып, сени жигерлендириў тапсырылған, себеби тез арада сен буған мүтәж боласаң. Сен усы ўақытқа дейин көргенлериңниң ишиндеги ең уллы даңқ-саўлатты да, ең уллы қорқынышты да енди басыңнан өткизейин деп турсаң. **Бирақ соны бил, сен ҳәзир қыйын жолды таңлағаның ушын, кейинирек саған көп жеңиллик болады. Сен бул қыйын ҳақыйқатлықты ҳәзир билиўди қәлегениң ушын, кейинирек сен жоғалтыўлардан азап шекпейсең. Көп адамлар Қудайдың мийримлилигин билиўди қәлейди, бирақ Оның қатталлығын билиўди қәлейтуғынлар жүдә аз. Егер сен оны да, буны да билмесең, онда сен қәлеген ўақытта алданып, Оның уллы мийриминен айрылып қалыўың мүмкин**.

- Егер қызыл тастың қасында ўақтымды өткизбегенимде, ҳеш қашан бул жерге келе алмаған болар едим. Жеңил жол – Ийемниң минезине жат екенлигин биле тура, мен қалайынша жеңил жолды излегим келди?

- Бирақ енди сен дурыс шешим қабылладың, сонлықтан тезирек жүр. Мине-мине, және бир уллы саўаш басланыў алдында тур. Сен алдыңғы қатарларда жүриўге керек боласаң.

# 4 - БӨЛИМ

## Масихтың Ҳүким Гүрсиси

Мен таўдың ишиндеги оғада үлкен ҳәм саўлатлы бул бөлмеге соңғы мәрте бир қарап алдым. Бул жерде қутқарылыў ҳақыйқатлығының ғәзийнеханасы сақланар еди. Олардың санының ҳәм сулыўлығының шеги жоқтай еди. Ийемниң басқа да уллы ҳақыйқатлықлары сақланатуғын бөлмелер бар болып, олардың бул бөлмеден де уллырақ болыўы мүмкин екенине исениў жүдә қыйын еди. Не ушын жүдә көп масиҳыйлардың бул жерден кеткиси келмейтуғынының себебин сонда түсиндим. Қутқарылыўдың ҳәр қыйлы аспектлериндеги оғада үлкен жылтыр таслардан сондай саўлат нур шашып турар еди, оларға жер бетиндеги ҳеш қандай сулыўлық теңлесе алмас еди. Ол сөз бенен жеткерип бере алмас дәрежеде әжайып еди. Егер мен бул жерде мәңги қалсам да, ҳеш қашан мениң ишим писпеген болар еди.

Қасымда турған бүркит бақырыңқырап: «Сен алға жүриўиң тийис!» - деди. Кейин ол әстелеў: «Ийемиздиң қутқарылыўынан басқа ҳеш жерде буннан артық тынышлық ҳәм қәўипсизлик жоқ. Сен бул жерге усыны түсиниў ушын келдиң, себеби бул исеним сен баратырған жерде саған керек болады. Бирақ буннан артық сен бул жерде қалмаўың керек», - деди.

Бүркиттиң тынышлық ҳәм қәўипсизлик ҳаққында айтқан сөзлери мениң жүрегиме тәсир етип кетти. Мен «Қутқарылыў» деп аталатуғын таўдың ең биринши басқышында урыс алып барып атырған ер жүрек әскерлер ҳаққында ойлай басладым. Олар әжайып түрде саўаш жүргизип, көп адамларды азат етти, бирақ соның менен бирге, өзлери де қатты жарадар болды. Сол

ўақытта, бүркит тап мениң ойларымды еситип турғандай, ойларымды бөлип жиберди.

- Қудайдың тынышлық ҳәм қәуипсизлик ҳаққындағы анықламасы - адамлардыкинен басқа. Әне, соның ушын, елши Павел өзиниң таяқ пенен урылғанлығын ҳәм тас боран етилгенлигин мақтаныш етти. Ҳақыйқый мәртлик көриниўи ушын, ҳақыйқый қәуип туўылыўы керек. Ҳақыйқый қәуип болмағанынша, ҳақыйқый мәртлик өзин көрсете алмайды. Ийемиз Ешуаға: «Аяқларыңыздың табаны тийген ҳәмме жерди Мен сизлерге беремен», - десе де, бирақ оны қайта-қайта күшли ҳәм ер жүрек болыўға шақырды, себеби Ешуаның алдында оны саўашлар ҳәм қәуип-қәтерлер күтип турған еди. Әне, тап усындай етип, Ийемиз Өзиниң ўәделерине кимлердиң ылайықлы екенлигин анықлайды. Ол адамлар өз қәуипсизлигинен гөре, Қудайды ҳәм Оның ашылысын көбирек сүйеди. Мәртлик – бул ҳақыйқый исенимниң сыртқы көриниси. Ийемиз ҳеш қашан Өз жолының жеңил болатуғынына ўәде бермеди, ал оннан өтиўге оның ылайықлы екенлигин ғана айтты. Периштелер «Қутқарылыў» басқышында саўаш жүргизип атырғанлардың мәртлигин көргенде, Қудайдың атанақ ағашта қулаған адамзат ушын қандай уллы қутқарылыўды әмелге асырғанын еле де көбирек түтинип баслайды ҳәм Ийемиздиң төлемин еле де қымбатлырақ баҳалап баслайды. Олар реҳимсиз гүресте жарақатланса да, тәслим болмады ҳәм кейин шегинген жоқ. Сен де таўға өрмелеп баратырғаныңда, бийлик пенен саўаш жүргизе алдың. Бул бийлик сол ўақытта көп-көп жанларды қутқарды. Егер сен алға жүрсең, онда көп адамлар бул бөлмелерди толтырып, аспанға үлкен қуўаныш келтиреди.

Сонда мен кейин бурылып, **«Масихтың Ҳүким Гүрсиси»** деп жазылған қара қапыға қарадым. Мен бул бөлмеде қатты қалғым келип, сол қапыдан өтиўди улыўма қәлемедим. Сонда және бүркит мениң ойларыма жуўап берди.

- Қәлеген уллы ҳақыйқаттың есигине кирмесиңнен бурын, сен ҳәр қашан усындай қорқыныш сезимлерин сезесең. Сен қутқарылыў ғәзийнеханаларына ийе бөлмеге кирер ўақтыңда да, усы сезимлерди сезген един. Бул қорқынышлар ‘Жақсылықты ҳәм Жаманлықты Таныў Тереги’ ниң мийўелери. Ол теректен келген «Билим» бизлердиң ҳәммемизди эгоист қылды ҳәм бизлерге қәўип-қәтер сезимин әкелди. Ҳақыйқый Қудайды таныў – жақсылықты ҳәм жаманлықты таныўдан қорқынышлыдай болып көринеди. Бирақ, негизинде, **ҳәр бир *ҳақыйқат* бизлерди жоқарыға, еле де көбирек тынышлық пенен қәўипсизликке қарай алып барады**. Ҳәтте, Қудайдың ҳүкимлери де жүдә жағымлы болып баслайды, себеби Оның барлық жоллары – минсиз.

Бул ўақытқа дейин мен айтарлықтай көп нәрсени басымнан кеширгенликтен, буны түсиндим. Дурыстай болып көринген нәрсе, көбинесе, жемис әкелмейди, ҳәтте, арасында трагедияға алып келеди. Мениң жолымда да ең қәўипли көринген жол – мени ең уллы сыйлыққа баслап барды. Бирақ, соған қарамастан, ҳәр сапары бул жол бәри-бир жүдә қәўипли болып көринеди ҳәм оннан жүриўди шешиў барқулла қатты қыйын болып бара береди.

- Мухаддес Руўхтың ең жоқарғы басқышларында жүриў ушын, көбирек исеним керек болады, - деди бүркит бираз ашыўлы кейипте. Кейин ол сөзин даўам еттирип: - Ийемиз: **‘‘Өз жанын сақламақшы болған, жанын жоғалтады. Ал Мениң ушын жанын жоғалтқан, жанын сақлап қалады’’,** - деген ўақытта, Ол Қудай Патшалығынан жүретуғын **жолды** көрсеткен еди. Бул сөзлердиң өзи-ақ, сени таўдың шыңына алып шығатуғын дурыс жолда услап тура алады ҳәм алдымызда турған уллы саўашта сени үлкен жеңислерге жетелейди.

Олар және де саған Масихтың Ҳүким Гүрсисиниң алдында тура алыўға көмек береди, - деди ол қара қапыға қарап.

Мен алға жүриўим тийис екенлигин билдим. Мен саўлатқа ҳәм қутқарылыў ғәзийнелерине толы бөлмени ядымда сақлап қалыўым кереклигин билдим. Бирақ, мен кейниме айланып, оларға қайтып барыўымның керек емес екенлигин де билдим. Мениң алға жүриўим тийис еди. Солай етип, қолымнан келгенинше, толық мәртлик пенен Масихтың Ҳүким Гүрсиси есигин ашып, ишке қәдем таслағым. Мениң жанымда жүрген периштелер қапының қасында тоқтап қалды, бирақ мениң изимнен жүрмеди.

- Не болды? Сизлер неге ишке кирмейсизлер? - дедим мен қатаң түрде. Мен олардың ҳүзири себебинен сезип турған қәўипсизлигимди сақлап қалыўға жан-тәним менен ҳәрекет еттим.

- Сениң ҳәзир баратырған жериңе, сениң бир өзиң барыўың тийис. Бизлер сени басқа тәрепте күтемиз.

Ҳеш жуўап берместен, мен алға жүриўимди даўам еттим. Бул мен жүрген жоллардың ишиндеги ең аўыр жол болды. Мен бурын ҳеш көрмеген жүдә қорқынышлы қараңғылықта болдым. Ишимде ең қорқынышлы қорқынышлар пайда болды. Тез арада өзимди дозақтың ишине түстим деп ойлай басладым. Мен кейин шегиниўди ойлап, артыма қарадым, бирақ ҳеш нәрсени көре алмадым. Есик жабылған еди, сонлықтан мен, ҳәтте, оның сүлдерин де көре алмадым. Ишимнен енди бәри-бир алдыға жүриўге туўра келетуғынын ойлап, алдыға әсте қәдем таслап басладым ҳәм Ийемнен жәрдем сорап, дуўа ете басладым. Мен дуўа етип баслаған ўақтымда, жүрегимде тынышлық пайда бола баслады. Кейин қараңғылықтың онша суўық емес болғанлығын байқадым ҳәм өзимди бир қанша жақсы сезе басладым. Сол заматта бир кишкене жарыққа көзим түсти. Ол әсте-әсте кем-кемнен жарығырақ бола берди ҳәм ақыр-соңында айнала-

этирапты жақтыландырып жиберди. Бул сондай әжайып болған еди, мен өзимди қайтадан аспанда сезе баслaдым. Енди даңқ-саўлат ҳәр адым атқан сайын өсип баслады. Мен қадаған етилген қара қапының артында бундай кәраматтың жасырынып атырғанына аң-таң болдым. Мен ҳәр бир адымымнан толық рәҳәтленип болып, кейинги адымымды атқым келди.

Тез арада мениң жүрип киятырған жолым мени сондай үлкен көлемдеги бир уллы залға баслап келди. Оның үлкенлиги соншелли еди, ҳәтте, жер де оны сыйдыра алмайтуғындай еди. Оның сулыўлығын дерлик ҳеш бир архитектор тәрийплеп бере алмас еди. Бул бөлмени көрген гезимде, мениң ишки дүньямды бир әжайып сезим толтырып жиберди, буған уқсас сезимди бурын ҳеш қашан сезип көрмеген едим. Бөлмениң арғы жағында барлық сән-салтанаттың Дереги турған болып, Ол бул бөлмениң ишиндеги ҳәмме нәрсени нурландырып турған еди. Мен Оның Жаратқан Ийе екенлигин билдим. Оған қарай жүре бергенимде, мени азғантай қорқыныш бийлей баслады. Мен биздердиң арамыздағы аралықтың қаншелли үлкен екенлигине кеўил аўдармаппан. Әтирaптағы ҳәмме зат соншелли әжайып еди, мен бул жерде мәңги жүрсем де, ҳәр бир адымымнан рәҳәт алған болар едим. Бул жерде қолланыў мүмкин емес болған жерлик түсиниклер бойынша, тасқа жетемен дегенше, бир нешше күн жүриўиме туўра келди.

Мениң көзлерим Ийемиздиң саўлатына қадалып қалған еди. Сонлықтан, жүдә көп муғдардағы адамлардың қасларынан өтип баратырғанымды айтарлықтай көп ўақыт аңламаппан. Ол адамлар мениң сол жағымда ранг бойынша турған еди. (Оң жағымдағы адамлар да олардан кем емес еди, бирақ олар меннен дым узақ болғанлықтан, мен тахтқа жетемен дегенше, оларды байқамадым.) Мен бул адамларға қарағанымда, тоқтаўыма туўра келди. Олар мениң усы ўақытқа шекем көрген барлық адамларыма қарағанда, уллырақ ҳәм көз қамастырарлық дәрежеде әжайыбырақ еди. Олардың көринисинен мениң басым

айланып кетти. Бундай **тынышлық** пенен **исенимлилик** жер бетиндеги адам әўладына еле түскен емес. Олар соншелли сулыў еди, жер бетиндеги ҳеш бир сулыўлық оларға тең келе алмас еди. Мениң қасымда турған адамларға бурылып қараған ўақтымда, олар тап мени бурыннан таныйтуғындай, сәлемлескен түрде басларын ийди.

- Сизлер мени қаяқтан таныйсызлар? - дедим ҳәм бундай даңқ-саўлатлы адамларға сораў бериўге жүрек еткениме өзим таң қалдым.

- Сен соңғы саўашта гүресип атырған мухаддеслердиң биреўисең, - деди мениң қасымда турған адам. – Бул жердеги ҳәмме адам сени таныйды ҳәм ҳәзир жерде урыс алып барып атырғанлардың бәрин бизлер таныймыз. Бизлер соңғы саўашты көриўге ҳуқық алған жүдә көп сандағы гүўалармыз. Бизлер сизлердиң бәриңизди таныймыз ҳәм сизлердиң ислеп атырған ҳәр бир исиңизди көрип турыппыз.

Сол ўақытта мениң көзим бурын мен таныйтуғын бир адамға түсти. Ол садық масиҳый еди. Бирақ, мениң билиўимше, ол өз өмиринде әҳимийетли болған ҳеш нәрсени басқарған жоқ. Жерде оның физикалық бет-әлпети дым шырайсыз болғанлықтан, ол өз түринен уялатуғын еди. Бул жерде де оның жүзи сондай еди, деген менен, ол соншелли дәрежеде сулыў еди, жер бетинде мен таныған ҳәмме адамнан сулыўырақ еди. Ол мениң қасыма сондай исенимлилик ҳәм ылайықлылық пенен жақынласты, мен бундай ылайықлылықты бурын ҳеш қашан онда ҳәм басқа ҳеш кимде көрмеген едим.

- Аспан бизлер жерде әрман еткенимизге қарағанда мың есе уллырақ. Бул залда бизлердиң түсинигимиз жетпейтуғын даңқ-саўлаттың тек басланған жери-ақ бар. Сондай-ақ, екинши өлим бизлердиң ойлағанымызға қарағанда анағурлым жаманырақ екени де ҳақыйқат. Аспан да, дозақ та бизлердиң ойлағанымызға уқсамас екен. Егер мен жерде жасаған ўақтымда

ҳәзир билген нәрселеримди билгенимде, онда өз өмиримди пайдасыз нәрселерге жумсамас едим. Сен өз өлимиңнен бурын бул жерге келгениң ушын, уллы мийрим менен жарылқандың, - деди ол мениң кийимиме көз тигип.

Сонда мен өзиме қарадым. Мениң үстимде сол ески кишипейиллик шапаны бар еди ҳәм оның астында мениң әскерий қурал жарақларым жасырынып турған еди. Бул уллы ҳәм әжайып адамлардың көз алдында мен өзимди турпайы, жағымсыз ҳәм жеркенишли сездим. Мен бундай түрде Жаратқан Ийениң алдына барыўға болмайды деп ойлай баслағанымда, мениң ески танысым тап бүркитлер сыяқлы мениң ойларымды оқып, маған былай деп жуўап берди.

- Бул жерге бундай кийимлерде келиўшилер ҳеш нәрседен қорқпаса да болады. Бул шапан – ең жоқарғы рангқа ҳәм ҳүрметке тийисли екенлигиңди билдиреди. Әне, соның ушын, сен қасларымыздан өтип баратырғаныңда, ҳәмме саған басларын ийген еди.

- Маған ҳеш кимниң тәжим еткенин көрмедим, - дедим мен албыраңқырап.

- Бул жерде ол орынсыз. Бизлер бир-биримизге керекли ҳүрмет көрсетемиз. Ҳәтте периштелер де бул жерде бизлерге хызмет етеди. Бирақ ҳәмме тек Қудайымызға ҳәм Оның Масихына тәжим етеди.

Мен сасқалап қалдым. Бул даңқ-саўлатқа ийе адамлардың алдында тәжим етиўден өзимди зорға услап турдым. Соның менен бир ўақытта, бир жақларға қатты қашып жасырынғым келди. Себеби өзимди олардың алдында дым сықылсыз көринисте сездим. Ойларымның тап жердеги ўақтымдағыдай келиспейтуғын болғанлығына қатты хорлығым келди. Себеби бул жерде ҳәр бир адам оларды арқайын оқый алар еди! Мен бундай уллы ҳәм пәк адамлардың арасында өзимди кирлеген

ҳәм пәмсиз қылып сезе басладым. Сонда қайтадан мениң ески танысым мениң ойларыма жуўап қайтарды.

- Енди бизлерде ширимейтуғын денелер бар, ал сенде ол еле жоқ. Бизлердиң ақыл-ойымыз енди гүнадан аўлақ, сонлықтан бизлер жер бетиндеги ең уллы ақыл-ойдан мың есе көбирек нәрселерди түсине аламыз. Бизлер пүткил мәңгиликте кем-кемнен көбирек нәрселерди түсине алыўымыз ушын, мәңгиге минсиз болып бара беремиз. Тек сондай қылып, бизлер Әкени танып барамыз ҳәм Оның жаратылысының даңқ-саўлатын көре аламыз. Жер бетинде сен, ҳәтте, бул жердеги ең кишкенеси қурақым да билип басламайсаң, ал бизлер болсақ, бул жердеги ең кишкенелеримиз.

- Сизлер қалай ең кишкенелери болыўыңыз мүмкин? – деп өз қулақларыма исенбей сорадым мен.

- Бул жерде буннан да жоқарғы ранглар бар. **Бизлердиң жердеги өмиримиздиң <u>сыйлығы</u> – бул жердеги <u>мәңгилик орнымыз</u> болып есапланады**. Бул жердеги сениң көрип турған жүдә көп сандағы адамлар – Ийемиз ‘ақылсыз қызлар’ деп атаған адамлар. Бизлер Ийемизди таныдық ҳәм Ол бизлерди мәңгилик ғарғыстан қутқарады деп, Оның атанақ ағашына исендик. Бирақ, ҳақыйқатында, бизлер Оның ушын емес, ал өз-өзлеримиз ушын жасадық. Бизлер өз шыраларымызды барқулла Мухаддес Руўхтың майына толтырыўға ҳәрекет етпедик. Бизлер мәңгилик өмирге ийемиз, бирақ жер бетинде бизлер ўақтымызды бийкарға өткизип алғанлармыз.

Бул сөзлер мени қатты таң қалдырды, бирақ бул жердеги ҳеш кимниң алдай алмайтуғынын билер едим.

- Бирақ ақылсыз қызлар сыртқы қараңғылықта қалып, азапқа дус болған-ғо, - деп қарсылығымды көрсеттим.

- Аўа. Әне, сол нәрсе бизлердиң басларымызға түсти. Бизлер өз өмирлеримизди босқа өткергенимизди түсинген

ўақтымызда, сондай жаман азап пенен азапландық, ол азап жердеги ең жаман азаптан да өтип кетер еди. Бул қайғының қаншелли аўыр екенлигин тек оны басынан өткергенлер ғана түсинеди. Бул қайғының қараңғылығы, бизлер исенимин ақламаған Ийемиздиң саўлаты пайда болған гезинде, еле де күшейеди. Сен ҳәзир аспандағы ең кишкене рангта турыпсаң. Қудайдың **уллы қутқарылыўын** көрип-танып ҳәм түсинип болып, кейин қайтадан *өз-өзлери ушын* жасап кеткенлерден өтетуғын ақмақ жоқ. Бул жерге келип, бул ақылсызлықтың рас екенлигин көрдик. Буннан да қайғылырақ зат бар ма? Бизлер усы уллы ақмақшылық себепли, сыртқы қараңғылық азабын тартқанлармыз.

Мен елеге шекем өз қулақларыма исене алмадым.

- Бирақ сизлер жүдә күшли даңқ-саўлатқа ийесизлер ҳәм қуўаныш пенен тынышлыққа толып турсызлар-ғо. Мен сизлердиң ҳүждан азабында жанып атырғаныңызды көрмей турыппан, бирақ соған қарамастан, бул жерде сизлердиң алдай алмайтуғыныңызды да билемен. Булардың бәрин түсиниў маған қыйынға соқпақта.

Мениң көзлериме туўры қарап, жаңағы адам өз сөзин даўамлады:

- Аўа, Ийемиз бизлерди сондай уллы сүйиспеншилик пенен сүйеди! Оның сүйиспеншилигине бизлердиң ақылымыз жетпейди. Оның ҳүким гүрсиси алдында турғанымда, мениң басымнан жүдә уллы жан қараңғылығы өтип, жүдә үлкен ҳүждан азабында жандым. Бул жердеги ўақыт өлшеўи жердегиден басқа болыўына қарамастан, маған бул қайғы жер бетинде қанша жасасам, сонша ўақыт даўам еткендей болды. Мениң ҳәм бул жерде турғанлардың барлығының көз алдыларынан мен тәўбе етпеген барлық гүналарым ҳәм қәтелерим өткерилди. Сен мен татқан сол өкиништи, өзиң татпағанша түсине алмайсаң. Мен Жаратқан Ийениң алдында

турғаныма қарамастан, өзимди дозақтың ең түпкиринде турғандай етип сездим. Мениң пүткил өмирим мениң көз алдымнан қашан өтип болмағанша, Ол үндемей турды. Мен барлығы ушын өкинетуғынымды айтып, Оның атанақ арқалы берилген меҳрин шақырған ўақтымда, Ол мениң барлық көз жасларымды сүртип, уллы қараңғылықты меннен алып таслады. Сонда Ол маған сондай бир уллы сүйиспеншилик пенен қарады. Ол сүйиспеншилик ҳәзир сениң түсинген барлық нәрселериңнен үстин турады. Ол маған мына кийимди берди. Мен Оның алдында турып сезген сол қараңғылығымды ҳәм қайғымды ҳәзир сезбеймен, бирақ барлығы ядымда. Тек бул жерде ғана сен бундай нәрселерди ҳеш қандай аўырыўсыз ядыңда сақлаўың мүмкин. Жер бетиндеги ең әжайып мың жыл өмирден, аспанның ең төмен басқышындағы көзди ашып жумғандай ўақыт артығырақ. Енди мениң қәтелеримнен болған қайғы қуўанышқа айланды ҳәм мен аспандағы ең төменги басқышта болыўыма қарамастан, енди қуўанышымның мәңгиге даўам ететуғынын билемен.

Мен қайтадан қутқарылыўдың ғәзийнелери туўралы ойлай басладым. Бул адамның маған айтқанларының ҳәммеси сол ғәзийнелердиң жәрдеминде ашылғанлығын түсиндим. Таўдың сыртында ямаса ишинде атқан ҳәр бир адымым Қудай жолларының бир ўақыттың өзинде, оғада қорқынышлы ҳәм оғада әжайып екенлигин маған ашып берер еди.

Маған дыққат пенен қарап, мениң танысым сөзин даўамлады:

- Сен бул жерге түсиниў ушын емес, ал өз басыңнан өткизиў ушын келдиң. Келеси ранг басқышы бизлердикине қарағанда да әжайыбырақ. Кем-кемнен басқыш жоқарылаған сайын, оның даңқ-саўлаты да бир нешше есе өсип бара береди. Бул тек ҳәр жаңа басқыштағы адамлардың көбирек даңқ-

саўлатқа ийе денелерге ийе болғанынан ғана емес, ал ҳәр жаңа басқыштың ***пүткил даңқ-саўлатты таратып турған ТАХТқа*** жақын екенлигинде. Мен, ҳәтте, ең төменги рангта болсам да, сәтсизлигиме өкинип қыйланбайман. Себеби мен расында да ҳеш нәрсеге ылайықлы хызмет етпедим. Бул жерде тек Қудайдың Мийрими менен турыппан. Бирақ маған берген сыйы ушын, мен Оған оғада миннетдарман. Оны пүткил барлығымыз бенен сүйиуимизге Ол ылайықлы! Енди мен аспанның ҳәр қыйлы жерлеринде көп әжайып servicesлерди ислей алар едим, бирақ мен бул жерде қалып, тек Қудайдың даңқ-саўлатына қарап отырыўды абзалырақ көрдим, ҳәтте, мен ең кейинги қатарларда болсам да.

Кейин алысларға қарап, ол былай деди:

- Аспандағылардың ҳәммеси ҳәзир Қудайдың уллы сырының қалай ашылатуғынын көриў ушын, және де, соңғы саўашта урысатуғын сизлерди көриў ушын бул залға жыйналған.

- Сен Оны усы жерден көрип турсаң ба? Мен тек Оның даңқ-саўлатын көре аламан, бирақ Оның Өзин көре алмай турман, – деп сорадым мен.

- Мен сеннен бир нешше есе жақсы көре аламан. Аўа, мен ҳәтте усы жерден де Оны ҳәм Оның ислеп атырған ҳәр бир исин көре аламан. Мен Оның даўысын да еситемен. Және де, мен жерди де көре аламан. Қудай бизлердиң бәримизге бул қәбилетти инам еткен. Бизлер сизлерге қарап турған сол көп сандағы гүўалармыз, - деп жуўап берди ол. (Евр.12:1).

Кейин ол қайтадан өз орнына кетти, ал мен алға қәдем тасладым ҳәм маған айтылғанлардың бәрин уғыўға урындым. Мен жер бетиндеги өмиринде руўхый уйықлап қалғанларға, яғный оның сөзи бойынша «Ақылсыз қызлар» болғанларға нәзер тасладым. Егер олардың биреўи жер бетинде ҳәзир пайда

болғанда, адамлар оған Қудайға табынғандай табынар еди. Бирақ, соған қарамастан, олар аспандағылардың ишиндеги ең кишкенелери еди!

Сонда мен өмиримдеги босқа өткерген ўақытларым ҳаққында ой-пикир жүрите басладым. Буны ойлағанымда, мен тоқтап қалдым ҳәм өмиримдеги жөнсиз өткерген ўақытларым көз алдымнан өте баслады. Мен бул гүна себепли қатты азаплана басладым. Мен де бул уллы ақмақлардың биреўи едим! Бәлким, мениң шырамда басқалардыкине қарағанда, көбирек май бар шығар. Бирақ, енди мен соны түсиндим: меннен талап етилген нәрсени, басқалардың ислеп жүрген иси менен салыстырыў қатты ақмақшылық екен. Мен де ақылсыз қызлардың биреўи едим!

Мен бул қорқынышлы ашылыстың аўырманлығы астында қулаўға сәл қалдым. Бирақ сол ўақытта, бир адам мениң қасыма жақынлап, мени услап қалды. Мен ол адамды таныйтуғын едим. Ол Қудайдың уллы хызметкерлериниң биреўи еди ҳәм мен оны қатты ҳүрмет ететуғын едим. Ол мени услағанда, менде күш пайда болды. Ол жыллы шырай менен сәлемлести. Бир ўақытлары мен оның шәкирти болғым келип еди, бирақ негедур бизлер келисе алған жоқ едик. Басқа көп адамлар сыяқлы мен де, оннан үйрениў ушын оған илажы болғанынша жақынласқым келген еди. Бирақ бул оның ашыўына тийип, ақыр-соңында, оны тыныш қойыўымды өтиниш еткен еди. Минезимниң кемшиликлери себепли әжайып имканиятты қолдан жиберип қойдым деп ойлап, көп жыллар даўамында өз-өзимди бул ўақыя ушын айыплап жүрген едим. Мен оны басымнан шығарып таслаўға урынсам да, бәри-бир қапашылық сезими кетпес еди.

Мен бул адамды пүткил гөзаллықта көрген ўақтымда, ишимдеги ески жара қайтадан қозғалып кетти. Ҳәзир ол сондай дәрежеде уллы саўлатты еди, оның алдында өзимди бурынғыдан да бетер жарамас ҳәм жеркенишли сезе басладым. Мен бир

жерлерге жасырынғым келди, бирақ бул жерде жасырыныў мүмкин емес еди. Ол мени ҳайран қалдырып, маған сондай жыллы қарым-қатнаста болды, мен жүдә тез арада-ақ өзгерип кеттим. Тап бизлердиң арамызда ҳеш қандай түсинбеўшилик болмағандай болып кетти. Оннан шығып турған сүйиспеншилик мендеги қысыныўшылық пенен албыраўшылықты пүткиллей шығарып таслады.

- Мен бул ушырасыўды сабырсызлық пенен күткен едим, - деди ол.

- Сиз мени күткен бе едиңиз? Не ушын? – деп ҳайран болып сорадым.

- Сен мениң күткен көп адамларымның биреўисең. Ҳүким ўақтына дейин, мен буны түсинген жоқ едим. Сен – мениң жәрдем бериўим тийис болғанлардың биреўи болған екенсең, ҳәтте, мен сени шәкирт қылыўым керек екен, бирақ мен сеннен бас тартқан едим.

Мен қарсыласып:

- Бирақ сениң шәкиртиң болыў – мениң ушын уллы мәртебе болған болар еди. Сиз бенен бирге өткизген сол аз ўақыт ушын қатты миннетдарман. Мен өз-өзимди қатты менмен тутқанлығым себепли, сизиң бас тартыўыңызға ылайықлы болған едим. Мениң бойсынбағаным ҳәм менменлигим – мениң ҳақыйқый әкеге ийе болыўыма жол қоймады. Сонлықтан бул сизиң емес, ал мениң айыбым, - дедим.

- Аўа, сен расында да менмен болған едиң, бирақ мен ол ушын саған қапа болған жоқ едим. Мен өзимниң қәўип-қәтерге түскеним ушын ашыўланып баслаған едим ҳәм сол себептен әтирапымдағы ҳәр бир адамды қадағалаў астына алған едим. Мени ашыўландырған нәрсе - мениң айтқанларымның ҳеш биреўин сен қарсыласпай қабыл етпес едиң. Сонда мен сени өз шәкиртим етип алғым келмейтуғынын ақлаў мақсетинде, сениң

барлық қәте жерлериңди излей басладым. Егер мен сени өз қадағалаўымда услай алмасам, онда бир күн келип, сен мени де, мениң хызметимди де сатып кетеди-аў, деген сезим мениң ишимде пайда болған еди. Мен өз хызметимди барлық адамлардан үстин қойған едим, бирақ хызметим, әне, сол адамлар ушын маған берилген еди. Сол себептен мен сен сыяқлы көп адамларды қуўған едим, - деди ол.

Жер бетинде ушыратып болмайтуғын ҳақ кеўиллик пенен ол сөзин даўамлады:

- «Барлық кишкене балалар өжет болады». Олар пүткил дүнья «мен»иң әтирапымда айланады деп ойлайды. Сонлықтан оларды тәрбиялаў ушын, оларға ата-аналар берилген. Ўақты-ўақты дерлик ҳәр бир бала өз үй-ишин уятқа қалдырады, бирақ бәри-бир шаңарақтың бир бөлеги болып қала береди. Мен Қудайдың маған тапсырған көп балаларынан бас тарттым. Бирақ, негизинде, мен, керисинше, олардың руўхый өсиўине ҳәм ер жетиўине көмеклесиўим тийис еди. Мен көп адамларды жоғалтыўлар менен сәтсизликлерден қутқарып қалыўға миннетли едим, бирақ олардың көпшилигине мен ҳеш нәрсе қыла алмадым. Олардың көпшилиги ҳәзир душпан тутқынлығында. Мен жүдә ири шөлкем дүздим ҳәм жәмәәтке де үлкен тәсирим бар еди. Бирақ Ийемиздиң маған тапсырған ең үлкен сыйлары – шәкиртлер таярлап шығарыўым ушын берилген екен, ал мен болсам, олардың көпшилигинен бас тарттым. Егер де мен сондай эгоист болмағанымда, егер де өз қара басымның атағын ойламағанымда, онда мен бул жерде патша болып жасап атырған болар едим. Мен негизинде ең жоқорғы тахтлардың биреўине отырыўға шақырылғанман.

Соннан кейин ол улыўма таң қалдыратуғын сөзлерди маған айтты:

- Сениң ийелеген ҳәм ислеген ҳәр бир нәрсең де, мениң аспандағы есабыма кирген болар еди. Бунның орнына мен,

мәңгиликте дым әҳмийети аз нәрселерге оғада көп дыққатымды бөлиппен. Жер бетинде жақсы болып көринген нәрселер, бул жерде улыўма басқаша болып көринеди. Жер бетинде сени патша қылатуғын нәрселер, аспанда, көбинесе, сени патша болыў бахтынан айырады. Сени аспанда патша қылатуғын нәрселер, жер бетинде дым пәс ҳәм баҳасыз деп баҳаланылады. Сен мени кеширесең бе?

- Әлбетте, - дедим мен албыраңқырап, - бирақ мен де сениң кеширимиңе мүтәжбен. Мен бәри-бир мениң ийкемсизлигим ҳәм өжетлигим себепли бизлер айрылдық деп ойлайман.

- Аўа, бул дурыс. Сен минсиз емес един ҳәм расында да мен сениң бир қанша қәтеликлериңди дурыс таўдым. Бирақ бул сени қабылламаўыма улыўма себеп болмаўы керек еди. Ийемиз дүньяның қулағанын көргенде, оннан бас тартқан жоқ-ғо, ал Ол бизлер ушын өз жанын берди. Тек күшли ғана ҳәлсизлер ушын өз жанын бере алады. Мен саған қарағанда, көбирек руўхый өскен едим ҳәм көбирек бийликке ийе едим, бирақ тымсалда айтылатуғын ешкилердиң биреўи сыяқлы болдым. Мен Ийемиздиң маған жибергенлеринен: сеннен ҳәм басқалардан бас тартқанымда, Оннан да бас тартқан едим, - деп жуўап қайтарды ол.

Оның сөзлери мени таң қалдырды. Мен де оның айтқанларының көбисинде айыплы едим. Мениң көз алдымда ўақтында мен бас тартқан көп ғана жас жигит ҳәм қызлар пайда болды. Мен ‘олар ушын ўақыт ажыратыўға арзымайды’ деп есаплар едим. Мен кейин қайтып, олардың барлығын қайтадан жыйнағым келип кетти. Ўақтымды жөнсиз ҳәм босқа өткизгеним себепли ишимде пайда болған өкиништен, ҳәзир пайда болған өкиниш еле де күшлирек болды.

Себеби мен тек көп ‘ўақтымды’ ғана емес, ал көп ‘адамларды’ да қолдан жиберген едим. Ҳәзир олардың

көпшилиги саўаш гезинде жарадар болып, душпан тутқынлығында кетти. Пүткил саўаш ***адамлар*** ушын болып атырған еди. Соған қарамастан, бул саўашта ***адамларға*** жүдә аз дыққат бөлинер еди. Бизлер ‘хызметлер’ ушын гүресемиз, бирақ барлық хызметлер адамлар ушын берилген, соған қарамастан бизлер адамларды көзлеримизге илмей, оларға зулымларша қатнас жасаймыз. Сонда мен деп ойладым: «Көп адамлар мени руўхый жетекши ретинде көреди. Ал мен болсам, негизинде, мухаддеслер ишиндеги ең кишиси екенмен».

- Мен сениң сезимлериңди түсинип турыппан, - деди және бир адам. (Мен оның Қудайдың уллы хызметкери екенлигин таныдым. Оны барлық дәўирлердеги ең уллы масиҳый жетекшилериниң бири деп санар едим). - Елши Павел де өмириниң ақырында өзин мухаддеслердиң ең кишкенесимен деп айтқан. Ал өлмесинен сәл бурын өзин «Ең үлкен гүнакәр» деп атаған. Егер де ол буны жер бетиндеги өмири ўақтында түсинип жетпегенинде, онда ол да аспандағы мухаддеслердиң ең кишкенеси болып қалыў итималы бар еди. Бирақ ол буны жер бетиндеги өмиринде-ақ түсинип жеткени ушын, ҳәзир ол Жаратқан Ийеге ең жақынлардың биреўи ҳәм мәңгиликте ең жоқарғы орынлардың биреўине ийе болады.

Бул адамды «Ақылсыз қызлардың» арасында көргенлигим, мени бәринен де бетер таң қалдырды.

- Сениң де жер бетиндеги өмиринде уйықлап қалған ақылсызлардың бири екениңизге мен исенбей турман. Сиз не ушын бул жердесиз?

- Себеби Қутқарыўшымыздың қүдиретли Хош Хабары бизлерге исенип тапсырылған ўақытта, адам баласының жибериўи мүмкин болған ең үлкен қәтелердиң биреўин мен ислеген едим. Елши Павел бәлентке қарай өз жолын өзин: «Уллы елшилер менен бир қатарда турыўға арзыйман», - деўи менен баслаған еди, ал өз жолының соңында өзин: «Гүнакәрлар

ишиндеги ең үлкенимен», - деп жәриялады. Мен де тап сондай қылдым, тек, керисинше! Басында мен өзимниң Қудай реҳим еткен «ең үлкен гүнакәр» екенимди түсиндим, ал ақырында болса, мен өзимди «ең уллы елшилердиң бири» деп санай басладым. Сениң менен сөйлескен алдыңғы танысыңдағыдай қәўип-қәтерди сезгеним ушын емес, ал аса кеткен менменлигим себебинен, мендей болып ойламаған ҳәр бир адамға ҳүжим жасай басладым. Мениң изиме ергенлерден өзиме уқсас биреўди шығарыў ушын, мен олардың жеке шақырығын, ҳәтте, жеке қәсийетлерин де тартып алған едим. Мениң қасыма жақынласқанлардың бир де биреўи өзлигин сақлап қала алмас еди. Ҳеш қайсысы мениң менен тартыса алмайтуғын еди, себеби мен ондай қылған адамның күл-талқанын шығарған болар едим. Мен басқаларды жерге урыўым арқалы уллыланып атырған шығарман деп ойлар едим. Мен өзимди ҳәр бир адам ушын Мухаддес Руўх шығарман деп ойлар едим. Сыртынан қарағанда, мениң хызметим жүдә келискен механизмдей болып, ишинде минсиз тәртип бардай ҳәм ҳәмме күшли бирликке ийедей болып көринетуғын еди. Бирақ бул түрме ишиндегидей тәртип еди. Мен Ийемиздиң балаларын алып, оларды Қудайға уқсас қылыўдың орнына, өзиме уқсас роботлар қылатуғын едим. Ақыр-соңында, мен ҳәтте Ийемизге хызмет етпедим, ал өз-өзим ушын жаратқан бутқа хызмет қылдым. Өз өмиримниң ақырында, мен ҳақыйқый Хош Хабардың душпанына айланған болсам керек, ҳеш болмағанда, тәжрийбеде. Бирақ мениң тәлимлерим менен илимий шығармаларым Мухаддес Китапқа толық сәйкес келетуғындай етип көринер еди.

- Егер сизиң Хош Хабардың душпанына айланғаныңыз рас болса, онда қалайынша сиз бул жердесиз? - деп сорадым мен.

- Қудайдың мийрими менен! Себеби мен қутқарылыўым ушын атанаққа исенетуғын едим. Бирақ басқа адамларды буннан тоқтатып, оларды Ийсаға әкелиўдиң орнына өзиме әкелдим.

Бизлер садық емес болып қалсақ та, Ийемиз садықлығында қала береди. Мениң қол астымдағылар Ийемизди таўып, Оны таный алыўы ушын, Ол Өз мийрими менен мени жерден ерте алып кетти.

Мени бул адам туўралы айтылғанның рас екени ҳаққындағы бир ойдың өзи-ақ аң-таң қылып таслады. Тарийх ол туўралы улыўма басқаша сүўретлейди.

Мениң ойларымды оқып, ол сөзин даўамлады:

- Қудайдағы тарийх китаплар расында да бизлердиң жердеги китапларымыздан улыўма парық қылады. Сен әлле-қашан бир нәрселерди көрип үлгердиң, бирақ олардың қаншелли бир-биринен парық қылатуғынан улыўма бийхабарсаң. Жердеги тарийхлар өтип кетеди, бирақ бул жерде сақланатуғын китаплар мәңгиге қалады. Егер сен оларда сен ҳаққында не жазылғанына қуўана алатуғындай өмир сүрсең, онда сен шубҳасыз бахытлысаң. Адамлар жүз берип атырған нәрселерге гүңгирт айнадан қарағандай етип қарайды. Сонлықтан олардың тарийхы барқулла гүңгирт болады, ал гейде пүткиллей натуўры болады. Ҳәтте масиҳыйлардың ишинде, жүдә аз адамларда ғана растан да руўхларды айырып билиў сыйы бар. Бул сый болмаса, өтмиште ҳәм ҳәзирги ўақытта нениң шын, нениң өтирик екенин айырып билиў мүмкин емес. Ҳәтте руўхларды айырып билиў сыйына ийе болып турып та, буны ислеў аңсат емес. Сен бул жерде болып, ҳақыйқатлыққа көзиң ашылмаса, онда сен басқаларды ески әдетлердиң (жақсы болсын, жаман болсын) тәсири астында ҳүким ете бересең. Әне, соның ушын, бизлерге жер бетинде ҳүким етпеўимиз ескертилген. Бизлер бул жерде болмағанымызша, адамлардың жүрегинде не бар екенлигин, олардың жақсы ис ямаса жаман ис ислеп атырғанлығын биле алмаймыз. Ҳәтте, ең жаман адамлар жақсы нийетлер менен, ал ең жақсы адамлар ең жаўыз нийетлер менен ҳәрекет етиўи мүмкин. Ал ең жақсы адамлар ең жаўыз нийетлер менен ҳәрекет

етиўи мүмкин. Тек бул жерде ғана адамды ҳәм оның ис-ҳәрекетине қарап, ҳәм жүрегиндеги нийетине қарап, ҳүким етиўге болады.

- Жерге қайтып барғанымнан соң, бул жерде болғанлығымның арқасында, енди тарийхқа дурыс қарай аламан ба?

- Сениң бул жерге алынғаныңның себеби, сен Ийемизден: «Саған еле де жақсырақ хызмет ете алыўым ушын, мени қатал түрде ҳүким ет ҳәм аямай қәтелеримди дүзиўле», - деп жалбарынған едиң. Бул сениң ең дана өтинишлериңниң бири болды. Даналар ҳүким етилмеўи ушын, өзин-өзи ҳүким етеди. Оннан да даналаўлары Ийемизден өзлерин ҳүким етиўлерин сорайды, себеби олар өз-өзлерин ҳәтте дурыс ҳүким ете алмайтуғынлығын аңлап жетеди. Сен бул жерден кеткениңнен соң, руўхларды айырып билиў ушын, еле де көбирек даналыққа ҳәм қәбилетке ийе боласаң. Жер бетинде сен баркулла ҳәммесин гүңгирт айнадан көрип турғандай етип көресең, бирақ, ҳеш болмағанда, қандай да бир дәрежеде бул жерде басыңнан өткен нәрселер саған адамларды жақсырақ билиўге көмек береди, бирақ тек бул жерге биротала келгениңнен соң ғана, оларды толық биле алатуғын боласаң. Сен бул жерден кеткен ўақтыңда, адамларды жүдә жақсы билетуғыныңа емес, ал жүдә аз билетуғыныңа ҳайран қалсаң керек; адамзат тарийхы туўралы да сондай. Маған сениң менен сөйлесиўге рухсат етилди, себеби қандай да бир дәрежеде, мен жазған китапларым ҳәм шығармаларым арқалы сениң муғаллимиң болған едим. Мен туўралы билген ҳақыйқатлығың саған көп жәрдем береди, - деп уллы реформатор өз сөзин тамамлады.

Кейин мениң қасыма мен танымайтуғын бир ҳаял жақынлады. Ол сондай сулыў болып, оннан сондай мийрим-шәпәәт шығып турар еди. Мениң демим тығылып қалды. Бирақ, оның сулыўлығы я сезимди оятыўшы, я қумарды оятыўшы

сулыўлық емес еди. Ал оның сулыўлығы – ылайықлылық пенен кең пейилликтиң тымсалы еди.

- Жер бетиндеги өмиримде мен оның ҳаялы болған едим, - деди ол. - Сениң ол туўралы билетуғын нәрселериңниң көпшилик бөлегин, оған басқа емес, ал мен берген едим. Сонлықтан мен *ол* туўралы емес, ал *бизлер* туўралы айтпақшыман. Сен өз жаныңды өзгертпей турып-ақ, жәмәәтти өзгерте алыўың мүмкин. Сен тарийх бағытын өзгерте отырып, бирақ Әкениң еркин орынламаўың ҳәм Улға алғысларды жолламаўың мүмкин. Сен адамзат тарийхына тәсир ете алыўға өзиңди бағышлаўың мүмкин, бирақ сениң жетискенликлериң түтиндей болып жоғалып кетеди.

- Бирақ сизиң күйеўиңиздиң мийнетлери, я болмаса, сизиң мийнетлериңиз, қалған барлық әўладларға таң қаларлық тәсир етти-ғо. Онсыз дүнья қаншелли қараңғы болған болар еди, ҳәтте, буны көз алдыңа келтириў қыйын, - деп қарсылық билдирдим.

- Аўа, бул дурыс. Бирақ сен пүткил дүньяны қолға киргизип турып, өз жаныңнан айырылыўың да мүмкин. Сен тек Қудайдың мәңгилик ҳәм өзгермес мақсети тийкарында жасап, өз жаныңды таза сақласаң ғана, дүньяға шынында да тәсир ете алыўың мүмкин. Мениң күйеўим мен ушын жанынан айырылған еди. Кейин ол өз жанын қайтарып ала алыўы ушын, мен жерден алындым, тек соннан кейин ғана, өмириниң ақырында өз жанын қайтарып ала алды. Өз ислериниң көпшилик бөлегин, ол Ийемиз ушын емес, ал мениң ушын ислеген еди. Мен оған басымымды өткиздим, ҳәтте, оған билим де бердим. Соңында ол бул билимлердиң көпшилигин өз тәлимлеринде қолланды. Мен оны өзимниң «мен»имниң даўамы ретинде пайдаландым. Себеби сол ўақытлары ҳаял болғанлығым себепли, өзимди руўхый жетекши ретинде таныта алмас едим. Мен ол арқалы өзим жасай алыўым ушын, оның өмирин бийлеп алған едим. Тез арада ол бәрин тек

мениң көз алдымда жақсы болып көриниўи ушын ислей баслады.

Мен оның күйеўине қарап:

- Сиз оны қатты сүйген болыўыңыз керек? – деп сорадым.

- Яқ, мен оны улыўма сүймес едим. Ол да мени сүймес еди. Расын айтқанда, турмыс қурғанымыздан бир неше жыл өткен соң, бизлер ҳәтте бир-биримизди унатпас та едик. Бирақ бизлердиң екеўмиз де бир-биримизге мүтәж едик, сонлықтан бирге ислесиў жолын таптық. Бизлер сондай жол менен қанша табысқа ерискенимиз сайын, сонша бахытсыз болып барар едик ҳәм изимизге ергенлерди де сонша алдайтуғын едик. Өмиримиздиң ақырына келип, бизлер қатты кеўли түскен бийшара адамларға айланған едик. Сен өз күшиң менен қаншелли көп тәсирге ериссең, бул тәсирди услап тура алыў ушын, соншелли күшиңди жумсаўға туўра келеди ҳәм өмириң де соншелли қараңғы ҳәм зулым болып бара береди. Басшылар бизлерден қорқатуғын еди, бирақ бизлер ҳәммеден қорқатуғын едик: басшылардан баслап, қосшыларға дейин. Бизлер ҳеш кимге исене алмас едик, себеби өзлеримиз өтирик пенен өмир сүрер едик, сонлықтан, ҳәтте, бир-биримизге исене алмайтуғын едик. Бизлер сүйиспеншилик ҳәм исеним туўралы ўаз айттық. Себеби ҳәмме бизлерди сүйип, бизлерге исенгенин қәледик. Бирақ бизлердиң өзлеримиз адамлардан қорқып, ишимизден оларды жек көрер едик. Ең уллы ҳақыйқатлықты ўаз етип турып, бирақ ол бойынша жасамаў – бул ең уллы еки жүзли болыў демек.

Олардың сөзлери мениң мийиме тап шөккиш пенен урғандай болды. Мен өз өмиримниң де сол бағыт бойынша кетип баратырғанын ҳәм көп нәрселерди Масихты уллылаўдың орнына, өзимди уллылаў мақсетинде ислеп атырғанларымды

көрдим. Мен адамларға, әсиресе, мени сүймейтуғынларға ямаса қарсыласларыма, өзимниң ҳеш нәрсеге мүтәж емес екенлигимди көрсетиўге жүдә көп мәрте ҳәрекет еткенлигимди түсиндим. Жүдә көп мәрте, мениң ким екенлигим ҳәммеге түсиникли болыўы ушын, аса безетилип көрсетилген өз сүўретлеримди көрдим. Бирақ бул жерде мен жасырына алмадым. Бул жүдә көп сандағы гүўалардың барлығы мениң негизинде ким екенлигимди ҳәм аса безетилип көрсетилген нийетлеримниң ар жағында не жатырғанлығын күтә жақсы билетуғын еди.

Мен тағы бир рет бул жубайларға қарадым. Енди оларда сумлықтың нышаны да жоқ болып, олардан қол менен жасап болмайтуғын ҳақ нийетлилик көринип турар еди, олардың нийетлерине гүманланыў мүмкин емес еди. Олар маған жақсы болыўы ушын, өзлериниң ең жеркенишли гүналарын шын жүреги менен жасырмай айтып берди ҳәм маған жәрдем бере алғанына қатты қуўанды.

- Бәлким, сизлер туўралы оқыған тарийхый китапларымнан алған ҳәм сизлердиң мийнетлериңизден алған сизлер туўралы тәсирлерим натуўры болса керек. Бирақ енди сизлерди өз өмиримде бурынғыдан да бетер қәдирлеймен. Мен ҳәзир сизлерде бар бул пүтинлилик пенен азатлықты бул жерден өзим менен алып кете алыўымды Ийемнен соранаман. Мен өз-өзимди ашакөйлеп безеген сүўретлердиң артында жасырныўдан шаршадым. Мен бул азатлықты алыўды қаншелли қәлер едим, - дедим мен муңлы даўыс пенен.

Мен бул ушырасыўдағы ҳәр бир нәрсени ядлап қалыўды қатты қәледим. Сонда атақлы Реформатор соңғы нәсиятын берди:

- Өзиң ислейтуғын нәрселерге басқаларды үйретиўге урынба. Реформация – бул тек бир тәлиймат емес. Ҳақыйқый реформация тек Қутқарыўшы менен бириккен аўқамнан келип шығады. Масихтың саған берген жүгин сен көтерип жүрген

ўақтында, Ол сениң менен бирге болып, сениң орныңа оны Өзи көтерип жүреди. Сен Оның жумысын «Оның ушын» ислеген ўақтында емес, ал тек «Оның менен бириккен» ўақтында ғана ислей аласаң. Тек Руўх ғана руўхты туўа алады. Егер сениң мойнында Оның жүги болса, онда сен ҳеш нәрсени сиясат ямаса тарийх ушын ислемейсең. Сиясий қысым себебинен ямаса алдыңда пайда болған бир мүмкиншиликлер себебинен ислеген ҳәр бир нәрсең, сени ҳақыйқый хызметиңниң тек соңына ғана алып келеди. Тек тарийхқа тәсир етиў ушын ғана исленилген ислер, кем дегенде, ҳүкимге дуўшар болады ҳәм сен мәңгиликке ҳеш қандай тәсир тийгизе алмай қаласаң. Егер сен басқаларға жәриялап жүрген өз ўайызлығың бойынша өзиң жасамасаң, онда бул арқалы сен өзиңди Қудайдың бәленттеги шақырығынан айырасаң; бизлер сондай қылған едик. Мен саған өмир жолында нениң сени сақлап туратуғынлығын айтаман: **Қутқарыўшыны сүй ҳәм тек Оның уллыланыўын изле!** Сениң өз-өзиңди уллылаў ушын ислеген ҳәр бир нәрсең - бир күни сени ең төменги қорқынышлы аўҳалға түсиреди. Бирақ Қутқарыўшыға деген ҳақыйқый муҳаббатың себепли ҳәм Оның атын уллылағың келгени себепли ислеген ислериң, әне, сол Оның мәңгилик патшалығының шегараларын кеңейтеди ҳәм сени ең бәленттеги орынларға көтереди. Аспанда баҳаланатуғындай етип жаса! Жер бетинде сени қәйтип баҳалайтуғынына кеўлиңди аўдарма!

Олар кеткен ўақтында, мен өзимниң гүнам себепли қайтадан қатты қысынып басладым. Мениң ядыма бир ўақытлары адамларды өзимниң жеке мәпим ушын пайдаланған гезлерим, ҳәтте, Ийсаның уллы атын өзимниң жеке менменшилигимди қанаатландырыў ушын ямаса басқалардың алдында өзимди көтериў ушын пайдаланған гезлерим түсип кетти. Ийемиздиң күшин ҳәм даңқ-саўлатын көрип турған бул жерде (ал мен Оның атын өз мәплерим ушын пайдаланған едим) бул гүна соншелли жеркенишли болып көринди, мен өзимди

зордан услап турдым. Мен өмиримде ҳеш қашан болмаған сондай күшли өкиништен жерге ет-бетимнен қуладым. Бул ўақытлар маған мәңги даўам еткендей болып көринди, мениң көз алдымнан өтмиште болған ўақыялар менен адамлар өтти. Соннан кейин биреўдиң маған орнымнан турыўға жәрдемлесип атырғанын сездим. Бул жаңағы ҳаял еди. Мени оның пәклилиги таң қалдырды, әсиресе, сол ўақытта мен сезген мениң бузық ойларымның қасында! Оның бундай пәклиги ушын, оның алдында қатты тәжим етким келди.

- Улға бурыл, - деди ол айрықша түсиндирме менен. - Сениң маған ямаса басқа биреўге тәжим еткиң келгени бул ўақытта өзиңнен дыққатты басқа жаққа бурыўға ҳәм өзиңде жоқ ҳызмет пенен өзиңди ақлаўға исленилип атырған ҳәрекет ғана. Мен Кудайға бурылғаным ушын, ҳәзир пәкпен. Сен жаныңның бузылғанын көриўиң керек, бирақ кейин дыққатың өз-өзиңде қалып қоймасын ҳәм өзиңди өли ислер менен ақлаўға ҳәрекет қылма. Сен Оған бурылыўың керек.

Бул сөзлер сондай ҳақыйқый сүйиспеншилик пенен айтылған еди, бул сөзлерге қапа болып қалыў мүмкин емес еди. Мениң түсингенимди көрип, ол сөзин даўамлады.

- Сен көрген мендеги пәкликти, бизлер жас гезимизде, мениң күйеўим де көрген еди. Мен сол ўақытта өз нийетлеримде айтарлықтай пәк едим, бирақ мен оның маған тәжим етиўине тосқынлық жасамай, оның сүйиспеншилигин ҳәм өзимниң пәклигимди буздым. Сен ҳеш қашан өзиңнен пәклеў адамға тәжим етиўиң арқалы пәк бола алмайсаң. Сен буның артында не турғанын көриўиң керек ҳәм оларды тазалаған Тулғаны ҳәм жалғыз гүнасыз Шахсты өзиң ушын табыўың керек. Бизлерди адамлар қанша уллылаған сайын ҳәм бизлер олардың мақтаўларын қанша алғанымыз сайын, бизлер сонша өмир жолынан узақласып бардық. Бизлер әсте-әсте адамлардың мақтаўлары ушын жасап, өз бийлигимизди бизлерди

мақтамағанлардың үстинен пайдаландық. Бул – бизлердиң тамам болғанымыз еди, және де, ең бәлентте болыўға шақырылған бул жердеги жүдә көплердиң ең төменги текшеге түскениниң себеби еди.

Сөйлесиўимизди даўам еттириўди қәлеп, мен басыма келген биринши сораўды оған бердим:

- Сиз бенен күйеўиңизге бир жерде болыў қыйын ба?

- Улыўма қыйын емес. Сениң жер бетинде болған барлық қарым-қатнасларың бул жерде де даўам етеди, бирақ олардың барлығы ҳүким тәрепинен тазартылған. Сени қаншелли көп кеширсе, сен соншелли көп сүйесең. Әлбетте, Ийемиз бизлерди ҳәммеден бетер көп кеширди, сонлықтан бул жерде бизлер Оны ҳәммеден бетер көп сүйемиз. Бизлер бир-биримизди кеширгенимизден соң, бир-биримизди ҳақыйқый сүйиспеншилик пенен сүйип басладық. Енди бизлердиң қарым-қатнасларымыз бурынғыдан бир нешше есе терең ҳәм бай. Себеби бизлер Оның қутқарылыўының мийрасхорларымыз. Бизлер шыпа алған гезимизде, алдын бизлердиң жараларымыз қаншелли терең болған болса, соншелли тереңликке сүйиспеншилик те кирип барды. Бизлер буны жер бетинде басымыздан өткизиўимизге қарамастан, кеширимге өз ўақтында үйренген жоқ едик. Егер де бизлер кеширип үйренгенимизде ме еди, онда бизлердиң қарым-қатнасларымызға суғылып кирип, бизлерди өмирдиң шетине ылақтырып кеткен *жасырыўшылық,* бизлерге буншелли терең тамырын жая алмаған болар еди. Егер сениң сүйиспеншилигиң шын болса, онда сен аңсат кешире аласаң. Саған кешириў қаншелли қыйын болса, сен ҳақыйқый сүйиспеншиликтен соншелли алыс боласаң. Кешириў өмир жолында қалыўдың ең әҳмийетли шәртлериниң бири. Сен ушын таңланған жол бар, егер сен кеширмесең, бул жолдан көп нәрсе сени қулатып түсириўи мүмкин.

Сол ўақытта мен, мени өз ҳүжданым менен дусластырып, гүнакарлығым себебинен қатты қыйналыўға мәжбүр еткен бул ҳаялдың, соның менен бир ўақытта, өмиримде ушыратқан ең жағымлы адам екенлигин аңладым. Бул романтикалық жағымлылық емес еди, бирақ қурыдан-қуры оның қасынан кетким келмеди. Мениң ойларымды оқып, ол кетпекши екенлигин анық көрсетип, бир адым кейин шегинди. Кетип баратырып ол былай деди:

- Таза сүйиспеншиликте айтылған таза ҳақыйқат барқулла жағымлы болады. Сен бул жерде сезген аўырыўды ядыңда сақлап қаласаң ҳәм бул саған қалған пүткил өмириңде жәрдем береди. Аўырыў бул жақсы, ол саған қай жерде машқала бар екенлигин көрсетеди. Қашан машқаланы таўып, оны шешиўди басламағаныңша, аўырыўды жабыўға ҳәрекет қылма. Қудайдың ҳақыйқаты көбинесе өзи менен аўырыў әкеледи, себеби ол бизлерде бар машқаланы ашып береди. Бирақ Оның ҳақыйқаты бизлерге барқулла азатлыққа ҳәм ҳақыйқый өмирге алып шығатуғын жолды көрсетеди. Буны түсинсең, онда саған өмир жолында қалыўға жәрдем бериў ушын келген сынақлар ўақтында қуўаныўды даўам етесең. Оның үстине, мениң саған жағымлы болып көринип турғанлығым бир ғайры-тәбийий нәрсе емес. Бул әўел баста еркек пенен ҳаял ортасына берилген жағымлылық болып, ол ҳақыйқый түсиникте барқулла пәк болады. Таза ҳақыйқатлық таза сүйиспеншилик пенен бириккен ўақтында, адамлар жаратылған ўақтында қандай болған болса, сондай болады. Өз қәўипсизлигин сақлаў мақсетинде, олардың бир-биринен үстем болыўға ҳеш қандай зәрүрлиги қалмайды. Ҳаяллар қандай етип жаратылған болса, сондай болыўына болады. Себеби сүйиспеншилик олардағы қорқынышты қуўып шығарып, орнын басады. Сүйиспеншилик ҳеш қашан манипуляция жасамайды ҳәм өз қәўипсизлигин сақлаў ушын, басқалардың үстинен өз бийлигин жүргизиўге урынбайды. Себеби сүйиспеншилик қәлеген қорқынышты қуўып шығара

алады. Қарым-қатнаслардың ең бузылған жери бул қарым-қатнаслардың ең минсиз жерине айланыўы мүмкин. Сениң ақыл-ойың Ҳақыйқатлық Руўхы менен жаңарған ўақтында, сен адамлардан өзиңе бир нәрсе *алыў* ушын емес, ал ***бериў*** ушын қарым-қатнас қурып баслайсаң. Бериў – бул түсинип жетиў мүмкин болған ең минсиз ис-ҳәрекет. Бериўде аспанның дәми бар. Ол жерде бизлер таза табыныўда Ийемизге өзлеримизди беремиз ҳәм сүўретлеў мүмкин болмаған қуўанышқа бөленемиз. Жер бетиндеги ең әжайып қатнаслардың өзи бул көзди ашып жумғанша өтип кететуғын тәсирлерден басқа ҳеш нәрсе емес. Бул жерде, аспанда, табыныў ўақтында бизлердиң сезетуғын нәрсемизди, сениң даңқтан айрылған ҳәлсиз денең көтере алмайды. Қудайға ҳақыйқый табыныў – **ҳақыйқый қарым-қатнаслардың** уллыланыўы ушын адам жанын тазалайды. Сонлықтан сен қарым-қатнасларды емес, **таза табыныўды** излеўиң керек. Тек сонда ғана, қатнас қандай болыў керек болған болса, сондай бола алады. Ҳақыйқый Сүйиспеншилик ҳеш қашан өзиникин излемейди, ал керисинше, ең төмен ҳәм көзге көринбейтуғын хызметлерди излейди. Егер де мениң күйеўим ҳәм мен буны өз некемизде сақлағанымызда еди, онда бизлер ҳәзир Патшаның қасында отырған болар едик, ал бул үлкен зал болса, буннан да көп сандағы адамларға толған болар еди.

Усы сөзлер менен ол даңқ-саўлатқа бөленген мухаддеслердиң қатарына кирип ғайып болды.

# 5 - БӨЛИМ

## Жаратқан Ийе орнынан турды

Мен қайтадан тахт тәрепке қарадым ҳәм ол жерде мениң көрген даңқ-саўлатым соншелли әжайып еди, ҳәтте, мениң демим тығылып қалды. Сонда маған онша алыс емес жерде турған бир адам былай деп түсиндире баслады:

- Ҳәр жаңа ушырасыўдан кейин сениң көзлериңнен әсте перде алынады ҳәм сен еле де анығырақ көре баслайсаң. Сен Оның даңқ-саўлатын перделер арқалы көргениңде, өзгермейсең, ал Оның даңқ-саўлатын ҳәм уллылығын пердесиз жүз бенен көрген ўақтыңда, өзгересең. Қудайдың ҳақыйқый ҳүкимине келетуғын ҳәр бир адам усы жерлерден өтеди. Бул жерде ол ҳәр қыйлы адамларды ушыратады ҳәм олар оның көзлеринен Ийемиздиң ҳақыйқый түрин бузып турған перделерди алыўға жәрдемлеседи.

Мен жер бетинде жүдә көп жыллар даўамында үйренген ҳәм изертлеген нәрселеримнен көбирек нәрселерди бул жерде өзлестиргенимди сездим. Жер бетиндеги барлық изертлеўлерим мени алдыға тасбақа қәдеми менен жетелеген екен. Бирақ бул жерде дусласқан басқа адамлардың өмири мени ҳүкимге оғада тез таярлаған еди. Мениң өмирим, бул жерде ушыратқан адамларымның өмирлеринен де жаманырақ баҳаны көрсетип турған еди. Ал олар болса, бул жерге ҳеш нәрсесиз келген-ғо!

Сонда тағы бир адам олардың қатарынан шықты. Ол мениң заманласым болып, мен оның өлгенин еле билмейтуғын да едим. Мен оның менен өмиримде ҳеш ушырасып көрмеген едим, бирақ оның жүдә үлкен хызмети бар екенлигин еситкен едим. Мен оны жүдә ҳүрмет етер едим. Оның шәкиртлери арқалы нешше мыңлаған адамлар қутқарылып, жүдә көп үлкен

жәмәәтлер көлерилген еди. Ол: «Сени қушақласам бола ма?» - деп сорады ҳәм мен өзимди аз ғана қолайсызырақ сезип: «Болады», - деп жуўап бердим. Бизлер қушақласып көристик ҳәм мен оннан шығып турған оғада үлкен сүйиспеншиликти сездим. Мениң ишиме терең жайғасып алған аўырыў дәрҳал жоқ болып кетти. Мениң бул аўырыўға үйренип кеткеним соншелли, ол жоқ болып кетпегенше, оның барына итибар да бермеппен. Бизлер бир-биримиздиң қушағымыздан шыққан ўақтымызда, мен оған: «Сениң қушағың мени қандай да бир заттан шыпалады», - дедим. Ол бул сөзге адам айтып жеткере алмайтуғын қуўаныш пенен қуўанып кетти. Кейин ол маған өзиниң не ушын аспанның бул ең төменги рангына түскенлигин айтып берди.

- Өмиримниң ақырында мен өзимди сондай жоқары баҳалап жибердим, ҳәтте, Ийемиз мени қолланбай, қандай да бир үлкен затларды ислей алатуғынын көз алдыма келтире алмай қалдым. Мен Ийемиздиң майланған адамларының кеўлине тийип, Оның пайғамбарларына зыян тийгизе басладым. Мениң шәкиртлеримниң биреўинен Ийемиз пайдаланған ўақтында, мен қорқынышлы дәрежеде менменликке берилдим. Ал мениң хызметимнен тысқарыдағы адамлар арқалы Ийемиз ҳәрекет еткен ўақытлары, қорқынышлы дәрежеде қызғанатуғын едим. Оларға ҳүжим ете алыўым ушын, олардың кемшиликлерин шын берилип излер едим. Мен бундай қылыўым арқалы, өз-өзимди барған сайын аспандағы дәрежеден түсирип атырғанымды билмеген екенмен.

- Мен сениң бундай қылғаныңды ҳеш қашан көрмеген едим, - дедим мен ҳайран болып.

- Мен басқаларды аңлыўға ҳәм мениң бул иплас исиме жәрдемлесиўге қол астымдағыларды қызықтырған едим. Мен оларды басқа адамлардың өмириндеги қәтелер менен гүналарды тинтиклеп «таўыўға» ҳәм оларды «ашып бериўге»

ийтермеледим. Мен адам жер бетинде айланыўы мүмкин болған ең жаман мақлуққа айланған едим. Мен сүрниктиретуғын тасқа айланып, басқа сүрниктиретуғын тасларды ислеп шығаратуғын едим. Бизлер барлық жәмәәтлерге қорқыныш пенен бөлиниў ектик ҳәм булардың бәрин «Ҳақыйқатлықты қорғаў» ушын иследик. Өзимниң соқта ҳақлығым менен мен туўры өз өлимиме қарай бардым. Ийемиз Өзиниң уллы мийрими менен мениң кеселликке шатылыўыма жол қойды ҳәм бул кеселлик маған әсте-ақырын хорлықлы өлимди әкелди. Өлмесимнен сәл алдын мен гүнамды түсинип, тәўбе еттим. Мен улыўма бул жерде екенлигиме миннетдарман. Мен Оның мухаддеслериниң ең кишкенеси болсам да, бул мен ылайық болған нәрседен оғада жоқары турады. Мен жүдә жаман қатнаста болған адамларымның алдында кеширим сораў имканиятына ийе болмағанымша, бул залдан кете алмас едим.

- Бирақ сиз маған ҳеш қандай жаманлық ислеген жоқсыз-ғо? - дедим мен.

- Яқ, ислеген едим, - деп жуўап берди ол. Саған жасалған ҳүжимлердиң көпшилиги, мениң буған ийтермелеген адамларым тәрепинен болған еди. Мениң өзим басқаларға ҳүжим жасамағаным менен, бәри-бир Ийемиздиң алдында буған ийтермелеген адамларым ушын жуўап бериўиме туўра келеди.

- Түсинип турман. Әлбетте, мен сизди кеширемен.

Мениң ядыма менде сондай затларды, күшли дәрежеде болмаса да, ислеген ўақытларым түсе баслады. Ядыма бир жәмәәттиң кеўли қалған ағзаларына өзиниң бурынғы жәмәәтлери туўралы зәҳәрли өсекти жайыўына тосқынлық жасамағанлығым түсти. Мен оларды дүзетпей, буны ислеўин тоқтатпағанымның өзи оларды бул өсекти айтыўға ийтермелегеним екенин билдим. «Бул оның жәмәәтиниң қәтеси себепли болып атыр» деп, өз-өзимди ақлағанлығым еле ядымда. Кейин мениң ядыма, олардың айтқан нәрселериниң көпшилигин

өзим де тәкирарлап айтқанларым ҳәм «Олар ушын қәйтип дуўа етиў кереклигин билиў ушын» деп, өзимди ақлағанларым түсти. Тез арада мениң кеўлим усындай көп ўақыяларға толып кетти. Ҳәм мен қайтадан, өз жанымның ишинде қаншелли көп жаманлық пенен қараңғылықтың барлығынан қорқып кеттим.

- Мен де сүрниктиретуғын тас болған екенмен, - деп ыңырандым диземе қулап. – Мен өлимге ҳәм дозақтағы ең қорқынышлы жазаға ылайықлы екенлигимди аңлап жеттим. Мен ҳәзир өз жүрегимде көрген соншелли тас баўырлық пенен реҳимсизликти бурын ҳеш қашан аңлмаған едим.

- Бизлер Қудайдың балаларына ҳүжим жасап атырып, «Қудайға хызмет етип атырмыз» деп ойлап, барқулла өзлеримизди жубатамыз, - деди мени түсингендей болып жаңағы адам. – Сениң буны бул жерде түсингениң жақсы болды, себеби сениң қайтып барыўға мүмкиншилигиң бар. Илтимас, мениң шәкиртлеримди ескерт. Егер олар тәўбе етпесе, оларды кейин қайтарып болмайтуғын ҳәсирет күтип турыпты. Олардың көпшилиги бул жерде патша болыўға шақырылған, бирақ олар тәўбе етпесе, көплерди сүрниктирген тас ретинде ең қорқынышлы ҳүким менен ҳүким етиледи. Өмиримниң соңындағы мени масқара қылған кеселлик, негизинде, Қудайдың маған түскен мийрими болды. Мен Қудайдың тахтының алдында турған ўақтымда, мен Оннан бундай мийримди шәкиртлериме де жибериўди сорандым. Мен оларға қайтып бара алмайман, бирақ Қудай маған бул жерде сениң менен ушырасыў мүмкиншилигин берди. Илтимас, мени кешир ҳәм саған ҳүжим еткенлерди азат қыл. Олар расында да өзлериниң туўысқанларды айыплаўшы шайтанға хызмет етип атырғанлығын билмейди. Мени кеширгенлигиң ушын рахмет, бирақ оларды да кешириўиңди соранаман. Гүнаны ҳәрекетте қалдырыў ямаса оны сүйиспеншилик пенен жабыў – сениң бийлигиңде. Саған жалбарынаман, ҳәзир сениң душпанларың болып жүргенлерди сүй.

Мен бул адамды зорға еситe алдым, себеби өзим де өзимниң гүнамнан есимди жойтып алған едим. Бул адам даңқлы ҳәм таза денеде турар еди ҳәм онда жердеги адамларға берилмеген күш ҳәм бийлик бар екенлиги көринип турар еди. Бирақ, соған қарамастан, бурын мен өмиримде ушыратпаған, сондай үлкен кишипейиллик пенен ол меннен өтиниш етер еди. Мен оннан шығып турған сондай күшли сүйиспеншиликти сездим, оның өтинишинен бас тартыў мүмкин емес еди. Бирақ, ҳәтте, оның сүйиспеншилигиниң тәсирине де дыққат бөлмей, мен өзимди маған ҳүжим еткенлердиң ҳәммесинен де айыплырақ етип сездим.

- Әлбетте, мен олардың ислеген нәрселериниң бәрине ылайықлы едим, ҳәтте, оннан да бетер едим, - дедим бәлент даўыс пенен.

- Аўа, бул рас, бирақ бул жерде ол дыққат орайында турмайды, - деп сөзин даўамлады жаңағы адам. Жердеги ҳәр бир адам екинши өлимге ылайықлы, бирақ бизлердиң Қутқарыўшымыз бизлерге мийрим ҳәм ҳақыйқатлық әкелди. Егер бизлер Оның жумысын ислесек, онда бизлер толық ҳақыйқатлықта ҳәм мийримде ислеўимиз керек. Мийримсиз ҳақыйқатлық бул душпанның «Нур периштеси» кийиминде келген ўақтында, әкелетуғын нәрсеси.

- Егер де мен буннан қутыла алғанымда, онда бәлким, оларға жәрдем бере алған болар едим. Бирақ, мүмкин, мен олардан да жаманырақ шығарман?

- Мен сениң ядыңа түскен нәрселердиң барлығының жаман нәрселер екенлигин билемен, - деди ол мениң жүрегиме терең тәсир еткен сүйиспеншилик ҳәм мийрим менен. Енди оны мениң ҳалатым, тап оның шәкиртлериниң ҳалаты сыяқлы, ойландырып қойғанын билдим.

- Бул расында да аспан, - дедим мен бәлент даўыс пенен. - Бул расында да нур ҳәм ҳақыйқатлық. Бизлер қалайынша сондай қараңғылықта жасап атырып, «Қудай туўралы көп нәрсени билемиз» деп, сондай менменсиреп айта аламыз? Қудайым! - деп тахт тәрепке қарай бақырдым. - Илтимас, бул нур менен ҳақыйқатлықты қайтарып жер бетине алып барыўыма маған жәрдем бер!

Сол заматта аспанның барлық жаўынгерлери маған көзлерин тикти. Мен дыққат орайында қалғанымды көрдим. Мен өзимди, ҳәтте, уллыланған бул мухаддеслердиң ең кишкенесиниң алдында да ҳеш нәрседей етип сездим. Бирақ олардың ҳәммесиниң маған қарап турғанлығын көрген ўақтымда, үлкен толқын келгендей, мени бир қорқыныш орап алды. Мен ҳәзир мениң менен бир жүдә жаман нәрсе болады деп қорқынышқа түстим. Мен өзимди бул жерди толтырып турған даңқ-саўлат пенен ҳақыйқатлықтың ең үлкен душпанындай етип сезе басладым. Мен оғада бузылған адам едим ҳәм ҳеш қашан адамларға бул жердеги даңқ-саўлат пенен ҳақыйқатлықты көрсете алмас едим. Бул орынның шынлығын ҳәм Қудайдың ҳүзирин өзимниң бундай гүнакарлығым менен адамларға алып бара алыўыма ҳеш қандай мүмкиншилик жоқ еди. Маған ҳәтте шайтан да буншелли дәрежеде мийримнен алыслатылмағандай болып көринди. «Бул дозақ», - деп ойладым мен. Мендей жарамсыз болып турып, бундай даңқ-саўлат барлығын билиў – қатты азаплы еди, ал бул жерди көрип болып, оннан қуўылыў – ең қорқынышлы азап еди. «Жинлердиң соншелли зулым ҳәм ақылсыз екенлиги соннан кейин екен-ғо» - деп ойладым мен.

Мени тап ҳәзир-ақ дозақтың терең түбине ылақтыражақтай болып түйилгенде, мен қатты: «ИЙСА» - деп бақырып жибердим. Дәрҳал, мени бир тынышлық орап алды. Мен алға даңқ-саўлаттың шығып турған Дерегине жүриўим тийис екенлигин билдим ҳәм буған ҳуқықым бар екенлигине ишимде қаяқтандур исеним пайда болды. Мен алға жүриўди

даўам еттим ҳәм бир уллы жазыўшыны көрмегенимше, тоқтамадым. Мен оны барлық дәўирлер ишиндеги ең уллы жазыўшылардың бири деп санайтуғын едим. Оның ҳақыйқатлыққа терең сиңисиўи мениң изертлеўлер ўақтымдағы ушыратқанларымның ишинде ең уллысындай болып көринген еди.

- Мен барқулла бул ушырасыўды сабырсызлық пенен күткен едим, - дедим мен бәлент даўыс пенен.

- Мен де күткен едим, - деп жуўап берди ол өтирик қосылмаған шынлық пенен.

- Мениң ойымша, мен сени таныйман ҳәм сениң шығармаларыңды оқығанымда, сен де мени қаяқтандур таныйтуғындайсыз, - дедим мен.

- Сен маған меҳрибансаң, - деп жуўап берди ол. – Бирақ мен саған жақсырақ хызмет ете алмағаным ушын, жүдә өкинишлимен. Мен шалағай адам едим ҳәм мениң мийнетлерим де тек үстиртин жазылған. Оларда Қудайдың ҳақыйқатлықларына қарағанда, дүньяның даналығы көплеў жазылған.

- Бул жерде бираз болғаным себепли, мен буның рас болыўы керек екенлигин билемен. Бирақ, соған қарамастан, мен сизиң мийнетлериңизди жер бетиндеги ең жақсыларының бири деп есаплайман, - дедим мен.

- Сен ҳақсаң, - деди атақлы жазыўшы. - Бул жүдә қайғылы. Бул жердеги ҳәр бир адам, ҳәтте, Патшаға жақын жерде отырғанлар да, егер илажы болғанында басқаша өмир сүрген болар еди. Бирақ, мениң ойымша, мениң қайтадан жасаған өмирим, олардың көпшилигине қарағанда, бурынғы өмиримнен көбирек парық қылған болар еди. Мени патшалар ҳүрмет ететуғын еди, бирақ мен патшалардың Патшасының шақырығына ылайықлы бола алмадым. Мен маған берилген

сыйларды ҳәм түсиниклерди Қудайға адамларды жақынлатыў ушын емес, ал өзиме ҳәм өзимниң даналығыма жақынлатыў ушын пайдаланған едим. Оннан қалса, мен Оны тек еситиўим бойынша таныйтуғын едим ҳәм басқаларды да соған шақырдым. Мен оларды өзиме ҳәм өзим уқсаған басқаларға ғәрезли қылып қойдым. Мен оларды өзим азғана билген Мухаддес Руўхқа қаратыўдың орнына, өзимниң ой-пикирлериме қараттым. Мен адамларға Ийсаны көрсетпедим, ал өзимди ҳәм мен қусап «Қудайды таныйман» дегенлерди көрсеттим. Мен Оны бул жерде көрген ўақтымда, өзимниң жазған шығармаларымды, Муўса алтын сыйырдың бутын күлге айландырғанындай етип, күлге айландырғым келди. Себеби мениң «ақылым» маған бут болып, ҳәммениң мениң менен бирге мениң «ақылыма» сыйынғанын қәлеген едим. Сениң мениң мийнетлериме берген жоқарғы баҳаң мени қуўантпайды. Егер де мен, басқаларды өз билимлерим менен таң қалдырыў мақсетинде «Ол ҳаққында билиўге» жумсаған ўақытларымның орнына, «Оны билиўге» ўақытларымды жумсағанымда, онда бул жерде төменде турғанлардың көбиси, олар ушын таярланған тахтларда ҳәзир отырған болар еди. Ал бул бөлмеде болса, басқа көп адамлар да болған болар еди.

- Бул жерде болғаным ушын, сизиң ислеген өз исиңизге берип атырған баҳаңыздың ҳақыйқат екенин түсинемен. Бирақ сиз өзиңизди қатты жерге урып атырған жоқсыз ба? Сизиң мийнетлериңиз мен ушын көп жыллар даўамында руўхый аўқат болып хызмет етти, тек мен ушын емес, ал басқа да көп адамлар ушын, - деп сорадым мен.

- Яқ, мен өзимди қатты жерге урып атырғаным жоқ. Мениң айтқанларымның ҳәммеси ҳақыйқат, себеби Қудайдың тахтының алдында турғанымда, бунның ҳақыйқат екенлиги тастыйқланды. Мен көп нәрсе иследим, бирақ бул жердеги басқа адамларға қарағанда, маған көбирек талантлар менен сыйлар берилген еди. Бирақ мен оларды руўхый менменлик пенен

өзимшиллигимниң астына көмдим. Адам-ата да адамзат әўладын ең даңқлы келешекке жетелеп киргизетуғын еди, бирақ өзиниң қулаўы арқалы миллиардлаған жанларды ең аўыр аўҳалға салып қойды. *Бийлик* пенен бирге **жуўапкершилик те** бериледи. Саған қанша көп бийлик берилсе, сенде сонша жақсылық ямаса жаманлық ислеўге көп мүмкиншилик пайда болады. Ийемиз бенен бирге ҳүкимдарлық қылатуғынлар ең терең жуўапкершиликти түсинип жеткенлер. Бир де бир адам тек өзи ушын жасай алмайды. Адамның бир қәтесиниң өзи ямаса оның кишкене жеңисиниң өзи, бизлердиң түсинип жеткенимизден де бетерирек үлкен күш пенен кейинги әўладқа эхо болып жетип барады. Сол көп мыңлаған адамларды туўры жолдан баслағанымда ма еди, олар көп миллионлаған адамларды бул жерге баслап келген болар едим. Бийликтиң ҳақыйқый мағанасын түсинген адам ҳеш қашан оны излемеген болар еди. Ал, тек ол Ийемиздиң берип атырған жүги екенлигин билген жағдайда ғана, оны қабыл етер еди. Ийемиз бийликти минсиз пайдаланатуғын жалғыз Тулға. Ҳеш қашан өзиңниң абыройлы (сөзи өтетуғын адам) болыўыңды излеме. Тек Ийемизди изле ҳәм тек Оның жүгин ғана қәле! Мениң тәсирим сениң жүрегиңе азық болмады, ал сениң билимиңе менменлик алып келди ғана.

- Мен де сондай қылып атырғанымды қалай билсем болады? - деп сорадым, себеби өзимниң шығармаларым туўралы ойлап баслаған едим.

- Өзиңди адамларға емес, ал Қудайға ылайықлы қылып көрсет, - деп жуўап берди де, өзиниң орнына барып турды. Көзден ғайып болмасынан алдын, ол маған бурылды ҳәм әсте күлимсиреп маған ең соңғы мәсләҳәтин берди:

- Маған уқсаўға ҳәрекет етпе.

Бул дәслепки ең төменги рангта мен көп ғана өтмиште ҳәм ҳәзирги дәўирде жасаған Қудайдың ер ҳәм ҳаял

хызметшилерин көрдим. Мен тоқтап, олардың көпшилиги менен сөйлестим. Мени барқулла таң қалдырған шынлық мынаў болды: ең бәлентте болыўы керек болғанлардың көпшилиги Аспан Патшалығының ең соңғы қатарларында еди. Көпшилиги соған уқсас ўақыяларды айтып берди. Олар өзлериниң уллы жеңислеринен кейин менменликтиң өлтириўши гүнасына қулаған, я болмаса, басқа адамлар да олар сыяқлы майланған ўақтында, қызғаншақлық гүнасына қулаған. Биреўлерин өмириниң соңына келип, нәпси, қапашылық ямаса қайғы сезимлери жеңип, олар мәңгилик азапқа кетпеўи ушын, оларды ертерек дүньядан алып кетиўи керек болған. Бул адамлардың барлығы маған бир нәрсени ескертти. Саған берилген руўхый бийлик қаншелли бәлент болса, сен соншелли күшлирек қулаўың мүмкин. Егер де сен сүйиспеншилик, кишпейиллик ҳәм әпиўайылықты қалдырсаң, сондай болады.

Ҳүким тахтына жүриўди даўамлап, мен патшалықтың жоқарылаў рангына көтерилгенлердиң қасларынан өте басладым. Мендегидей машқалалары бар адамлар менен қанша көп ушырасқан сайын, көзимнен сонша көп перделер алына берди. Кейин мен өмиринде жеңимпаз болғанлар менен ушырастым. Мен Ийемизге ҳәм бир-бирине өмириниң ақырына шекем садық хызмет қылған ерли-зайыплылар менен ушырастым. Олардың даңқ-саўлатын сүўретлеп жеткериў мүмкин емес еди, ал олардың жеңислери болса, мени жигерлендирди ҳәм өмир жолында садық қалыўға болатуғынынан гүўалық берди. Сүрниккенлер ҳәр түрли қылып сүрниккен еди. Ал, жеңиске ерискенлер болса, бир жол менен жеңиске ерискен: **олар Жаратқан Ийени ақырына шекем сүйип, биринши ҳәм ең уллы буйрықты орынлаған**. Жүрегиңдеги усы муҳаббат пенен олар Оған хызмет еткен, ал адамларға емес, ҳәтте, руўхый адамларға да емес. Олар Қозыға табынып, Ол қаяққа басласа да, Оның изине ергенлер еди.

Мен тахтқа апаратуғын жолдың еле ярымында жүр едим. Бул жердеги мен қасларынан өтип баратырған адамлардан шығып турған даңқ-саўлаттың қасында, дәслепки рангтағы сүўретлей алыў мүмкин болмаған даңқ-саўлат, енди сыртқы қараңғылықтай болып қалған еди. Ҳәтте, жер бетиндеги ең уллы сулыўлық та аспанда болыўға ылайықлы емес. Ал маған айтыўларынша, бул зал сүўретлеў мүмкин емес болған сфераның тек босағасы ғана еди.

Мениң тахтқа қарай жүрген жолым, мүмкин, бир нешше күнлер, айлар ямаса ҳәтте жыллар даўам еткен шығар. Ол жерде ўақытты өлшеў мүмкин емес еди. Мен әтирапымдағы ҳәмммениң маған жүдә үлкен ҳүрмет көрсеткенинен өзимди жүдә қолайсыз сезер едим. Буның себеби, мениң ким болғаным ямаса қандай да бир уллы нәрсе ислегеним емес. Ал, тек соңғы күнлердеги саўашқа қатнасатуғын жаўынгер болғаным ушын еди. Бул соңғы саўаштың ўақтында Қудайдың даңқ-саўлаты (уллылығы ҳәм салтанаты) сондай дәрежеде көринеди, оны пүткил мәңгиликтеги ҳәр бир ҳүкимет ҳәм ҳәкимият көреди. Бул саўашта атанақтың да даңқ-саўлаты ашылады, ал Қудайдың даналығы болса, айрықша түрде танылады. Бул соңғы саўашқа қатнасыў адамзат әўладына берилген **ең уллы ҳүрмет** болып есапланады.

Мен Масихтың ҳүким гүрсисиниң алдында пайда болғанымда, ең жоқарғы рангтағы адамлардың тахтларда отырғанлығын көрдим. Олардың тахтлары Ийемиздиң тахтының шетки бөлеклери еди. Ҳәтте, бул тахтлардың ең кишкенеси де, жердеги барлық тахтлардан нешше есе уллырақ еди. Бул адамлардың гей биреўлери жердеги қалалардың ҳәкимлери болып, олар тез арада өз орынларына барыўға таяр тур еди. Биреўлери аспан сферасы үстинен ҳәкимлер еди, ал басқалары физикалық жаратылыслар: жулдызлар системасы ҳәм галактикалар үстинен ҳәкимлер еди. Соған қарамастан, қалалар үстинен бийлик алған ҳәкимлердиң рангы, галактикалар үстинен

бийлик алғанларға қарағанда жоқарылаў екенлиги көзге көринип турды. Ҳәтте, кишкене нәрестениң баҳасы, жулдызлар галактикасынан да қымбатлырақ, себеби Мухаддес Руўх адамлардың ишинде жасайды ҳәм Ийемиз адамларды Өзиниң мәңгилик жасайтуғын мәканы қылып таңлап алды. Бул жердеги Ийемиздиң даңқ-саўлатының ҳүзиринде, пүткил жер шары кишкене бир түйир ылайдай болып қалды. Сонда да жерге шексиз ҳүрмет пенен қарым-қатнаста болып, оған пүткил аспан жаўынгерлериниң дыққаты қаратылған еди.

Мен тахттың алдында турған ўақтымда, өзимди бир түйир ылайдан да әҳимийетсизлеў етип сездим. Бирақ бул жердеги Мухаддес Руўхтың тәсири жүдә күшли еди. Мен тек Оның күшиниң жәрдеми менен орнымда тура алдым. Усы жерде мен Оның жубатыўшылық хызметин анық түсиндим. Мен Оны жолларымда анық көрмесем де, Ол барлық жолларымда мениң қасымда болып, мени туўры жолдан баслап келген еди.

Жаратқан Ийе мениң ойлағаныма қарағанда, ҳәм мүләйимлирек ҳәм қорқынышлырақ екен. Мен Онда, мен таўға өрмелеп баратырғанымда, маған яр болған Даналықты көрдим ҳәм жер бетиндеги көп ғана досларымның таныс жүзлерин көрдим. Мен Оған қарап турып, көп мәрте ҳәр түрли адамлар арқалы маған сөйлеген Тулғаны таныдым. Мен Оған қарап турып, Ол маған бир адамлар арқалы сөйлеген ўақтында, мен қулақ салмаған өз Ийемди көрдим. Мен Онда Арысланды ҳәм Қозыны, Шопанды ҳәм Күйеўди көрдим, бирақ ең ишинде мен Онда Судьяны көрдим.

Ҳәтте, әжайып қорқыныш туўдырып турған Ийемиздиң саўлатлы ҳүзиринде де, Жубатыўшы мениң жанымда болып, маған жүдә үлкен күш бағышлап турды. Сонлықтан, ҳәтте, бул жерде де мен өзимди жүдә қолайлы сезе басладым. Ийемиздиң де маған қолайсыз болғанын қәлемейтуғынлығы айқын сезилип турды. Ол тек мениң ҳақыйқатлыққа көзимниң ашылғанын

қәлеген еди. Адамзат тилинде Жаратқан Ийениң алдында турыўдың қаншелли қорқынышлы екенин, қаншелли рәҳәт екенлигин жеткизип бериў мүмкин емес. Мен тек бир нәрсени билер едим: Ол – әдалатлы ҳәм мен өз Судьяма сүйене аламан.

Бир ўақытта Ийемиз Өзиниң әтирапындағы тахтлар галереясына бир қарап шықты. Көп тахтлардың үстинде мухаддеслер отырған еди, бирақ көплери бос турған еди. Сонда Ийемиз былай деди:

**- Бул тахтлар барлық әўлатларда Маған садық хызмет еткен жеңимпазлар ушын арналған. Сен олардың биреўине отырыўға ылайықлысаң ба?**

Мениң ядыма бир рет достымның: «Пүткил барлықты билиўши Қудай саған сораў берген ўақытта, Ол бир затты билмегени ушын сорамайды? - деп айтқан сөзи келди. Мен тахтларға қарадым ҳәм олардың үстилеринде отырған көп ғана уллы исеним қаҳарманларын таныдым. Бирақ көпшилик тахтларда жер бетинде аты шықпаған адамлар да отырар еди. Олардың көбиси өмирлерин хабар-атарсыз жерлерде өткизген миссионерлер еди. Олар жер бетинде атын шығарыўға улыўма қызықпаған. Олар тек Ийемизге мақул болыўды ғана қәлеген. Мен ол жердеги гей биреўлериниң бай адамлар болғанлығын көрип, азмаз таң қалдым. Мен ол жерде, және де, өзлерине берилген сыйға садық болған бир қатар ҳүкимдарларды да көрдим. Бирақ бәринен де бетер, ол жерде өзлерин дуўа етиўге толық бағышлаған садық ҳаяллар менен аналар көплеў еди.

Ийемиздиң: «Бул тахтлардың биреўине отырыўға сен ылайықлысаң ба?» - деген сораўына, «Аўа» деп жуўап бериўге ҳеш қандай имканият жоқ еди. Әлбетте, мен бул жердегилер менен бир қатарда отырыўға ылайықлы емес едим. Дурыс, мениң өмиримде аспандағы ҳәм жердеги ең үлкен сыйлықты алыў ушын алға жуўырыўға имканиятым болды, бирақ мен оны қолдан жиберип қойған едим. Мен үмитсизликке түстим, бирақ

бәри-бир менде бир үмит бар еди, яғный, мениң өмиримниң көпшилик бөлеги сәтсиз болған болса да, еле жердеги өмирим таўсылмай атырып-ақ, бул жерде турыппан. Мен ылайықсыз екенлигимди тән алған ўақтымда, Ийемиз меннен:

**- Ал сен усы тахтлардың биреўинде отырыўды қәлейсең бе?** - деп сорады.

- Әлбетте! Пүткил жүрегим менен! - деп жуўап бердим.

Сонда Ийемиз бос турған тахтларды көрсетип, былай деди:

**- Бул тахтларды қәлеген әўладта ийелеўи мүмкин еди. Мениң атымды айтып шақырған хәр бир адамды Мен усы тахтларға шақырдым. Хәм бул шақырығым еле де өз күшинде. Соңғы саўаш басланыў алдында. Соңғылардың көпшилиги биріншилер болады. Бул орынлар еле саўаш таўсылмай атырып-ақ толады. Бул жерде отыратуғынларды, сен еки белгиси бойынша таныйсаң. Оларда әпиўайылық шапаны болады хәм олар Маған уқсас болады. Енди сенде әпиўайылық шапаны бар. Егер сен оны сақлай алсаң хәм саўаш ўақтында жоғалтып алмасаң, онда сен бул жерге қайтып келгениңде, сен де Маған уқсас боласаң. Сонда сен бул жерде отырыўға ылайықлы боласаң, себеби Мен сени ылайықлы қыламан. Маған барлық күш-қүдирет хәм пүткил бийлик берилген. Мениң бир Өзим олардан пайдалана аламан. Сен толық Менде болған ўақтыңда ғана, саған Мениң бийлигим бериледи хәм сен жеңимпаз боласаң. Ал хәзир артыңа бурылып, Мениң Үйимде жасаўшыларға қара.**

Мен артыма бурылып, келген тәрепиме қарадым. Жаратқан Ийениң тахтынан мен пүткил залды көре алар едим. Мениң көрген нәрсем жердеги даңқ-салтанат туўралы ойлардың

барлығынан артық еди. Миллионлаған адамлар ранг бойынша қатарларда турар еди. Ең кейинги қатардағы қәлеген адамның өзи, қәлеген армиядан күшлирек еди. Бул даңқ-салтанаттың пүткил көринисин нәзериме сыйдыра алыў мениң қолымнан келмеди. Сонлықтан адамларға толған бул оғада үлкен залдың тек кишкене бир бөлегин ғана көре алдым.

Кейин мен қайтадан Ийеме қарадым ҳәм Оның көзлериндеги жасты көрип, аң-таң болып қалдым. Ол тек Өзиниң көзинен басқа барлық көзлердеги жасты сүрткен екен. Оның көз жасы Оның жүзинен ағып, төмен Оның алақанына келип түсти. Сонда Ол бул көз жасын маған берди.

**- Бул – Мениң кесем. Сен оны Мениң менен бирге ишесең бе?**

Оннан бас тартыў мүмкин емес еди. Ийемиздиң нәзери менде еди. Мен Оның уллы сүйиспеншилигин сезе басладым. Мен қаншелли жеркенишли ҳәм аянышлы болыўыма қарамастан, Ол мени бәри бир жақсы көрер еди. Мен ылайықсыз едим, бирақ бәри-бир Ол мениң илажы болғанынша Өзине жақынырақ болғанымды қәледи. Кейин Жаратқан Ийе былай деди:

**- Мен бул адамлардың барлығын сондай муҳаббат пенен сүйемен, сен оны ҳәзир түсинип жете алмайсаң. Мен және де бул жерде болыўы керек, бирақ еле келмеген адамларды да сүйемен. Мен жойтылған бир қойды табыў ушын, 99 қойды таслап кеттим. Мениң шопанларым болса, елеге шекем жойтылып жүрген 99 қойды табыў ушын, бир қойды да таслап кетпейди. Мен жойтылғанларды қутқарыў ушын келдим. Сен барып, жойтылғанларды табыў ушын, өз жүрегиңди Меникиндей қыласаң ба? Бул залды толтырыўға сен Маған көмек бересең бе? Бул тахтларды ҳәм бул залдағы қалған орынларды**

**толтырыўға сен Маған жәрдемлесесең бе? Аспанға, Маған ҳәм Мениң Әкеме қуўаныш бағышлаў ушын, сен бул тапсырманы өз мойныңа аласаң ба? Бул суд Мениң Үйимдеги балалардың үстинен болады, бирақ Мениң Үйим еле толған жоқ. Мениң Үйим толмағанынша, соңғы саўаш таўсылмайды. Тек соннан соң ғана, жерди қутқаратуғын ҳәм жаманлықты Мениң жаратылысымнан алып таслайтуғын ўақыт келеди. Егер Мениң кесемнен ишсең, онда сен де Мендей болып, жойтылғанларды сүйетуғын боласаң.**

Кейин Ол кесени қолына алды. Кесе соншелли әпиўайы еди, оның бундай даңқ-саўлатлы залдың ишинде турғанының өзи ҳайран қаларлық еди. Ийемиз оның ишине Өзиниң көз-жасын қуйды. Кейин Ол маған кесесин созды. Мен буншелли ашшы нәрсени ҳеш қашан татып көрмеген едим. Мен не қылсам да, оның барлығын, ҳәтте, көпшилик бөлегин де ише алмайтуғынымды түсиндим, бирақ қолымнан келгенинше көп ишиўге толық бел байладым. Ийемиз сабырлылық пенен маған қарап турды. Мен ишип атырып, сондай күшли еңиреп басладым, тап көзлеримнен бир дәрья көз жас аққандай болды. Мен жойтылғанларды ойлап еңиреп жылар едим, бирақ оннан да бетер Ийемди ойлап еңиреп жылар едим.

Мен Оған үмитсизлик пенен қарадым, себеби бундай күшли аўырыўға шыдамым жетпей қалған еди. Кейин Оннан шығып турған тынышлық мени толтырып, алдын сезген сүйиспеншилик сезими менен араласа баслады. Мен бундай әжайып түрде өзимди ҳеш қашан сезбеген едим. Бул мәңгиликке қарай ағып турған тири суў еди. Сонда мен оның ишиме ағып турған бул суўдың от пенен алысып атырғанлығын сездим. Егер мен ҳәзир Оның даңқ-саўлатының уллылығын жәриялаўды басламасам, онда бул от мени жандырып жоқ қылатуғындай болып көринди. Сонда мениң ишимде ўайызлық етиўге деген, Қудайға табыныўға деген ҳәм Ийса Масихтың Хош Хабары

ушын соңғы демим қалғанынша, Оған барлығын бериўге деген жүдә күшли қәлеў пайда болды. Мен өмиримде бундай күшли ояныўшты ҳеш қашан сезбеген едим.

- Жаратқан Ийе! - деп бақырдым мен қалған адамлардың барлығын умытып. - Мен енди бул ҳүким тахтының – **мийрим тахты** екенлигин де билдим. Сонлықтан Саған хызмет қылыўым ушын, маған өз мийримиңди бериўиңди сорайман. Қалған ҳәмме нәрселерден бетер мен Сеннен Сениң мийримиңди сорайман. Мен өз хызметимди ислей алыў ушын, Сеннен мийрим сорайман. Мен тап ҳәзиргидей болып, Сени барқулла сүйе алыўым ушын, Сеннен мийрим сорайман. Мениң өмиримди қатты бузатуғын эгоцентризмнен ҳәм надурыс ойлардан мени қутқара алыўың ушын, мен Сени барқулла ҳәзиргидей болып сүйейин. Мен Сеннен соранаман, мени өз-өзимнен қутқар ҳәм жүрегимде жайласқан жаманлықтан қутқар. Ҳәзир мен сезип турған бул сүйиспеншилик барқулла мениң жүрегимде ағып турғай. Маған Өзиңниң жүрегиңди, Өзиңниң сүйиспеншилигиңди бер. Өтинемен, мениң гүналарымды әшкаралаўы ушын, маған Мухаддес Руўхтың мийримин бер. Өтинемен, Саған келетуғын адамларға Сениң не таярлап қойғаныңның барлығын гүўалық ете алыўым ушын, маған Мухаддес Руўхтың мийримин бер. Өтинемен, мен бул ҳүкимниң шынлығын ўайызлық ете алыўым ушын, Сениң мийримиң мениң үстимде болғай. Бул бос тахтларда отырыўға шақырылғанлардың ҳәммесине гүўалық етип, оларды өмир жолында сақлап тура алатуғын өмир сөзин айта алыўым ушын, Сеннен мийрим сорайман. Қудайым, жалбарынаман маған бул мийримиңди бере гөр.

Сол заматта Ийемиз орнынан турды. Дәрҳал, Оның менен бирге тахтта отырғанлардың барлығы турды. Ийемиздиң көзлеринде бурын мен ҳеш көрмеген күшли от пайда болды.

**- Сен Меннен мийрим сорадың. Бул өтиништи Мен барқулла қабыл етемен. Сен кейин қайтасаң ҳәм Мухаддес Руўх сениң қасыңда болады. Бул жерде сен Мениң мийримимди де, Мениң қаталлығымды да татып көрдиң. Егер сен өмир жолынан қуламаўды қәлесең, оны да, буны да ядыңда сақлаўың керек. Қудайдың ҳақыйқый муҳаббаты өз ишине Қудай ҳүкимин де қамтыйды. Сен Мениң мийримлилигимди де, Мениң қаталлығымды да билиўиң керек, болмаса, сен жалған жолдан кетесең. Сен оны да, буны да биле алыўың ушын, бул – саған бул жерде берилген мийрим. Сениң бул жерде өз туўысқанларың менен ушырасыўларың да – Мениң саған берген мийримим еди. Оларды ядыңда сақла!**

Кейин Ол Өзиниң қылышының ушын мениң жүрегиме қаратты, ал соң аўзыма, кейин қолларыма қаратты. Ҳәр қаратқанда, Оның қылышынан от шығып, мени аўыртып күйдирди.

- **Бул да – Мениң мийримим. Сен бул саат ушын таярланылған көп адамлардың биреўинен басқа ҳеш ким емессең. Бул жерде көрген ҳәр бир нәрсеңди айт ҳәм жаз. Мениң айтқан сөзлеримди Мениң туўысқанларыма жеткиз. Барып, Мениң капитанларымды соңғы саўашқа шақыр. Барып, жарлылар менен езилгенлерди, жетимлер менен жесирлерди қорға. Бул Мениң капитанларыма тапсырма. Олар бул тапсырманы орынлайтуғынлар. Тек сол арқалы сен оларды табасаң. Мениң балаларым Мен ушын аспандағы жулдызлардан да қымбатлырақ. Мениң қозыларымды аўқатландыр. Мениң кишкене туўысқанларыма ғамқорлық қыл. Олар жасай алыўы ушын, оларға Қудайдың Сөзин бер. Саўашқа бар. Бар ҳәм кейин шегинбе. Тезирек бар,**

**себеби Мен тез арада келемен. Маған қулақ сал ҳәм Мениң келетуғын күнимди жақынлат!**

Мени артыма шығарып салыўы ушын, жаныма периштелер келди. Мениң қасымда үлкен бир периште жүрди. Ол маған былай деди:

- Жаратқан Ийе орнынан турды. Енди соңғы саўаш тамам болмағанынша, Ол орнына отырмайды. Оның душпанлары Оның аяғына қулатылыўы ушын, Ол отырған еди. Ҳәзир ўақыт болды. Жаратқан Ийениң атанаққа қағылған күнинен баслап таяр турған периштелердиң легионлары жер бетине жиберилди. Дозақ күшлери де жиберилди. Пүткил жаратылыс күткен ўақыт келди. Қудайдың уллы сыры тез арада ақырына жетеди. Бүгиннен баслап, қашан заманның ақыры болмағанынша, бизлер урыста боламыз. Бизлер сениң менен ҳәм сениң туўысқанларың менен биргеликте гүресемиз.

Сол ўақытта мен ояның кеттим.